**WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

**QARAQALPAQ FILOLOGIYASI’ FAKULTETI**

**QARAQALPAQ TIL BILIMI KAFEDRASI’**

***Qaraqalpaq filologiyasi’ qa’nigeliginin’ bakalavr ta’lim bag’dari’ni’n’ pitkeriwshisi Akmanova Ranoni’n’***

# *PITKERIW QA’NIGELIK JUMI’SI’*

## Temasi’: Qaraqalpaq tilindegi etnografiyali’q leksika

**Ilimiy basshi’: f.i.k. U.Da’wletova** ____________________________

**No’kis - 2012**

**Jaqlawg'a ruxsat berildi:**

Qaraqalpaq filologiyasi' fakulteti

dekani': doc. Q.Turdi'baev

Kafedra basli'g'i': prof. M.Qudaybergenov

Ilimiy basshi': f.i.k.U.Da'wletova

**Ma'mleketlik imtixan komissiyasi'ni'n' qarari':**

**Pitkeriwshi pitkeriw *Akmanova Ranoni'n'***

**qa'nigelik jumi'si'na "_____" bahasi' qoyi'lsi'n**

**"______________" 2012-ji'l.**

**MAK basli'g'i':**

__________________

**MAK ag'zalari':**

__________________

Mazmuni’

Kirisiw.....................................................................................................................4

a)Jumi’sti’n’ maqset ha’m wazi’ypalari’

a) Temani’n’ aktualli’g’i’

b) Temani’n’ izertleniw jag’dayi’

v) Temani’n’ a’meliy a’hmiyeti

**I BAP.** Qaraqalpaq tilindegi da’stu’rlerge baylani’sli’ enografizmler……………8

1.1.Har tu’rli da’stu’rlerge baylani’sli enografizmler …………………………...10

1.2.Toy atamalari’n an’lati’wshi’etnografizmler ................................................20

1.3.Toy tamashalari’na baylanisli’ payda bolg’an etnografizmler..........................24

1.4.Qa’de-qa’wmetlerge baylani’sli’ payda bolg’an etnografizmler.......................35

1.5.Miyman ku’tiwge baylani’sli’ da’stu’rlerdi an’lati’wshi’ etnografizmler........38

1.6.Wo’li jerlewge baylani’sli’ da’stu’rlerdi an’lati’wshi’ etnografizmler............41

**II BAP**. Qaraqalpaq tilinde tag’am atamalari’na baylani’sli’ etnografizmler…………………………………………………………………45

2.1. Da’nli o’simliklerden tayarlanatugi’n awqatlar............................................47

2.2. Go’shli awqatlar...........................................................................................50

2.3. Su’tli awqatlar...............................................................................................53

**III BAP**. Qaraqalpaq tilinde kiyim-kenshek atamalari’na baylani’sli’ etnografizmler…………………………………………………………………58

3.1.Bas kiyimlerdi bildiretugi’n atamalar...........................................................60

3.2.U’st kiyimlerdi an’lati’wshi’ etnografizimler..................................................65

3.3.Ayaq kiyimler atamalari’..............................................................................74

Juwmaq....................................................................................................76

Paydalani’lg’an a’debiyatlar.........................................................................80

## Kirisiw

Til iliminin’ u’lken tarawı’ bolg’an so’zlik quramnı’n’ izertlewdi talap yetetug’ı’n temaları’,u’yreniliwi tiyis mashqalaları’ ko’p. So’zlik quramnı’n’ ishindegi shı’g’ı’w to’rkini, turaqlı’lı’g’ı’ jagı’nan yen’ yeski qatlam yesaplanatug’ı’n etnografiyalı’q leksika h’a’r ta’repleme izertlewge turarlı’q aktual temalardı’n’ biri.

Wo’z tilinin’ yen’ bay,yen’ qı’mbatlı’ g’a’ziynesi bolg’an so’zlik quramı’na qansha teren’irek u’n’ilgen sayı’n h’a’r bir xalı’q wo’zligin ja’ne de teren’irek, ayqı’nı’raq tanıydı. Sebebi, so’zlik quramda filologiya ilimlerinin’ doktorı’, professor E.Berdimuratov atap wo’tkenindey: »Qaraqalpaq xalqı’nı’n’ pu’tkil tariyxıy wo’miri, ku’n ko’risi, aqı’l –woyı, psixologiyası’, ruwxı’y du’nyası’, intellektuallı’q rawajlanı’w jag’dayları’, pu’tkil turmı’sı’ barlı’g’ı’ wo’z sa’wleleniwin tapqan». Sonli’qtan so’zlik quramdi’ izertlew til iliminin’ a’hmiyetli ma’selelerinin’ biri.

Qaraqalpaq tilinin’ so’zlik qurami’ boyi’nsha bir qansha jumi’slar islendi, wolardan Sh.Allaniyazova “Qaraqalpaq tilinin’ qol wo’ner leksikasi’”[1], Sh.Abdinazimov “Qi’ri’q qi’z da’stani’ni’n’ leksikasi’”[2], Q.Paxratdinov “Qaraqalpaq tilinde sharwashi’li’q leksikasi’”[3], U.Da’wletova “Qaraqalpaq tilinde gi a’skeriy leksika”[4], G.Aynazarova “Qaraqalpaq tilindegi ten’les yeki komponentli frazeologizmler”[5], J.Nurmaxova “Qaraqalpaq tilindegi socialli’q-ekonomikali’q terminler”[6], A.Ka’ribaeva “Qaraqalpaq tilindegi sport terminleri”[7], Z.Da’wletmuratova “Qaraqalpaq tilindegi tuwi’sqanli’q atamalari’”[8], G.Dosjanova “Qaraqalpaq tilinde u’y buyi’mlari’ atamalari’ni’n’ semantikali’q ha’m morfologiyali’q wo’zgeshelikleri”[9] jumi’slari’n atap wo’tiw wori’nli’.

---

[1] Алланиязова Ш., Қарақалпақ тилиниң қол өнер лексикасы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1997
[2] Әбдиназимов Ш,Қырық қыз дәстанының лексикасы, Нөкис, Қарқалпақстан,
[3] Пахратдинов Қ, Животноводческая лексика в каракалпакском языке, АКД. Нукус, 1992
[4] Дәўлетова У., Военная лексика в каракалпакского языка, АКД, Нукус, 1994
[5] Айназарова Г., Қарақалпақ тилиндеги теңлес еки компонентли фразеологизмлер, Нөкис,2005
[6] Нурмахова Ж, Қарақалпақ тилиндеги социаллық экономикалық терминлер, АКД, 1998
[7] Карибаева А, Спортивная лексика каракалпакского языка, Нукус, 1995
[8] Дәўлетмуратова З, Қороқолпоқ тилида қариндошлик атамалари, Нукус, 2010
[9] Досжанова Г, Қороқолпоқ тилида уй буйумлари атамаларининг семантик ва морфологик хусусиятлари, Нукус, 2011

**Bizin’ jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqse**ti: Qaraqalpaq xalqı’nı’n’ wo’mir tariyxı’nan, a’sirler dawamı’nda qa’liplesip kelgen milliy u’rp-a’det da’stu’rlerinen, basqa xalıqlar menen qarım qatnasınan derek beretug’ın etnografiyali’q leksikanı h’a’r ta’repleme izertlew, etnografizmlerdi ji’ynaw, belgili bir sistemag’a tu’siriw. Jumi’sti’n’ aldi’na qoyg’an maqsetine erisiw ushi’n to’mendegi **wazi’ypalar** belgilendi: qaraqalpaq tilindegi etnografizmlerdin’ tematikali’q toparlari’n ani’qlaw, ma’nilerin tu’sindiriw, qollani’li’windag’i’ wo’zgesheligin ashi’p beriw.

Etnolingvistikalı’q izertlewlerde xalı’qtı’n’ tariyxı’y basıp wo’tken jolları’nı’n’ izleri, yag’nı’y awı’zeki a’debiyatı’, du’nya tanı’wı’, u’rp-a’detleri, wonı’n’ basqa xalı’qlar menen qarı’m-qatnası’ ha’m t.b. sa’wlelenedi. Bir so’z benen aytqanda, etnolingvistika – ulı’wma ruwxı’y ma’deniyattı’n’ tiykarı’. Sonlı’qtan da wonı’ izertlew tek til bilimi ushı’n yemes, al ulı’wma ja’miyetlik ilimler ushı’n u’lken teoriyalı’q ha’m a’meliy a’hmiyetke iye .

Sebebi, h’a’r bir xalı’qtı’n’ intellektuallı’q ayı’rmashı’lı’g’ı’ wo’zinin’ tillik du’zilisinde jatatug’ı’nı’n yesapqa alsaq, ma’selenin’ ku’ta’ a’h’miyetli yekenligine ko’z jetkeremiz.

Etnografiyalı’q leksika tilde birden payda bolg’an yemes. Wol bir neshshe a’sirlerdin’ jemisi. Wo’ytkeni ko’p etnografiyalı’q so’zler tek qazaq, qaraqalpaq, wo’zbek, tu’rkmen h’a’m t.b. xalı’qları’na tiyisli emes, al basqa da tu’rkiy xalı’qları’na wortaq. Al wolardı’n’ geybirewleri xalı’qlardı’n’ wo’z aldı’na bo’linip shı’qqannan keyin turmı’s-tirshiligine, ku’n ko’risine, ka’sibine baylanı’slı’ payda bolı’p qa’liplesip, leksi-kalı’q quramı’n bayı’tqan.

Tu’rkiy xalı’qlar wo’z aldı’na bo’linip shı’qqannan keyin ku’n-ko’ris, turmı’s - tirshiligine baylanı’slı’ tillik wo’zgeshelikleri de wo’z aldı’na qa’liplese baslaydı. Mine, usı’lardı’n’ ishinde etnografizmler de ha’r xalı’qtı’n’ milliy wo’zgesheliklerin ko’rsetetug’i’n tillik belgi bolı’p qa’liplesedi.

Qaraqalpaqstan aymag’i’n ma’kanlawshı’ xalı’qlar ku’n-ko’risi, ka’sibi h’a’m sharwashı’lı’g’i’ jag’i’nan yeki toparg’a bo’linetug’i’nlı’g’i’ bayqa-ladı’.

Respublikanı’n’ arqa rayonları’nda paxtashı’lı’q ha’m salı’gershilik ka’sibi menen aynalı’ssa, won’ tu’slik rayonlar paxtashı’lı’q, pilleshilik ha’m baw-bag’sha tiykarg’i’ ka’sipleri bolı’p sanaladı’. Al mal sharwashı’lı’q ka’sibi yeki jag’i’na da wortaq (1,5). Sonday-aq, tu’slik rayonlarda jay salı’w ha’m bezew ka’sibi ayrı’qsha rawajlang’an. Bunı’n’ u’stine respublikada jasawshı’ xalı’qlar etnikalı’q quramı’ jag’i’nan da yekige bo’linip turatug’i’nı’ bayqaladı’. Tu’slik rayonlarda wo’zbekler, qazaqlar, tu’rkmenler h’a’m qaraqalpaqlar jasaydı’. Bulardı’n’ ishinde qaraqalpaqlar az sandı’ quraydı’. Arqa rayonlarda tiykarg’i’ etnikalı’q quram qaraqalpaqlar,

Qaraqalpaqstan aymag’i’ndag’i’ xalı’qlardı’n’ u’rp-a’det, salt-da’stu’ri jag’i’nan da yekige bo’lip qarawg’a tiykarg’i’ sebep, birinshi, wolardı’n’ shug’i’llanatug’i’n ka’siplerinin’ tu’ri bolsa, yekinshisi, xalı’qlardı’n’ etnikalı’q quramı’. Usı’layı’nsha sha’rtli tu’rde bo’lgen menen yekewine de wortaq salt-da’stu’rge baylanı’slı’ qubı’lı’slar barlı’g’i’n joqqa shı’g’arı’wg’a bolmaydı’. Respublikanı’n’ won’ tu’sligi menen sol tu’sligi arası’ndag’i’ qarı’m-qatnastı’n’ ku’shliligi, barı’s-kelistin’ jiyiligi wolardı’ biriktiriwdin’ birden-bir jolı’ bolı’p tabı’ladı’. Wonı’n’ u’stine, usı’ xalı’qlardı’n’ wo’tken da’wirlerden, yag’nı’y ata-babalardan kiyatı’rg’an da’stu’rlerdin’ dawamı’ da bu’gingi ku’ngi xalı’qlardı’n’ bası’n biriktiretug’i’nı’ so’zsiz. Yen’ jaqsı’ ma’deniyat penen da’stu’rler bir da’wirden yekinshi da’wirge wo’tip wotı’rg’an. Bizlerdin’
h’a’zirgi da’wirdegi salt-da’stu’rlerimizdin’ ko’bisi talay a’sirlerden kiyatı’rg’an du’nyalar.

Usı ko’z-qarastan alı’p qarag’anda, xalqı’mi’zdi’n’ salt-da’stu’rine qatnaslı’ leksikası’n izertlew tek til ilimi ushı’n yemes, basqa da ja’miyetlik ilimler ushı’n u’lken a’h’miyetke iye. ,

Ma’selenin’ shı’n ma’nisine kelsek, xali’qti’n’ turmı’s-saltı’na, u’rp-a’detine baylanı’slı’ leksikanı’ u’yreniw tek xalı’qlardı’n’ tariyxı’y wo’mirine baylanı’slı’ a’h’miyetli da’rekler beriw menen birge, wonı’n’ awı’zeki a’debiyatı’, psixologiyası’, pedagogikası’, tilinen de h’a’m t.b. qunlı’ mag’lı’wmat beretug’i’nlı’g’i’ tolı’q anı’qlanı’p wotı’r. Etno-lingvistika etnografiyanı’n’,

folkloristika, sotsiologiya t.b. ilim-lerdin’ jetiskenlikleri menen juwmaqları’na su’yenetug’i’n ha’m su’yenip g’ana qoymay wonı’ tolı’qtı’ratug’i’n da ilim.

Joqarı’da keltirilgen pikirlerdi mı’naday mı’sallar menen da’lillewge boladı’.

Qı’z uzatı’w, kelin tu’siriw, toy beriw t.b. barlı’q etnoslarg’a wortaq.

Qaraqalpaq tilindegi u’rp-a’det, salt-da’stu’rge baylani’sli’ joqarı’da keltirilgen mı’sallardan ko’rinip turg’ani’nday, xalı’qlardı’n’ wo’tkendegi tariyxı’na baylanı’slı’ qubı’lı’s. Son’g’ı’ jı’lları’ tilimizde payda bolg’an kelin tu’siriwge baylanı’slı’ aytı’latug’i’n "quwg’i’nshı’", " ta’p berdi", "pa’tek", "shaqı’rı’spa", "qonı’q beriw", "toyana", "kepkir ku’ydi" t.b. so’zler menen so’z dizbeklerinin’ etimologiyası’n ashı’w tu’rkiy tillerdin’ tariyxı’ ushı’n ku’ta’ qı’zı’qlı’ material. Bunday mı’sallar balalardı’n’ su’nnet toy, qolı’n hadallaw, musı’lman qı’lı’w da’stu’rlerine baylanı’slı’, wo’lini jerlew, as beriwge baylanı’slı’ ko’p ushı’rasadı’. Ha’zirgi ku’nnin’ wo’zinde geypara etno-leksemalardı’n’ ma’nileri umı’tı’lı’p, qollanı’lı’wdan qalı’p baratı’rg’anı’ sezilidi. Sonlı’qtan etnografizmlerdi izertlew, wolardı’n’ etimologiyalı’q ma’nilerin ashı’w bu’gingi ku’nde aktual ma’selelerdin’ biri bolı’p yesaplanadı’.

## I BAP. Qaraqalpaq tilindegi salt-da’stu’rlerge baylani’sli’ payda bolgan etnografizimler

Qaraqalpaq tilinin’ so’zlik quramı’nda xalı’qtı’n’ sanasi’na bekkem sin’ip qalg’an ha’m ha’mme wog’an a’mel qı’latug’i’n a’wladlardan-a’wladlarg’a wo’tip kiyatı’rg’an da’stu’rlerdi an’latı’wshı’ so’zler toparı’ ushı’rasadı’.

Ha’r bir jeke adam wo’zinin’ yesin bilgen waqtı’nan baslap tap qartayg’ang’a shekemgi wo’mirinde ha’r qı’ylı’ quwanı’shlı’ ha’m qayg’i’lı’ waqı’yalardı’ basi’nan keshiredi. Bul waqı’yalardı’n’ ha’mmesi tu’rlishe da’stu’rler, i’rı’mlar ha’m u’rp-a’detler menen belgilenip, ha’r bir jeke adamnı’n’ wo’mirinde belgili yadtan shı’qpas psixikalı’q emotsionallı’q iz qaldı’radı’.

Ha’r bir jeke adam belgili xalı’qtı’n’, millettin’ quramı’nda jasaydı’ ha’m wonı’n’ jeke turmı’sı’ndag’i’ quwanı’shlı’ yamasa qayg’i’lı’ waqı’yalar sol xalı’qtı’n’, millettin’ tariyxı’y jaqtan qa’liplesken u’rp-a’det ha’m da’stu’rlerinin’ ko’rinisi boladı’.[1]

Da’stu’rler xalı’q ma’deniyatı’nı’n’ ku’ta’ a’hmiyetli bo’legi bolı’p, wonda adamlardı’n’ ruwxı’y baylı’g’i’nı’n’ da’rejesi, basqalardan ayı’rmashı’lı’g’i’nı’n’ barlı’q belgileri ko’rinedi.

Tilimizde salt-da’stu’rlerdi an’latı’wshı’ so’zlerdin’ ayı’rı’mları’nı’n’ kelip shı’g’i’wı’ islam dini menen baylanı’slı’. Basqa dinlerdegidey-aq islam dininde de a’sirler boyı’na ra’smiy tu’s alg’an, musı’lmanlar ta’repinen a’melge asi’rı’lı’p kiyatı’rg’an da’stu’rler h’a’m wolar menen baylanı’slı’ bolg’an haytlar (bayramlar) ja’ne de u’rp-a’detler bar.

Arablar basi’p alg’an ma’mleketlerinde birinshi gezekte diniy da’stu’rlerdi yengizgen. İslam dini adamlardı’n’ woy-wo’risin, wo’z-ara qatnası’qları’nı’n’ ha’m a’dep-ikramlı’lı’q tu’siniklerinin’ belgilewshisi bola baslag’an.

Da’stu’r tu’sinigi pu’tkil a’meliy ha’reket, bekkem bir ta’rtipte ha’m belgili bir ra’smiy tu’rde berilgen waqıtta wo’tkeriliwi lazı’m bolg’an saltanattı’ bildiredi.

---

[1] Изимбетов Т. Дәстүрлер, үрп-әдетлер ҳәм турмыс. Нөкис, 1975, 6-бет.

Sonı’n’ menen birge, diniy da’stu’rler, u’rp-a’detler tariyxlar boyı’na ra’smiy tu’r alg’an, dinge iseniwshilerdin’ h’a’mmesinin’ diniy pikirleri ja’ne de turmı’stag’i’ da’stu’rleri menen baylanı’slı’ bolg’an saltanatlı’ ha’reketlerinin’ jı’yı’ndı’ları’ yekenligi de belgili. Usı’nı’n’ wo’zinen da’stu’rler, u’rp-a’detler ha’m yeski i’rı’mlar arası’nda belgili ayı’rmashı’lı’qlar bar, sonı’n’ ushı’n wolardı’ bir-biri menen aralastı’rı’p jibermew kerek, degen juwmaq kelip shı’g’adı’. Da’stu’r tu’sinigi ku’ta’ ko’p ma’niske iye bolı’p, wol barlı’q jag’dayda konkret qollanı’ladı’. Da’stu’r adamlardı’n’ wo’zin qorshag’an ta’biyg’i’y geografiyalı’q wortalı’qtag’i’ wo’zgesheliklerge qatnası’n, ja’miyetlik turmı’sqa, shan’araqqa, ku’ndelikli wo’mirge qatnası’n ko’rsetetug’i’n uzaq jı’llar dawamı’nda a’wladtan-a’wladqa wo’tip kiyatı’rg’an adamlardı’n’, xalı’qlardı’n’ sanası’na a’dettegishe za’ru’rlik retinde sin’isip ketken tu’siniklerdin’ ha’reket wo’lshemleri menen principlerinin’ jı’yı’ndı’sı’ bolı’p tabı’ladı’.

Da’stu’r tu’sinigi u’rp-a’det tu’sinigine qarag’anda ken’ ha’m bay mazmung’a iye. Da’stu’r ja’miyetlik turmı’stı’n’ barlı’q tarawları’n wo’z ishine aladı’ ha’m bir neshe u’rp-a’detlerdin’ jı’ynag’i’nda ko’rinedi. Ma’selen, u’yleniw toyı’n wo’tkeriw da’stu’ri barlı’q xalı’qlarda bar ha’m bul toydı’n’ yen’ quwanı’shlı’ waqı’ya yekenligi ha’mmege ma’lim. Biraq u’yleniw toyı’n wo’tkeriwde ha’r bir xalı’qtı’n’ wo’zine ta’n ku’ta’ ko’p tu’rli u’rp-a’detleri qollanı’ladı’. U’rp-a’detler ko’binese adamlardı’n’ jeke turmı’sı’ndag’i’ shan’araqtag’i’ quwanı’shlı’ yamasa qayg’i’lı’ waqı’yalarg’a baylanı’slı’ yen’ uzaq tariyxı’y da’wirlerden beri saqlanı’p, a’wladtan-a’wladqa wo’tip kiyatı’rg’an, salı’stı’rmalı’ tu’rde turaqlı’ ha’m mudamı’ qaytalanı’p turatug’I’n tu’siniklerdin’, ha’reketlerdin’, salt-sa’nelerdin’ u’rdislerdin’ ko’rinisi bolı’p tabı’ladı’. Al, i’rı’m bolsa ju’z berip atı’rg’an ko’plegen waqı’ya-ha’diyseler, g’ayrı’-ta’biyiy ku’shlerdin’ ko’rinisi ha’m belgisi dep tu’sinilетug’i’n isenim. Tu’rli dinlerdin’ ruwxaniyleri diniy isenimlerden basqa ha’mme na’rseni hesh qanday tiykarg’a iye bolmag’an h’a’diyse sı’patı’nda i’rı’m dep biledi. Tiykarı’nda bolsa g’ayrı’-ta’biyiy ku’shlerge isenimnin’ wo’zi i’rı’m bolı’p yesaplanadı’. Demek, da’stu’rler, u’rp-

a’detler h’a’m i’rı’mlar arası’nda ulı’wmalı’lı’q bar degen so’z. Wol da bolsa wolardı’n’ g’ayrı’-ta’biyg’i’y ku’shlerge iseniminde bolı’p yesaplanadı’.

Da’stu’rler, u’rp-a’detler, salt-sa’neler ja’miyettegi sotsiallı’q qatnaslardı’n’ tu’rlerin, ma’deniyatı’nı’nı’n’ da’rejesin ko’rsetiwi menen birge ta’rbiyanı’n’ da tiykarg’i’ quralları’n ko’rsetedi. Da’stu’rler haslı’nda a’wladtan-a’wladqa jetkeriletug’i’n ha’m tariyxı’y tiykarda qa’liplesetug’i’n u’rp-a’det, ulı’wmalı’q ta’rtip, a’dep-ikramlı’lı’q wo’lshemi bolı’p yesaplanadı’. Da’stu’rler menen u’rp-a’detler jergilikli jag’dayda, worı’ng’a, waqı’tqa qarap wonsha ko’p wo’zgerip turmaytug’i’n rejelerden kelip shı’g’adı’.

Biz tilimizdegi salt-da’stu’rlerge baylani’sli’ etnografizimlerdi to’mendegidey tematikalı’q toparlarg’a bo’lip qaraymı’z:

**1. Da’stu’rlerge baylanı’slı’ kelip shı’qqan atamalar.**

**2. Toy atamaları’.**

**3. Toy tamashaları’ atamalari’.**

**4. Toylarda alı’natug’i’n qa’de-qa’wmetler atamaları’.**

**5.Miyman ku’tiwge baylani’si’ payda bolg’an etnografizmler**

**6.Wo’lini jerlewge baylani’sli’ payda bolg’an etnografizmler**

### 1.1.Da’stu’rge baylanı’slı’ kelip shı’qqan atamalar.

So’zlik quramdag’ı salt-da’stu’rlerge baylanisli’ etnografizmlerdi ja’mlep, talqı’lap qarag’anı’mı’zda, wolardı’n’ tu’rkiy tillerinin’ ko’pshiligine wortaq atamalar yekenligin bayqadı’q. Sonlı’qtan biz da’stanlar tilindegi salt-da’stu’rge baylanı’slı’ atamalardı’n’ shı’g’i’s derekleri haqqı’nda so’z yetpekshi yemespiz. Tek da’stu’rlerge baylanı’slı’ do’regen atamalar haqqı’nda aytı’p wo’temiz ha’m da’stanlardan mı’sallar keltiremiz. **Qaraqalpaq tilinde** to’mendegidey da’stu’rge baylanı’slı’ atamalar ushı’rasadı’:

**1. Aqlay quda bolı’w.**

**Aqlay quda bolı'w** – tuwı'sqan tu'rkiy xalı'qlardı'n' ko'pshiliginde ushı'rasadı'. Bul yeski da'stu'rlerdin' biri. A'debiyatshı' alı'm İ.Sag'itovtı'n' pikirinshe, bul shı'g'i's xalı'qları'nı'n' ko'pshiligine ta'n da'stu'r. Bul hayallardı'n' ta'g'dirin, jaslardı'n' ta'g'dirin ata-babalardı'n' ha'miri menen, pa'tiyalası'wı' menen sı'rttan sheshedi. Yeki jas qı'z benen jigit yele du'nyag'a kelmesten burı'n-aq ata-babalar wolardı' bir-birine qosı'w tuwralı' sha'rtlesip, pa'tiyalası'p qoyadı'. Wolardı'n' bul sha'rti jaslar ushı'n nı'zam ku'shinde boladı'.[1]

Qaraqalpaq tilinin' tu'sindirme so'zliginde **aqlay** so'zine to'mendegidey anı'qlama berilgen: **Aqlay** - belgisiz waqı'tta, aldı'nan, ku'n burı'n, aldı'n ala, a'wel bastan degen tu'sinik bergen.[2]

Mı'salı':- Senin' ulı'n' bolsa, menin' qı'zı'm bolsa, yekewimiz quda bolayı'q, -dedi. Sol jerde qarg'i' tag'i'p, mal bayladı'. **Aqlay quda boladı'.(**Alpami's da'stani'nan.)

Qaraqalpaqlarda basqa shan'araqqa kelin bolı'p tu'skende kelinlerge ku'yewinin' ata-anası'nı'n', tuwı'sqanları'nı'n' atı'n aytı'wg'a ruxsat etilmeydi. Bul da'stu'r xalı'q sanası'na sonshelli sin'ip ketken, bul da'stu'rdi barlı'q kelinshekler moyı'nlaydı', itibarg'a aladı'. Biz tilimizde da bul da'stu'r tiykarı'nda payda bolg'an ko'plegen atamalardı' gezlestiremiz.

Mı'salı': «Qoblan» da'stanı'nda atası'nan Kerbiyeni ko'rimlikke sorap:

Qurtqa: Senlerdi **qa'ynim** demeymen,

**Biykesh** dep ko'zge ilmeymen,

Qa'teren'iz kespese,

Qı'pshaq yelge barmayman,-deydi. (Qoblan,186-bet).

«Alpamı's» da'stanı'nda Gu'lparshı'n kelgen jawshı'larg'a qarata:

U'lkenin'iz **qaynag'a,**

Kishkenen'iz mı'rzag'a,- dep ju'zlenedi.

[1] Сагитов И.Т. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы. Нөкис, 1986, 250-бет.

[2] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. I том, Нөкис, 1982,59-бет.

Belgili ilimpaz K.Ma’mbetov «Kelinshek h’a’mme waqıt basqa urı’wdan alı’nadı’. Sonı’n’ ushı’n da jan’a tu’sken kelinshek kelin atanı’p, wol ushı’n sol awı’ldı’n’ jas u’lkenlerinin’ ba’ri qaynag’a, h’ayallarının’ ba’ri abı’sı’n, jas kishileri qa’yin, qı’zları’ biykesh yesaplanadı’,»-dep atap wo’tedi . Solay yetip, kelinsheklerdin’ wo’z ku’yewinin’ tuwı’sqanları’n, urı’wlasları’nı’n’ atı’n basqasha atawı’ sebebinen tilimizde, da’stanlar tilinde de **ata, yene, qaynag’a, qa’yin, mı’rzag’a, biykesh, qa’yinbiyke, abı’sı’n** usag’an atamalar ko’plep ushı’rasadı’.

Qaraqalpaq tilinin’ so’zlik qurami’nda da’stu’rdi bildiretug’i’n **neke qı’yı’w, neke suwı’** atamaları’ jiyi ushı’rasadı’.

Mı’salı’: Womarxan patsha qazı’-ka’lanları’n jı’ydı’rı’p, Gu’layı’mnı’n’ **haq nekası’n** qı’ydı’rı’p, Shorag’a berip, patsha qı’zı’n uzatı’wg’a i’qtı’qat qı’ldı’. (Yer Shora, 120-bet).

Bul haqqı’nda folklorist Q.Ayı’mbetov to’mendegidey tu’sinik beredi: «Ku’yew qı’zdı’n’ u’yinin’ yesigin ashqannan son’, sol aqshamı’ **neke qı’yı’w** da’stu’ri de baslanadı’. Jigitler ku’yewdi, qı’z jen’gesi ku’yewdin’ qalı’n’lı’g’i’n jekke bir u’yge alı’p keldi, awı’l mollası’ bir tostag’annı’n’ yeki jerin jı’rı’q qı’lı’p kesip, tolar-tolmas yetip ishine suw quyı’p neke xatı’n oqı’dı’.»

Ta’rtip boyı’nsha **neke qı’yı’w** waqtı’nda sol awı’ldag’i’ jası’ u’lkennen yeki adam, jası’ kishiden yeki adam gu’wa bolı’wı’ kerek, wol adamlardı’n’ gu’wa bolı’wı’na ku’yew menen qı’zdı’n’ razı’lı’g’i’ kerek. Ku’yew bala razı’lı’qtı’ ha’ demey-aq berdi, al qı’z bolsa razı’lı’qtı’ bermey ko’p waqqa deyin bir de awı’z so’z aytpadı’. Birwaqlarda qı’zdı’n’ «yaqshı’» degen sesti qamsı’g’i’p jı’lag’an mun’lı’ dawı’sı’ menen aralası’p esitildi. Ha’mme «gu’wa yetti, razı’lı’q berdi, pa’lenshelerdi at yetti»-dep g’awı’rlası’p, quwanı’sı’p ketti. Yeki jigit moynı’na ala jip salı’p, qatarlası’p kelip:

«Gu’wa-gu’wa gu’wa durmı’z,

Gu’walı’qqa yaradurmı’z,

Bu’gin xalı’q ası’nda,

Tan’la haq qası’nda,

Haq gu’walı’q bere durmı’z»- degen qatarlarda dawı’sqa salı’p aytı’p, g’awı’rlası’p, qatarlası’p u’yden shı’g’i’p ketti. Molla tostag’annı’n’ bir ketiginen ku’yewge, bir ketiginen qı’zg’a bir urtlam g’ana suw ishkizdi, u’ydegi jigit-qı’zlarda suwdan na’wbet penen bir-bir urtladı’, tostag’andag’i’ suw biraz qı’z-kelinshekler menen jigitlerge jetpey qaldı’. Xalı’q tilindegi **«neke suwday»** dep aytı’lı’p ju’rgen so’zler usı’ a’detlerden qalsa kerek.[1]

Bul **neke qı’yı’w** da’stu’ri tuwı’sqan tu’rkiy xalı’qlardı’n’ ba’rinde de bar. Tu’sindirme so’zlikte bul atamanı’n’ ma’nisin to’mendegishe tu’sindiredi:

**Neke**-jan’a u’ylengen adamlardı’n’, yerli-zayı’plı’lardı’n’ arası’ndag’i’, yerli-zayı’plı’ bolg’anlı’g’i’n ra’smiy tu’rde zakonlastı’rı’w isi, sha’rtnama!

**Neke**-bası’n baylaw.

**Neke tu’siw**-hayal alı’wg’a yamasa birew menen birewdin’ qosı’lı’wı’na sha’riyat boyı’nsha neke qı’ydı’rı’wg’a bolatug’i’n adam.[a’]

Qaraqalpaqxalqi’nda ha’mme worı’nlaytug’i’n da’stu’rdi an’latatug’i’n **su’nnetlew** atamasi’n ushı’ratamı’z. Xalqı’mı’z arası’nda ha’zirge shekem qollanı’lı’p kiyatı’rg’an da’stu’rlerdin’ biri **su’nnetlew** da’stu’ri. Bul **su’nnet** termini tilimizge arab tilinen kirip «nı’zam», «an’i’z», «a’det» dep awdarı’ladı’. Tilimizge bunı’n’ an’i’z, yag’nı’y musı’lmanlar ushı’n ibrat yesaplang’an Muxammed payg’ambardı’n’ so’zleri, qı’lg’an is-ha’reketleri haqqı’ndag’i’ an’i’z, yag’nı’y «ha’disler jı’yı’ndı’sı’» ma’nisi kirip kelgen. **Su’nnetlew** yaki **«kesiw», «kestiriw»** xalqı’mı’z arası’nda yer balalardı’ 5 jası’nan 7 jas aralı’g’i’nda **su’nnetlew,** yag’nı’y **kesiw, kestiriw** ma’nisinde aktiv qollanı’ladı’.

**Su’nnetlew** da’stu’ri Worta Aziya yellerinde islam dini yengizilmesten burı’n bolmag’an. Son’ arablar bul jerlerdi bası’p alı’p ha’r qı’ylı’ jollar menen bul da’stu’rlerdi yengizgen. «**Su’nnet** yettirgenlerdi da’slepki waqı’tta salı’qlardan azat yetken» ha’m ha’r qı’ylı’ jen’illikler bergen.

---

[1] Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис, 1988, 126-бет.

İslam dini **su’nnetti** yer adamlardı’n’ musı’lmanshı’lı’g’i’nı’n’ tiykarg’i’ belgisinin’ biri, musı’lman artı’qmashı’lı’g’i’n ko’rsetetug’i’n belgi dep yesaplaydı’. Qaharmanlı’q da’stanlarda da bul da’stu’rge a’mel qı’lg’an.

Mı’salı’: Qoblan jeti jası’na kelgende payg’ambar **su’nnet** yettirip, jeti ku’n toy berdi. (Qoblan, 171-bet).

Qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliginde **su’nnet** so’zinin’ yeki tu’rli ma’nisi berilgen.

1. **Su’nnet** - minnet, qarı’z, parı’z, wazı’ypa. Perzenttin’ tayday gu’nası’ bolsa da, ata wo’temek su’nnet boladı’.

2. Yer balanı’n’ qolı’n hadallaw, kestiriw.

Juwmaqlap aytqanda, **su’nnet** payg’ambarı’mı’z Muxammed alayhissalamnı’n’ ha’miyshe islep ju’rgen qag’i’ydaları’ ha’m wonı’ worı’nlag’an adamlarg’a sawap bolı’wı’n aytqan isleri yesaplanadı’. Muxammed alayhissalamnı’n’ u’mmeti bolg’an ha’r bir kisige barlı’q **su’nnet** qag’i’ydaları’n worı’nlawg’a ha’reket za’ru’r.

**Jawshi’-**(sawshi’) jigit ta’repinen qi’z u’yinin’ riyzashi’li’g’i’n ali’w ushi’n wa’kil retinde baratug’i’n adam. Wol so’zge sheshen, ha’zilge ju’yrik adam boli’wi’ kerek. Qaraqalpaq tilinde bul atama **qi’z aytti’ri’w** dep te ataladi’. Mi’sali’: –Wonda birewler arqali’ anan’I’zg’a aytti’rayi’n ba ya menin’ menen qashasan’ ba? („Qaraqalpaq qi’zi’”, 41-bet)

–Qaydan bileyin keshe keshte Man’g’i’t yelati’nan bir bay jawshi’ kelip, meni aytti’ri’p ketti. („Qaraqalpaq qi’zi’”, 21-bet)

**Tu’s ko’riw. Tu’s jorı’w.**

Qaraqalpaq tilinde,a’sirese da’stanlarda biz **tu’s ko’riw, tu’s jorı’w** atamaları’n gezlestiremiz. Bug’an qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliginde mı’naday anı’qlama berilgen:

**Tu’s**-uyı’qlag’anda woyg’a tu’setug’ın qı’yal, yeles.

A’sirese, **tu’s jorı’w** ataması’n qaharmanlı’q da’stanlarda ko’plep ushı’ratamı’z.

Mı’salı’: Ha’r kimnin’ da’wleti tayar waqtı’nda **tu’s** ko’rmeklik burı’ng’i’dan qalı’p yedi. Jaman **tu’s** ko’rsen’, tu’sin’di dostın’a jorı’t, dushpang’a tu’s jorı’tpa, deytug’i’n yedi.

Qoblannı’n’ qı’rq jigitinin’ Dag’dar xoja degen Shamay ka’l degeni bar yedi. Bularg’a Qoblan ayttı’:-Men bir jaman **tu’s** ko’rdim, sizler jorı’y alası’z ba?- dedi. -A’jep bolar,-dep Dag’dar tu’sin jorı’maq penen boldı’. (Qoblan, 259-bet).

Qaharmanlı’q da’stanlarda da’stu’rlerge baylanı’slı’ ko’z aydı’n aytı’w ataması’n ushı’ratamı’z.

**Ko’z aydı’n**- quwanı’sh, qutlı’ bolsı’n aytı’w.

Mı’salı’: Kiyatı’rman yelsiz jaqtan,

Tilek tilep qa’dir haqtan,

Baysı’nnan kelgen palwanı’m,

Shubar kelipti bayraqtan,

**Ko’z aydı’n,** sultan, **ko’z aydı’n**,

**Ko’z aydı’n,** janı’m, ko’z aydı’n. (Alpamı’s, 136-bet).

Ha’zirgi ku’nde de bul atama ken’ qollanı’ladı’. Ko’pshilik jag’daylarda **qutlı’ bolsı’n** so’zinin’ sinonimi sı’patı’nda aytı’la beredi.

Bunday mı’sallardı’ da’stanlardan ko’plep keltiriw mu’mkin.

Da’stanlardı’n’ tilinde **jol bolsı’n soraw** ataması’n gezlestiremiz. Bul atamag’a qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliginde mı’naday tu’sinik berilgen.

**Jol bolsı’n soraw**- qay jaqqa baratı’rg’anın, kiyatı’rg’anın sorastı’rı’p biliw.

Mı’salı’: Azanda Qoblan A’ziyz miymanı’nan **jol bolsı’n** soradı’. Yamasa:

-Hawa jawsı’n aydı’n ko’ller sel bolsı’n,

Jı’ldan-jı’lg’a az da’wletin’ mol bolsı’n,

Atlanı’psan’, jigerbentim, perzentim,

Jalg’ı’z balam Qoblan, sag’an **jol bolsı’n**.

Xalqi’mi’zda u’yge, awi’lg’a, patshalıqqa basqa yelden miyman kelse da’rriw **jol bolsı’n** soralmag’an. Qonaqtı’n’ hu’rmetin jayı’na qoyı’p ku’tip, son’ **jol bolsı’n soralg’an**. Al, alı’sqa atlang’an adamdı’ ko’rip, wonnan da jol bolsı’n

soraw da’stu’r bolg’an. Usı’ sebepten tilimizde **«Jol bolsı’n soraw»** ataması’ payda bolg’an.

Qaraqalpaq qaharmanlı’q da’stanlari’nda da’stu’rge baylanı’slı’ **qan alı’w, qandar** atamaları’n ushı’ratamı’z. Bul so’zge qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliginde to’mendegidey tu’sinik beredi:

**Qandar**- bir adam basqa birew ta’repinen wo’ltirilgen bolsa, wo’lgen adamnı’n’ tuqı’mları’nan birew wo’ltirgen adamnı’n’ ta’repinen wo’sh alı’w, kek alı’w , qan alı’w.[1]

Mı’salı’: Anda, Go’rug’lı’ bek men shaytannı’n’ da’stine kirdim. Qudanı’n’ ta’g’diri bunday yeken, alla meni urdı’, yendi, wornı’na kelmes, bul du’nya, wol du’nya **qandarı’n’** men boldı’m dep, ju’z mı’n’ pushaymanlı’q penen bir g’a’zzel ayttı’. (Go’rug’lı’, 194-bet).

Bul atamanı’ Go’rug’lı’ ha’m Qoblan da’stanları’nda ko’birek ushı’ratamı’z.

Mı’salı’: Taymas begim bu’gin bolg’ı’l sa’rdarı’m,

Basla meni, **qandarı’mnı’n’** yeline. (Go’rug’lı’, 198-bet).

Anda Aysultan ayttı’: Go’rug’lı’ bek degen ag’amdı’ wo’ltirgen yeken. Go’rug’lı’ bekten ag’amnı’n’ **qanı’n almag’a** kiyatı’rman,»-dep bir so’z ayttı’. (199-bet).

Al qı’ssa Go’rug’lı’ bek Aysultannan bul so’zdi yesitip, bawı’rı’ yezilip, Aysultang’a qarap: ”Qandar Go’rug’lı’ men boldı’m. Wo’ltirip **qanı’n’dı’ al** ”, -dep qı’lı’shı’n shı’g’arı’p aldı’na bası’n qoydı’ ha’m Go’rug’lı’ zar-zar jı’lap, bir so’z ayttı’. (Go’rug’lı’, 202-bet).

Men ha’m ag’amnı’n’ **qanı’nı’ wo’ttim**, menin’ qı’yametlik ag’am bolg’ı’l ? -dep zar-zar jı’lay berdi.

**Qan alı’w** da’stu’ri qaraqalpaqlar arası’nda da ko’p waqı’tqa shekem saqlang’an. Biz tariyxı’y romanlarda bir urı’w urı’wlası’n wo’ltirgeni ushı’n yekinshi urı’wdan qan alg’anlı’g’ı’n ushı’ratamı’z. Mı’salı’:

---

[1] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том Нөкис,1988, 118-бет.

T.Qayı’pbergenovtı’n’ «Maman biy» a’psanası’nda perzenti Maman bir urı’wdı’n’ adamı’n’ wo’ltirgeni ushı’n Worazan batı’rdı’n’ wo’z janı’nan keshiwi ha’m t.b. A’sirese bul etnografizm da’stanlarda jiyi gezlesedi.

**Su’yinshi** so’zi. Tu’rkiy xalı’qlarında, sonı’n’ ishinde, qaraqalpaq xalqı’nda da quwanı’shlı’ waqı’ya ju’z bergende **su’yinshi** soraw da’stu’r bolı’p qalg’an. Ullı’ bolg’anda, urı’sta jen’iske yeriskende, perzenti yelge wolja menen qaytqanda **su’yinshi** soraladı’.

Mı’salı’: «Qoblan» da’stanı’nda Qı’dı’rbay ullı’ bolg’anda kelinleri:

**Su’yinshi** ber qaynag’a,

Qutlı’ bolsı’n perzentin’,- degende Qoblannı’n’ a’kesi :

Jan’a boldı’ aq u’yime jarası’q,

**Su’yinshi** soramaq sizge mina’sip,

Malı’ qursı’n, du’nya qursı’n neteyin,

Al malı’mdı’, qı’pshaq ba’rin talası’n,- dep juwap beredi. «Alpamı’s» da’stanı’nda Barshı’n qı’zdı’ izlep batı’r yel shetine barg’anda Qarajan qı’zdan **su’yinshi** soraydı’:

Ba’rekella Barshı’njan kelbetin’e,

Woramalı’n’ tutag’oy jel betin’e,

Su’yinshi ber yeglenbey, kelin balam,

Maldı’ bergen yar keldi yel shetine.

Solay etip, **su’yinshi** sorawda da’stu’r bolı’p xalı’q turmı’sı’na yengen.

Da’stanlarda biz **joqlaw** ataması’n ushı’ratamı’z. Bul usı’ atama menen atalatug’ı’n da’stu’r tiykarı’nda payda bolg’an so’z. Qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliginde:

**Joqlaw**-geypara xalı’qlardı’n’ wo’lgen adamdı’ qayg’ı’rı’p, qosı’q jı’r aytı’p jı’law salt da’stu’ri. Burı’nları’ marxumnı’n’ u’yine shaqı’rı’lı’p arnawlı’ tu’rde

**joqlaw** ayttı’rı’p qoyatug’ı’n adamlar bolg’an. Wolar joqlaw aytı’wshı’ dep atalg’an.[1]

Jaqı’n adamları’ wo’lgende **joqlaw aytı’w** qaraqalpaq xalqı’nı’n’ yeskiden kiyatı’rg’an da’stu’rlerinin’ biri. Salt-da’stu’rdin’ bunday tu’rleri tuwı’sqan qazaq, qı’rg’ı’z ha’m nog’ay xalı’qları’nda ko’birek ushı’rasadı’. Bunı’n’ atqarı’wshı’ları’ negizinen hayal-qı’zlar bolı’p, perzent wo’limi u’stinde ana, sin’lisi yaki inisi wo’limi u’stinde apası’, ku’yewi wo’limi u’stinde qostar qayg’ı’lı’ **joqlawlar** aytqan.

Perzent dag’ı’ jaman da’rt. Ha’tte adamlar: qamarı’ qozı’ tuwg’an sawlı’qtı’n’ bes qozı’ tuwg’ansha zordan shı’daytug’ı’nı’n, al, besinshi qozı’nı’n’ da soyı’lg’anı’n ko’rgen qoydı’n’ birden shı’r-pı’rı’ shı’g’ı’p wo’lip qalatug’ı’nı’ haqqı’nda aytadı’. Yeger qoydı’ soyı’p ko’rgende wo’kpe-ju’reginin’ qı’rı’q tesik bolı’p ketetug’ı’nı’ haqqı’nda bayanlaydı’.

Wo’lim ha’mme ushı’n qayg’ı’lı’ bolg’anı’ menen analar ushı’n u’lken mu’siybet. Hesh kimde ana sı’yaqlı’ wo’z perzentin su’ye almaydı’. Wol wo’z perzenti ushı’n wo’z ju’regin beriwge de tayar. Sonı’n’ ushı’n da wonı’n’ qazası’ u’stinde de shı’n ju’reginen shı’qqan so’zlerdi ayta aladı’.

**Joqlaw** jeke adamnı’n’ bası’na tu’sken u’lken mu’siybet. Wonı’ so’z benen de aytı’p jetkeriw qı’yı’n. Sonı’n’ ushı’n da wol keyingi waqı’tları’ poeziyag’a ko’shken.

Adam balası’ du’nyag’a kelgende quwanı’sh penen qayg’ı’ aralası’p ju’redi. Bul yeki ha’diyse de ha’r bir xalı’qtı’n’ bası’nda bar. Bunı’ ha’r bir xalı’q wo’zinshe bayanlaydı’. Qaraqalpaqlar az xalı’q bolı’p, qayg’ı’nı’ ko’p kergeni ushı’n da wonda qayg’ı’-ha’siret penen baylanı’sqan mun’-sher qosı’qları’ ko’p saqlang’an.

Mı’salı’: «Alpamı’s» da’stanı’nda qassaptı’n’ kempirin joqlawı’:

Kempirin **joqlap**,

---

[1] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги II том, 1984, 208-бет.

Qassap way-way saladı’,

Qanatı’mnan qayrı’ldı’m,

Doynag’i’mnan mayrı’ldı’m,

Toyı’n’ qurı’sı’n Ultan qul way-way !

**At qoyı’w.**

Xalqı’mı’zda a’zelden balag’a at qoyı’wg’a u’lken itibar berilgen. Da’stanlardag’i’ batı’rlardı’n’ tuwı’lg’an waqtı’nda ata-anaları’nı’n’ wolarg’a at qoyı’wg’a ayrı’qsha dı’qqat awdarg’anı’n ko’remiz.

Mı’salı’ «Qoblan» da’stanı’nda: Jı’ynalg’an alı’mlar. Wotı’rg’an g’arrı’lar, ullı’sı’-kishisi bolı’p barlı’q adamlar, balanı’ wortag’a a’kelip, ha’mme ma’sla’ha’t penen puxaralar, alı’mlar, g’arrı’lar balanı’n’ ren’in qarabaraq ko’rip, **«Qubı’l bolsı’n»** dep at qoydı’.

Belgili ilimpaz K.Ma’mbetov «Qaraqalpaqlardı’n’ etnografiyalı’q tariyxı» atlı’ miynetinde «Ata-ananı’n’ birinshi parı’zı’ balag’a **at qoyı’w**. At qoyı’wda a’ke-sheshenin’, tuwg’an-tuwı’sqanlardın’ ha’m sol yelge itibarlı’ adamlardı’n’ huqı’qı’ bar. Balag’a **at qoyı’w** negizinen sol at qoyg’an adamnı’n’ woy-wo’risi ha’m talg’amları’na baylanı’slı’»[1] dep atap wo’tken.

Solay yetip, **at qoyı’w** da da’stu’r atamaları’nı’n’ biri sı’patı’nda tilimizde ken’ qollanı’ladi’.

Biz da’stanlardı’n’ so’zlik quramı’nda **qı’yametlik ag’a, qı’yametlik ini, qı’yametlik qarı’ndas, qı’yametlik joldas** degen atamalardı’ ushı’ratamı’z. «Qoblan» da’stanı’nda Yer Sayı’m menen Qoblan:

Ashı’p ma’rtler ko’kiregin,

**Qı’yametlik dos** bolı’p,

Mı’naday woyg’a kelipti,-dep bayanlansa, Go’rug’lı’ da’stanı’nda Qaliyma u’yrenip bolı’p, Ba’zirgen musı’lman boldı’. Yekewi qı’yametlik ag’a-ini boldı’.

---

[1] Мәмбетов К. Қарақалпақлардың этнографиялық тарийхы. Нөкис, 1995, 216-бет.

Alqı’ssa annan son’ Aysultan ayttı’: «A’y, jigit menin’ ag’amnı’n’ ta’g’diri qı’sı’wma’t yeken, sen ma’rtlik yetip rası’n’dı’ ayttı’n’. Men ha’m ag’amnı’n’ qanı’nı’ wo’ttim, menin’ **qı’yametlik ag’am** bolg’i’l!«-dep zar-zar jı’lay berdi.

Solay yetip, Aysultan Go’rug’lı’g’a **qı’yametlik qarı’ndas** boladı’.

Qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliginde bul so’zge to’mendegishe anı’qlama berilgen: **Qı’yametlik** - yen’ jaqsı’ ko’retug’i’n qı’ymas adam, qı’mbatlı’ kisi.

Da’stanlar tilinde da’stu’r tiykarı’nda payda bolg’an **murı’ndı’q ata, murı’ndı’q yene, murı’ndı’q qı’z, murı’ndı’q bala** usag’an atamalardı’ ushı’ratamı’z.

Yer Shora da’stanı’nda: Sultanı’ Sanjar Mazıxan patshanı’n’ ulı’ da, qı’zı’ da joq yedi. Shoranı’ **murı’ndı’q bala** yetip, Gu’layı’mdı’ **murı’ndı’q qı’z** qı’lı’p aldı’. Yendi Shora patshag’a **qı’yametlik bala** bolı’p, kelinshegi Gu’layı’m xang’a qı’yametlik qı’z bolı’p, bir-birin shaqı’rı’sı’p, sarpay, yenshilerin alı’sı’p berisip, Sultanı’ Sanjar Mazı’xan patsha Shorag’a toqpaq jilik uslattı’. A’ne, **qı’yametlik balag’a** jilik uslatı’w usı’nnan qaldı’. (Yer Shora, 126-bet).

Qaraqalpaq tilindegi bu’gingi ku’nde de aktiv qollanı’latug’i’n **murı’ndı’q ata, murı’ndı’q yene, murı’ndı’q bala,murı’ndı’q qı’z** atamaları’ tuwı’sqan tu’rkiy xalı’qları’ndag’I’ **wa’kil ata, wa’kil yene,wa’kil ku’yew, wa’kil qız** degen so’zlerdin’ ma’nisine sa’ykes keledi.

E.N.Janpeysov bul haqqı’nda «kirg. okil ata-posajenıy otets», «okul ene», « posajenaya mat», «okul qız», «posajenaya doch», nog. okil aka posajenıy otets nevestı, kirg. o’ku’l ata, nog. okil aka sootvetstvuyut chuv. atalax, tat. atalık « posajenıy otets (na svadbe) » dep ko’rsetedi.

Bul atamalar bu’gingi ku’nde de ken’ qollanı’ladı’. Sebebi, bul da’stu’r xalı’q arası’nda ju’da’ ken’ tarqalg’an.

## 1.2.Toy atamaları’.

Qaraqalpaq tilinde toy atamaları’ ko’p ushı’rasadı’. Sebebi,so’zlik quramda insanni’n’ tuwı’lg’an waqtı’nan baslap wo’mirinin’ aqı’rı’na shekemgi wo’miri haqqı’nda magli’wmatlar ja’mlengen. Sonlı’qtan bir insannı’n’ wo’mirinde da’stu’r boyı’nsha arnawlı’ belgilep wo’tiletug’ın, yel-jurttı’ jı’ynap to’gin-shashı’n toy beretug’ı’n ma’writleri de tilimizde wo’z sa’wleleniwin tapqan. Mı’salı’: «Qoblan» da’stanı’nı’n’ bası’nda biz Qoblannı’n’ tuwı’lı’wı’, shashı’w toy beriw ko’rinisi menen tanı’samı’z. Mı’salı’: Ku’n mu’ddetine jetti, Bozkempirdin’ ayı’-ku’ni bir tolı’p, arshadan ag’ash ko’mdirip, ja’ne ju’wen kerdirip, tolg’aq tutı’p telmirip, Qı’dı’rbayday wol g’a’rip «ul shashı’wı’ bolsı’n» dep, mal soydı’rı’p, jaqı’n qurbı’, ag’ayin ha’mme hayalları’ jı’yı’lı’p, tolg’aqqa meyil boladı’. (Qoblan, 169-bet).

**Shashı’w toy**. Bug’an qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliginde mı’naday anı’qlama berilgen: **Shashı’w**- kelin tu’sirgende, balalı’ bolg’anda berileтug’ı’n mayso’k. (517-bet).

**Besik shabi’w** – bunda na’resteni besikke bo’lep, woni’n’ anasi’ ta’repten bir jen’gesi besiktin’ u’stine minip, kimnen qa’de ali’wi’ tiyis bolsa sog’an qarap besikti shabadi’. Mi’sali’, G. Nurlepesovani’n’ ,,Besik toy “ degen qosi’g’i’nda bul haqqi’nda bi’lay delinedi:

Ha’r jerde ha’r qi’yli’ u’rp-a’detler,
Besik toyg’a barmas bizde yerkekler
Qi’z atasi’: ,,bul bir xali’qli’q a’dep” der
Babamlardan qalg’an pa’rman besik toy.
Qi’zi’q bolar bala bo’legen waqta,
Bir jag’i’mli’ ha’yyi’w keler qulaqqqa,
Qi’z to’rkini ,,besik shawi’p” sol waqta,
Na’restenin’ joli’n ashqan besik toy. [1]

Na’reste tuwi’lg’annan keyin kindigin kesken adam ( kempir yaki kelinshek) **kindik sheshe** yesaplanadi’. Buri’n kindik sheshe de a’dewir hu’rmetlengen.

[1]Нурлепесова Г. , Ак сағымлар, Нөкис, Қарақалпақстан, 2011, 32-б

Wog'an qoy, i'laq, kiyim ina'm yetilgen. Sol balag'a baylani'sli' ji'yi'nlarda a'ke-sheshesinen keyingi wori'ndi' iyelegen. Bunnan keyin bala besikke bo'lenip, **shashi'w toy** berilgen. Besik ha'zir de bar. Biraq ayri'm jerlerde woni'n' worni'n kolyaska iyelegen.

Qaraqalpaqlardı'n' da'stu'rinde jan'a tuwı'lg'an balag'a besik ha'm a'tko'nshek sazlanadı'. Yerte da'wirdegi da'stu'r boyı'nsha jan'a tuwı'lg'an balag'a besikti ana (yag'nı'y kelinshektin' to'rkini) na'restenin' dayı' jurtı' alı'p keletug'i'n bolg'an. Ha'zirde sol da'stu'r tolı'q saqlang'an - dep aytı'p bolmaydı'. Na'reste tuwı'lg'annan keyin kindigin kesken adam (kempir yaki kelinshek) **kindik sheshe** esaplanadı'. Burı'n kindik shesheler de a'dewir hu'rmetlengen. Qoy, i'laq, kiyim inam yetilgen. Sol balag'a baylanı'slı' jı'yı'nlar da a'ke-sheshesinen keyin u'shinshi worı'ndı' iyelegen. Bunnan keyin bala besikke bo'lenip, shashı'w toy berilgen. Besik ha'zir de bar.[1] Shashı'w toyı' da saqlanı'p qalg'an.

**Ayaq toy.**

**Ayaq toy yamasa tusawı'n kesiw toy** dep te ataydı'. Bul jas balanı'n' tez ju'rip ketiwi ushı'n birinshi qa'dem taslap ju're baslag'anda islenetug'ın i'rı'm, ha'r tu'rli jip penen ayaqtı' baylap kesiw. Wonda balanı'n' tusawı'n yeldin' abı'raylı', hu'rmetli adamları'na kestiredi.

Mı'salı': Qoblan yeki jasqa kelgende, kempiri bir qı'z tuwdı', «qı'zdı'n' toyı' menen balanı'n' **ayaq toyı'** bolsı'n» dep bir yarı'm ku'n toy berip, jeti jası'na kelgende, payg'ambar su'nnet yettirip, jeti ku'n toy berdi. (Qoblan,171-bet).

Bul haqqı'nda K.Ma'mbetovtı'n' «Qaraqalpaqlardı'n' etnografiyalı'q tariyxı'» atlı' miynetinde to'mendegidey mag'lı'wmatlar beredi. Bala yeki jasqa shı'qqanda apı'l-tapı'l ju're baslaydı'. Mine usı' payı'tta balanı'n' ayag'i'n jip penen tusawlap, jipti pı'shaq penen kesedi. So'ytip: «Senin' tusawı'n' kesildi, yendi jı'g'i'lmay ju'retug'i'n bolasan'»-degen so'zdi aytadı'. Usı'g'an baylanı'slı' jas balanı' ta'rbiyalawg'a bag'i'shlang'an basqa da i'rı'mlar bar. Ma'selen,

[1] Мәмбетов К, Қарақалпақлардың этнографиялық тарыйхы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1995, 135-бет

na’reste ushı’n «iyt ko’ylekti» ko’p jasag’an kempirlerge tikkiziw, balanı’n’ tusawı’n shabandoz ha’m palwan adamlarg’a kestiriw ha’m basqa da itibarlı’ da’stu’rlerdi atap wo’tiwge boladı’.[1]

Folklorist alı’m Q.Ayı’mbetov bul da’stu’r haqqı’nda qı’zı’q mag’lı’wmatlar beredi. Balanı’ tuwı’lg’anı’na qı’rı’q ku’n tolg’annan keyin u’yden birinshi ma’rtebe shı’g’ararda balanı’n’ bası’ menen ayag’i’n ten’lestirip, balanı’ qolı’na keselep ko’terip, bosag’adan shı’g’aradı. U’yden balanı’ dalag’a ko’terip shı’g’ararda, yeger bası’n burı’n shı’g’arsa tili, ayag’ın burı’n shı’g’arsa ju’rip ketedi dep tu’sinedi. Bul bala ju’re baslag’anda balanı’n’ yeki ayag’i’n ala jip penen tusap awı’ldag’I’ bir ju’rgish adamg’a ala jipti kestiredi, sonda bala ten’ ayaqlanı’p, tez ju’rip ketedi dep tu’siniledi.[2]

**3. Su’nnet toy.**

Yer balalar bes jas penen jeti jas aralı’g’ı’nda su’nnetlengen. **Su’nnet** so’zine qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliginde to’mendegidey tu’sinik berilgen.

**Su’nnet** - yer balanı’n’ qolı’n hadallaw, kestiriw degen ma’nini bildiredi.[3] Ulı’n su’nnetletken adamlar, a’sirese ul balası’ birew bolsa, tumlı’-tusqa xabarshı’ jiberip, jı’ynag’an-tergen du’nyası’nı’n’ barlı’g’ı’n shashı’p, da’bdebeli **«su’nnet toy»** wo’tkeredi. **Su’nnetlew** tiykarı’nan yerte ba’ha’rde ha’m gu’zde boladı’. Sonlı’qtan awı’llarda bir-biri menen jarı’sqan **su’nnet toylar** ko’p boladı’. Qaraqalpaq qaharmanlı’q da’stanları’nda da bul da’stu’rdi ko’plep ushı’ratamı’z.

Mı’salı’: Qoblan jeti jası’na kelgende payg’ambar **su’nnet** yettirip, jeti ku’n toy berdi. (Qoblan,171-bet).

Bul atama ha’zir de ken’ qollanı’ladı’. Ulı’n **su’nnet** yettirgen ata-ana u’lken ya kishirek toy beredi. Da’stanlardag’ı’ sı’yaqlı’ jeti ku’n toy beriw da’stu’ri gezlespeydi.

---

[1] Мәмбетов К. Қарақалпақлардың этнографиялық тарийхы. Нөкис, 1995, 147-бет.
[2] Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис, 1988, 245-бет
[3] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. Нөкис, 1992, 235-бет.

**Yel qa’de-**qudalar ta’repinen kelinnin’ to’rkin jag’I’nda beriletug’I’n si’y-zi’yapat. Qaraqalpaq tilinde turmi’sqa shi’qqan qi’zi’n qudalari menen qosi’p shaqi’rg’anda jaqi’n tuwi’sqanlari’na , qon’si’lari’na arnali’p jasalatug’i’n kishigirim toydi’ usi’lay ataydi’.

Sonday-aq salti’mi’zda qi’zlardi’n’ uzati’li’w toyi’na baylani’sli’ beriletug’i’n qaraqalpaq tilinde **qi’z ji’yi’n** dep atalatug’i’n toy tu’ri de bar. Buri’n qi’zlardi’n’ uzati’ki’w ku’ni de ayri’qsha di’qqatqa ali’ng’an. Mi’sali’, bul tuwrali’ T.Qayi’pbergenovti’n’ ,,Qaraqalpaq qi’zi’” romani’nda bi’lay delinedi:

Sa’rshenbi!!!

Bul ayri’qsha ku’sh penen, geyde asa naz benen ayti’latug’i’n ku’n. Usi’ ku’ndi Jumagu’ldin’ ya woni’n’ anasi’ni’n’ tan’lap alg’an ku’ni yemes, qa’dim zamanlardan beri qaraqalpaqti’n’ qi’zi’ turmi’sqa shi’g’atug’i’n ku’n. Soni’n’ ushi’n da Sa’nem bolajaq ku’yewine kelesi Sa’rsenbinin belgilegen yedi. (46-bet)

## 1.3.Toy tamashaları’ atamaları’

Ko’rkem shi’garmalardi’n’ so’zlik quramı’nda biz xalı’q su’ygen batı’rlardı’n’ da’bdebeli toyları’nı’n’ ko’rinisleri menen tanı’samı’z. A’sirese, burı’n da, ha’zir de da’stu’r bolı’p kelgen toy-tamashaları’nı’n’ tiykarg’ı’ bo’limi kelin kelgende aytı’latug’ı’n **aytı’mal ha’m bet ashar** qosı’qları’. Bul haqqı’nda K.Ma’mbetovtı’n’ «Qaraqalpaqlardı’n’ etnografiyalı’q tariyxı’» atlı’ miynetinde to’mendegidey mag’lı’wmatlar beredi.

Toy qosı’qları’ ha’r bir xalı’qtı’n’ tariyxı’y wo’mirinde wog’ada ken’ tarqalg’an da’stu’r jı’rları’nı’n’ biri. Toydı’n’ wo’zi woyı’n-zawı’q penen tolı’. Bunda xalı’qtı’n’ ko’p jı’llı’q ma’deniy ta’jiriybeleri ja’mlengen. Ha’r bir xalı’q bul da’stu’rlerdi wo’zinshe rawajlandı’rg’an. Toy hu’rmetine ayı’rı’m xalı’qlarda

ayaq-woyı’n wo’neri, al geyparaları’nda so’z wo’nerinin’ jarı’sı’ ku’shli qollanı’ladı’. Ma’selen, wo’zbek, ta’jik, a’zerbayjan, gruziya ha’m armyan xalı’qları’nda toyda woyı’n da’stu’rleri ko’birek sezilse, ko’shpeli ha’m yarı’m ko’shpeli xalı’qlar qazaqlar, qı’rg’ı’zlar ha’m qaraqalpaqlarda ko’birek so’z wo’nerine a’hmiyet beredi. Shayı’rlar aytı’sı’p, jı’raw- baqsı’lar qosı’q aytı’p, jı’rlap ko’pshilikti wo’zine qaratadı’. Bunnan tı’sqarı’, ’ılaq woynaw, palwan tutı’sı’w usag’an ko’pshilik xalı’qlarg’a ta’n da’stu’rler bar.

Ha’r bir xalı’qtı’n’ toyları’ da’stu’rli etnografiya menen baylanı’sadı’. Sebebi, ha’r bir xalı’q wo’zinin’ sheberligin de, sheshenligin de toy da’stu’rlerine qosı’p jibergen. Qaraqalpaq toyları’nda u’lken u’sh da’stu’r ko’zge taslanadı’. Birinshi-**toydı’ ta’riyplew** usı’lı’. Bul xalı’q arası’nda ko’birek tarqalg’an «**Toy baslaw»**. Bunı’ shayı’r yaki bolmasa atqarı’wshı’ wortag’a shı’g’ı’p, toydı’n’ beriliw sebeplerin arnaw qosı’qları’ arqalı’ bayanlaytug’ı’n bolg’an. Bunda kelinshek kelip, yelge qosı’lg’anlı’g’ı’, qosı’lı’sqan yeki jastı’n’ baxı’tlı’ bolı’wı’ ushı’n ayı’rı’m jı’llı’ so’zler aytı’ladı’. Quda-qudag’aylardı’n’ tatı’w bolı’wı’ ushı’n ta’selle beriledi. Yelge qutlı’ bolsı’n aytı’ladı’.

Yekinshisi- **aytı’m**. Bul da toy baslawg’a ju’da’ jaqı’n bolı’p, bundag’ı’ arnaw qosı’qlar kelin tu’sirgen awı’l yaki quda-qudag’aylarg’a bag’ı’shlanbastan ba’lki kelinshektin’ wo’zine g’ana na’siyat tu’rinde aytı’ladı’. **Aytı’mda** kelinshektin’ turmı’s bosag’ası’na qa’dem qoyg’anlı’g’ı’, yendi balalı’qtag’ı’ yerkinshilikti taslap, turmı’sqa ma’nili ko’z-qarasta bolı’w kerekligi, yeldi, jas u’lkendi sı’ylaw, ata-yenesi menen tatı’w bolı’w, abı’sı’n-ajı’n menen jaqsı’ qatnas du’ziw, wo’tirik-wo’sek aytpaw, ku’yewin hu’rmetlew haqqı’ndag’ı’ u’git-na’siyatlar beriledi. Yekinshisi, tiykarı’nan kelinnin’ bet asharı’nı’n’ kirispesi sı’patı’nda aytı’ladı’. Tiykarı’nan alı’p qarag’anda, bul yekewinin’ de u’lken ta’rbiyalı’q a’hmiyeti bar. Sebebi, birinshisinde doslı’q haqqı’nda so’z boladı’. Yel menen yeldin’, quda-qudag’aylardı’n’ doslası’wı’ haqqı’nda saltanatlı’ pikirler aytı’ladı’ «Uzaq yeller quda-qudag’ay bolsan’, du’nyada jatı’n’ qalmaydı’», «Wo’mirdin’ tiykarı’ doslı’q», «Qı’z bala dosları’n’dı’ ko’beytedi», «Qı’zlar

arqalı’ yel menen yel, awı’l menen awı’l doslasadı’»-degen uranlar wortag’a taslanadı’. Bunnan tı’sqarı’ qı’z benen jigittin’ wo’zine mu’na’sipligi, bir-birin durı’s tan’lag’anlı’g’ı’, quda-qudag’aylardı’n’ bir - birine pikirles adamlar yekenligi maqtaladı’.

Al, u’shinshisi, **«Sa’lem»** dep atalı’p, bet ashardı’n’ yekinshi bo’limin quraydı’. Bunda ha’m didaktika, ha’m yumor bar. Sebebi, bet ashar aytqan adam kelinshekti sol awı’l menen tanı’stı’radı’. Yen’ da’slep kelinshektin’ qa’yin atası’ menen qa’yin yenesine xoshamet so’zler aytı’p, wonnan keyin awı’ldın’ yen’ sı’ylı’ jas u’lkenlerinde azmaz maqtan’qı’rap, son’ı’nan bul jerdegi qaynag’a menen qa’yin biykeshlerin minewge ko’shedi. Sonı’n’ ushı’n da, **bet ashardı’n’** keyingi bo’limi pu’tkilley yumor menen ulası’p ketedi. Bundag’ı’ maqset ha’r qanday adamnı’n’ qı’lwaları’n kelinshekke aytı’p, tu’sindiriw arqalı’ wolarg’a sıln beriw. Biraq yerte da’wirde payda bolg’an **bet asharlarda** bul satiralıq us’llar real bermesten, adamnı’n’ qı’lwası’na, minezine sı’n beriwdin’ wornı’na qaytama wolardı’n’ anatomiyalı’q kemshiliklerin aytı’p masqaralag’an. Ma’selen, mı’rtı’q, semiz, qotı’r, taz ha’m basqa da adamnı’n’ zeynine tiyetug’ı’n fiziologiyalı’q kemshiliklerin aytı’p minegen. Qalay da adamlardı’ bunda minew usı’lı’ da’stu’r yemes, ba’lki yeski da’wirlerden qalg’an bir yeles bolı’p, keyingi **bet asharlarda** bul temalar a’dewir wo’zgerip, yendi adamlardı’n’ tu’r-tu’sin minew wo’zgerip, ba’lki wolardı’n’ qosjaqpaslı’g’ı’, qa’siyetsizligi, ashko’zligi, araqxorlı’g’ı’ ha’m t.b. ha’reketleri sı’nalatug’ı’n bolg’an.

Usı’nday maqset penen qaraqalpaq toy qosı’qları’ **«Toy baslaw», «Aytı’m» yaki bolmasa (aytı’mal) ha’m «Sa’lem» (kelinshek sa’lemi)** bolı’p u’shke bo’linedi. Bular geyde tutası’ menen **«Bet ashar»** dep te aytı’ladı. Sebebi, bul qosı’qlar negizinen kelinshektin’ betin ashqanda aytı’latug’ı’n bolg’an.

Bu’gingi ku’nde de biz joqarı’da atı’ atalg’an xalqı’mı’zda da’stu’rge aylanı’p ketken toy qosı’qları’nı’n’ barlı’q tu’rlerin ushı’ratamı’z. A’sirese, da’stu’rlerde **aytı’mal** ha’m **bet ashar** ko’p ushı’rasadı’. Etnograflar ha’m a’debiyatshı’lar ta’repinen **aytı’m** dep atalg’an toy qosı’g’ı’, toy ko’rinisi su’wretlengen barlı’q

shi’garmalarda gezlesedi. Biraq **ko’rimlik aytı’w** degen atama da ushı’rasadı’. Mı’salı’: Wol zamannı’n’ da’stu’ri boyı’nsha qa’yin atanı’n’ u’yine jaqı’nlag’an jerde kelinshektin’ ko’rimligin ayttı’ratug’ı’n bolı’p, Ja’ke ju’wermek degen bir jigitti alı’p kelip kelinshektin’ ko’rimligin ayttı’rdı’.

Kelinshek-kelinshek ko’rin’iz,
**Ko’rimligin** berin’iz,
Ala-qula demen’iz,
Du’nyadan qayg’ı jemen’iz,
Atı’n atap qoyı’n’ız,
Tayshı’xan atlı’ qalmaqtı’n’,
Yelinde yeken u’yin’iz,
Uwayı’m menen qayg’ı’nı’,
Kewilden bu’gin joyı’n’ız,
Qutlı’ bolsı’n kelinshek,
Quwanı’shlı’ toyı’n’ı’z,
Qarasam ko’zim toymaydı’,
Kelbetin’e kelinshek,
**Ko’rimlik** aytı’p turı’ppan,
Hu’rmetin’e kelinshek,
Xalı’qtı’n’ kewli tolı’p tur,
Xızmetin’e kelinshek,
Burı’ng’ı’nı’n’ nusqası’,
Bizde sonı’ aytamı’z,

Ko’rimligin aytı’p bolı’p, kelinshekti u’yge kirgizip, u’ydin’ won’ jag’ı’nan jay berip, aldı’na qantlap shay berip, u’stine shı’mı’ldı’q qurı’p, qı’z-kelinshekler ishine kirip, qulag’ı’ yesitken adamlar menen ayaq jeter jerdin’ xalı’qları’ na’rse qalmastan toyg’a kelip atı’r.

**Ha’wjar.**

**Ha’wjar** qaraqalpaq xalı’q salt-da’stu’r qosı’qları’nı’n’ yen’ ta’sirli tu’rlerinin’ biri. Bul haqqı’nda ko’rnekli a’debiyatshı’ N.Da’wqaraev: «Qı’z uzatı’lar waqtı’nda wo’zinin’ tuwı’lı’p wo’sken u’yi menen xoshlasarda wo’z basıʼna tu’sken ha’siretlerin qosı’q penen bayanlaydı’. Qı’zdı’n’ qası’nda wotı’rg’an qı’z-kelinshekler qosı’qtı’n’ qayı’rması’na xor menen qosı’lı’p, qı’zdı’n’ pikirin maqullaydı’. Bunday qosı’qtı’ qaraqalpaq tilinde **«h’a’wjar»** deydi»-dep jazadı’.

**Ha’wjar** yen’ da’slep wo’zi su’ymegen adamg’a turmı’sqa shı’g’ı’p baratı’rg’an qı’zdın’ narazı’lı’g’ı’nan payda bolg’an bolsa da, son’g’ı’ da’wirde ha’r qanday turmı’sqa shı’qqan qı’zlardı’n’ **h’a’wjar** aytı’wı’ da’stu’rge aylang’an. Won segiz jasqa shı’qqannan keyin qı’zlar uzatı’lg’an. Wolardı’n’ ko’pshiligi wo’zinin’ razı’shı’lı’g’ı’ menen yemes, ba’lki ko’rmegen, bilmegen adamlarg’a tek ata-anası’nı’n’ uyg’arı’wı’ menen g’ana uzatı’latug’ı’n bolg’an. Bunday jag’dayda qı’zlar u’lken yeki ha’siretke dus kelgen. Birinshi jag’ı’nan, o’z ten’ine uzatı’lmag’an. Sonı’n’ ushı’n da ku’yewin qa’lemeydi. Yekinshi jag’ı’nan, wo’zinin’ tuwı’lı’p wo’sken jerin taslap baratı’r. Balalı’g’ı’nan tanı’s bolg’an qatar qurbı’-qurdasları’, tuwı’lg’an jer muxabbatı’nan ayrı’lı’w mu’mkin yemestey. Sonı’n’ ushı’n da qı’zlar tek **ha’wjar, yar-yar** aytı’p g’ana wo’z debdiwin basatug’ı’n bolg’an. Ha’wjar qosı’qları’nda ko’binese qı’zdı’n’ ishki du’nyası’ turmı’sqa bolg’an ko’z-qarası’, wo’mir haqqı’ndag’ı’ woyları’ ashı’p ko’rsetiledi. Wo’zleri qa’lemegen adamlarg’a baratı’rg’anı’ ushı’n da sol da’wirdegi qı’zlardı’n’ turmı’sqa shı’g’ı’wı’ awı’r qayg’ı’nı’n’ biri bolı’p, wo’z u’yi, jaslayı’nan woynap wo’sken jeri, ata-anası’ haqqı’nda a’dewir da’rtli so’zlerdi wortag’a salg’an. Balalı’qta bawı’r bası’p wo’z a’kesinin’ shan’arag’ı’na qarag’anda biytanı’s jigit, jat u’y qı’zlar ushı’n a’dewir jumbaq bolı’p ko’ringen. Bunnan tı’sqarı’ jan’a tu’sken kelinshekti qatal uslaw, u’ydegi jumı’stı’n’ barlı’q awı’rmanlı’g’ı’n sog’an artı’w, yerte turı’p kesh jatı’w, u’ydegi ha’mme adamlardı’n’ qası’-qabag’ı’na qarap xızmet islew, azmaz qa’telesiw yaki xı’zmeti

kewilden shı’qpawdı’n’ wo’zinen-aq tayaqqa giriptar bolı’w sol feodallı’q da’wirdin’ negizgi zan’ları’nı’n’ biri yedi. Sonı’n’ ushı’n da, burı’ng’ı’ da’wirde kelinshek bolı’p tu’siw, jaslardı’n’ muxabbat ushqı’nları’nı’n’ tutası’wı’nan ko’re, yekinshi bir jerge shorı’ bolı’p satı’lg’an sı’yaqlı’ awı’r ha’m mashaqatlı’ yedi.

Da’slep **h’a’wjar** wo’zinin’ da’rtin shı’g’arıw ushı’n tek qı’z ta’repinen g’ana aytı’latug’ı’n bolsa, keyingi waqı’tlarda bunı’n’ aytı’s tu’rleride payda bolg’an. Geypara jag’daylarda qı’zdın’ janı’n’da turg’an adamlar yaki bolmasa qı’z jen’geleri, al ayı’rı’m waqı’tlarda sı’rtta turg’an ku’yew balalar toparı’ da qı’zg’a na’siyat beriw ushı’n **h’a’wjar** aytatug’ı’n bolg’an.

Qı’z uzatı’w toylarda ha’wjardı’ tek qı’z ya wonı’n’ dosları’ g’ana yemes arnawlı’ **h’a’wjar** aytı’wshı’ adamlarda bolg’an. Wolar **ha’wjarpaz** dep atalg’an. Biz qaharmanlıq da’stanlarda da bul jag’day menen ushı’rasamı’z.

Mı’salı’: «Alpamı’s» da’stanı’nda **ha’wjardı’** da’slep Gu’lparshı’n aytı’p wotı’rg’anı’n ko’remiz: shı’mı’ldı’q ishinde Barshı’n «teksiz qulg’a sultan bası’m qor bolatug’ı’n boldı’m-aw» dep, wo’z bası’n wo’zi joqlap wotır yeken. Barshı’njan **h’a’wjar** aytı’p zar jı’lap:

-Zer ko’ylektin’ yetegin iler me yeken, **yar-yar,**

Qa’dirimdi teksiz qul biler me yeken,**yar-yar**,

Qor qı’lma bunday qulg’a sultan bası’m,

Janı’mdı’ alsan’ qayı’lman pa’rwa’rdigar, **yar-yar.**(Alpamı’s,150-bet).

Ultan xannı’n’ anası Gu’lshin ayı’m **h’a’wjarpaz** yeken, bu’gingi wo’len’ toyda sol Gu’lshin ayı’m **ha’wjar** aytı’p toy baslaydı’ yeken. (Alpamı’s,362-bet).

**Bayraqqa at jiberiw.**

Qaraqalpaq tilinde, ko’birek da’stanları’nda gezlesetug’ı’n **«Bayraq»** so’zi termin sı’patı’nda yeki tu’rli ma’niste qollanı’ladı’: 1)sı’ylı’q, 2) at jarı’sı’ ma’nisinde qollansa, «Qı’rı’q qı’z»da:

Shabı’w ushı’n **bayraqqa**,

Tayarlang’an baytallar,

Toqsan beske tolı’ptı’. (Qı’rı’q qız,157-bet).

Al, «Alpamı’s»ta:

Qı’rı’q ku’nshilik jerlerge,

At jibersin **bayraqqa** ! yamasa

Jalg’ı’z nashar basıʼmdı’,

At **bayraqqa** tigeyin! (Alpamı’s, 23-bet).

dep keledi. Bul mı’sallardag’I’ **«bayraq»** at jarı’sı’ ma’nisinde qollanı’lg’an. **Bayraq** so’zinin’ kelip shı’g’i’wı’ haqqı’nda ilimpazlar arası’nda ha’r qı’ylı’ pikirler bar. L.Budagov «parsı’-tu’rkiy» so’zi dep aytsa, M.A.Gaffarov «arab-parsı’» so’zi deydi, al F.Miklshich «parsı’» so’zi dese, F.Steyngass «arab» so’zi deydi. Bul so’z arabsha-russha so’zliklerde de ushı’raspaydı’. **«Bayraq»** so’zi yeski tu’rkiy tilinin’ so’zliginde ha’m M.Qashg’ariy so’zliginde **«ba84aq»** tu’rinde ushı’rasadı’. Qaharmanlı’q da’stanlar tilinde **«bayraq»** so’zinin’ tiykarı’nda toy-tamashaları’, atamaları’ payda boldı’. Mı’salı’: **bas bayraq, yarı’m bayraq, mu’she bayraq** ha’m t.b. qudası’nı’n’ qası’na, ko’kparı’n alı’p keledi.

**-Mu’she bayraq** ber,-deydi. Sira’ mu’she bermeydi. (Alpamı’s, 10-bet).

Mı’salı’: Yendigi so’zdi, Qoblannı’n’ qı’rı’q jigitinen yesitin’ler: -Ha, Qoblan ag’a, xan toyı’ degen ullı’ dabı’ralı’ toy boldı’, qa’deli jerge **qoy berdi**, **at bayraqtı’n’ bası’na qı’rq bir g’ashı’r zer berdi, yendi gu’res maydanı’ degen qurı’lı’p atı’rı’ptı’, aldı’n’g’i’ jı’qqang’a at, ton, sarpay beredi, keyingi jı’qqannı’n’ bası’ wolja boladı’, ja’ne won bes g’ashı’r zer beredi, gu’reske barsaq,** qalay boladı’,-dedi. (Qoblan, 208-bet).

Xali’q tilinde, ko’birek da’stanlarda ushı’rasatug’ın toy tamashaları’ atamaları’nı’n’ biri **i’laq woyı’nı’.** Yerterekte bul woyı’n **«ko’k bo’ri»** dep te atalg’an. Bul haqqı’ndag’I’ mag’lı’wmattı’ biz venger alı’mı’ A.Vamberidin’ «Worta Aziyag’a sayaxat» atlı’ miynetinen bilemiz. A’yyemgi wotqa tabı’nı’wshı’ Worta Aziyadag’i’ a’yyemgi adamlar arası’nda ha’r qı’ylı’ jarı’slar, bayramlar ha’tteki neke toyları’nda **«ko’k bo’ri»** woyı’nı’ woynalg’an. İslam dininin’ taralı’wı’na deyin Worta Aziyanı’n’ basqa da jaqları’na taralg’an bul woyın ha’zir

umı’tı’lg’an ha’m jog’alı’p ketken. Bul woyı’n wotı’rı’qshı’ xalı’qlar menen ko’shpeliler arası’nda Tu’rkistan, Buxara, Tu’rkmenstan ha’m Awg’anstan territoriyaları’na da taralg’an.

Qaraqalpaq klassik shayı’rları’ do’retpelerinde, sonday-aq, xalı’qtı’n’ awı’zeki tilinde **«ko’kmar»** tu’rinde, qazaq a’debiy tilinde ha’m qaraqalpaq da’stanları’nda **«ko’kpar»** tu’rinde ushı’rasadı’. Mı’salı’: **ko’kmar** shabı’ldı’, toy boldı’. ka’tqudalarg’a sı’y boldı’. (Ku’nxoja), al, qazaq tilinde **ko’kparg’a** tartar i’laq yemespin,-dep keledi. Al, da’stanlarda, mı’salı’:

Sa’ske waqı’tta Baybo’ri «tamasha bolsı’n toyı’m» dep wortag’a **ko’kpar** tasladı’, yeki ta’rep bolı’p i’laq woynadı’. (Alpamı’s, 10-bet).

Yamasa:

Wortadag’i’ **ko’kparı’n**,
Barı’p julı’p aladı’,
Taqı’mg’a tawlap basadı’,
Baydı’n’ kewli tasadı’. (Alpamı’s, 10-bet).

Bul mı’sallardag’I’ **ko’kmar shabı’w, ko’kpar tartı’w, ko’kpar taslaw, i’laq oynaw** t.b. ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi **i’laq shabı’w, i’laq tartı’w** degen woyı’ng’a sa’ykes kelse, bul haqqı’nda xalı’qlı’q etimologiyada ha’r qı’ylı’ pikirler bar. Ma’selen, **«ko’kpar»** woyı’nı’n yerterekte **«ko’k bo’ri»** dep atalg’an sebebine tiykarlanı’p, bo’rinin’ balası’n tartqan dese, bazı’ birewler bul woyı’n jawı’zlı’qtan kelip shı’qqan deydi, al bazı’ birewler woyı’ng’a i’laqtı’ go’shi menen tartsa **«i’laq woyı’nı’»**, al i’laqtı’n’ wo’zin yemes, terisin tartsa-**ko’kpar woyı’nı’** dep ataladı’ deydi.[1]

E.N.Janpeyisov «Etnokulturnaya leksika kazakskogo yazıka»[2] atlı’ miynetinde **«ko’kpar»** woyı’nı’ haqqı’nda to’mendegidey mag’lı’wmatlar beredi. Qazaq, qı’rg’i’z, qaraqalpaqlar da ha’m basqa da tu’rkiy xalı’qları’n da **«ko’kpar»** ju’da’ jiyi qollanı’ladı’. Bul so’zdin’ kelip shı’g’i’wı’ haqqı’nda etnograf-

---

[1] Қарақалпақ билиминиң мәселелери. Нөкис, 1999, 38-бет.

[2] Жанпейисов Е.Н. Этнокультурная лексика казакского языка. Алма-ата,1989, 91-92-бет.

ilimpazlar shı’g’I’sta ken’ tarqalg’an legendag’a tiykarlana wotı’rı;p a’yyemgi waqı;tta xalı;q bo’lek-bo’lek bolı;p bo’lsheklenip jasag’an waqıtta Kiyan ha’m Nogay degen yeki jigit wo’zinin’ tuwg’an awı’lı’n taslap, Altay tawları’nı’n’ adam shı’g’i’wı’ qı’yı’n bolg’an to’belerinin’ birine wornalası’p alı’ptı’. Sol jerde wolar Yergenek kon degen jerge qonı’s basqan. Aradan yeki ju’z jı’l wo’tip, wolardı’n’ a’wladları’ ko’beyip, sı’ymay qalı’ptı’. Wolarg’a wol jerden ketiwine tuwra kelgen. Biraq Kiyan menen Nog’ay a’wladları’n **Qır** **taw** dizbekleri ha’m tik jarlar qorshap turg’an yeken. Wolardı’n’ baxtı’na tawlardı’n’ biri temirden bolı’p, Temir taw dep ataladı’ yeken. Kiyan a’wladları’nı’n’ birewi temirshi yeken. Wol tawdı’ yeritiwdi usı’nı’s yetken. Sonda wol yerip ag’adı’ degen Temir tawdı’n’ jetpis jerinen jetpis temir peshlerin qoyı’p, wonı’ ko’mir menen qı’zdı’rı’p, na’tiyjede temir yerip ag’I’p wo’tkel payda bolg’an. Sol wo’tkelden Kiyan a’wladları’ ken’ jazı’q dalag’a shı’qqan. Sol waqı’ttan baslap Kiyan a’wladları’ bo’rteshene dep atalg’an. Birneshe jı’llardan keyin wolardan Shı’n’g’ıs tuwı’lg’an. Sol waqı’ttan beri xalı’q arası’nda ha’r segiz aydan toy wo’tkerip, **ko’k bo’ri (kokpar)** tartı’w ha’zirgi i’laq woyı’nı’ payda bolg’an.

A.Margulannı’n’ pikirinshe, bo’rte shene **ko’k bo’ri «bo’ri» h’a’m ko’ktin’ qusı** degenge sa’ykes keledi. **«Ko’ktin’ qusı’»** so’z dizbegi **«ko’k»** so’zinin’ ma’nisi menen yag’nı’y aspan degen tu’sinikler menen baylanı’stı’radı’. Qazaq xalqı’nda «iyttin’ iyesi bolsa, bo’rinin’ ta’n’irisi bar» degen naqı’l bar. Solay yetip, joqarı’dag’i’ mag’lı’wmatlarg’a su’yene wotı’rı’p etnografiyalı’q birikpe **ko’k bo’ri, ko’kpar** to’mendegidey wo’zgerislerge ushı’rag’an degen juwmaqqa kelemiz: **ko’k bo’ri>ko’k pori>ko’k parı>ko’kpar.**

Tu’rkshe «ulaq», wo’zbekshe «ulaq», qazaqsha «laq», bashqurt-sha «ılaq», tu’rkmenshe «avlaq», azerbayjansha «og’laq», xaqassha «og’lax» dep ataydı’. Al, «Qı’rı’q qı’z»da: Bul zamannan wol zaman, qı’zlar i’laq shapqanı’n, usı’ g’ana ko’rgenim,-deydi. Sonday-aq, qı’rı’q qı’z benen atawda, tartı’p i’laq woynadı’,- degen mı’sallardag’I’ **«i’laq shabı’w» menen «i’laq tartı’w»** ma’nilik jag’i’nan biri yekinshisin tolı’qtı’rı’p turg’anlı’g’i’n ko’remiz. Demek, xalı’q arası’nda

yelege shekem izertlenbey, yeskerilmey kiyatı’rg’an xalı’q woyı’nları’na baylanı’slı’ so’zler ha’m atamalar ko’p.

**Altı’n qabaq attı’rı’w.**

Toy tamashalarda batı’rlar mergenligin sı’nası’w ushı’n altı’n **qabaq atı’sı’p** ko’rgen. Bul da’standa to’mendegi mı’saldan anı’q ko’rinedi.

Baysı’n yelin jı’ydı’rdı’,

Mal semizin soydı’rdı’,

Qı’rı’q ku’n tamam toy berdi,

Qı’rı’q ku’n woyı’n yettirdi,

**Altı’n qabaq** attı’rdı’,

Naqı’ra, sı’rnay tarttı’rdı’.

**Altı’n qabaqqa** wog’ın tiygizgenler bayraq alatug’i’n bolg’an. **«Altı’n qabaq»** haqqı’nda folklorist Q.Ayı’mbetov: «Da’standag’i’ **altı’n qabaq** ha’zirgi qabaq bolı’wı’ tiyis. Toy-tamashalarda batı’rlar mergenligin sı’nası’p ko’rgen. Bunı’n’ ushı’n ayı’rı’m qabaqlar saqlang’an. Qabaqlar ko’p tursa sarg’ayadı’. Mine, sonlı’qtan **«altı’n qabaq»** bolı’p atalg’an shı’g’ar»[1] -dep jazadı’.

## 4. Qız uzatıw, kelin tu’siriw toyları.

So’zlik quramda **qı’z uzatıw, kelin tu’siriw** atamaları’n ushı’ratamı’z. «Alpamı’s» da’stanı’nda Gu’lparshı’nnı’n’ uzatı’lı’w toyı’ menen tanı’samı’z.

Mı’salı’: Qudayg’a shu’kir, atı’mı’z bayraqtan keldi, dushpannan arı’mı’zdı’ aldı’q, «Qı’zı’n’ bolsa bergenshe ası’q, wo’lin’ bolsa ko’mgenshe ası’q» degen, yendi Barshı’ndı’ abı’ray barda uzatsaq qalay boladı’ yeken,- dedi.

Anda Qodarbay turı’p: -ju’da’ jaqsı’ aytası’z ata, so’zin’izde kemis joq,-dedi.

Anda Altı’nshash ba’ybishe turı’p: - usı’ qı’zdı’n’ sebebinen wo’lgen jerden tirilip wotı’rsan’ g’oy yendi uzatpay birotala qalmaqlardı’n’ qolı’nda wo’le jaqsan’ ba, qı’zdı’ uzatı’p, wo’zlerimizde Baysı’ng’a ko’sheyik,-dedi. (Alpamı’s, 155-bet).

---

[1] Айымбетов Қ.Халық даналығы.118-бет

Qı’z uzatı’larda da’stu’r boyı’nsha ku’yewinin’ tuwı’sqanları’na sarpaylar alı’p baradı’.

Mı’salı’: Anda Baysarı’ bay ju’z jag’alı’ jan’a sarpaydı’ aldı’, yen’se ton, keyni qamqa ton, wortası’ qasqı’r ton, ayag’I’ parsha ton-barlı’g’I’ bir ju’z ton tiktirip, usı’g’an i’layı’qlı’ qa’de-qa’wmetleri menen Gu’lparshı’ndı’ jelmayag’a mindirip, Alpamı’s jatqan aq wordanı’ jı’qtı’rı’p, narg’a ten’lep arttı’rı’p, jeti tu’ye tolı’ ju’k penen jolg’a shı’g’arı’p salarda awı’ldı’n’ bala-shag’aları’ jı’ynalı’p kelip, kim bilezik, kim ju’zik, kim sı’rg’a, kim taqı’ya, kim sarpay, kim ko’ylek berip nashardı’n’ jolı’ jen’il boladı’ dep i’rı’m yetip xoshlası’p, qol uslası’p jolg’a salı’p qala berdi. (Alpamı’s, 156-bet).

Da’stanlarda ushı’rasatug’ı’n bul da’stu’rler ha’zir de bar. Uzatı’lg’an qı’z qa’yin atası’na, qa’yin yenesine, ku’yewinin’ tuwı’sqanları’na sarpay alı’p baradı’.

## **Kelin tu’siriw.**

Xalı’q da’stu’rlerindegi yen’ u’lken toylard’ın’ biri. Qaharmanlı’q da’stanlarda biz bul toydı’n’ da’bdebeleri menen tanı’samı’z.

Mı’salı’: Gu’lparshı’ndı’ kelin yetip tu’sirgende Alpamı’stı’n’ a’kesi Baybo’ribay 17 ku’n toy berdi.

Mı’salı’: Yendi toy baslandı’, wortag’a woramal taslandı’, baqsı’-jı’rawlar aytı’ldı’. Gu’resler tutı’ldı’, atlar shabı’ldı’, gernaylar tartı’ldı’, sı’rnaylar shertildi, toyshı’lardı’n’ aldı’na daraw aradan tabaq tartı’ldı’. Altı’n qabaqlar atı’ldı’, azda bolsa jigitler won jeti ku’nge shekem toydı’n’ tatarrigi tutı’ldı’. Baysarı’baydı’n’ awı’lı’nı’n’ adamları’ qudalardı’n’ qatarı’nda wo’z aldı’na aq wordada ku’tildi. Jı’qqan palwanlarg’a, wozg’an atlarg’a ataqlı’ baqsı’lar menen aytqı’sh jı’rawlarg’a, altı’n qabaqlar atqan mergenlerge, toyshı’larg’a tamasha bergenlerge, Baysarı’ baydı’n’ awı’lı’nan quda bolı’p kelgenlerge, tamashanı’ tarqatı’sı’p basshı’ bolı’p ju’rgenlerge, astı’na at mindirilip, iyinlerine sarpay jabı’ldı’. Toyda kemis bolg’an joq, kelgenlerdin’ kewli tabı’ldı’. Usı’nı’n’ menen aradan sarras won jeti ku’n wo’tti. Toy tarqadı’, qonaqlar ketti, yendi kelinshektin’ betin ashamı’z dep, qalg’an adamlar Baybo’rinin’ u’yine jetti. (Alpamı’s, 171-172-bet).

A’ne, bul so’zdi aytı’p bolg’annan keyin qı’z-jigitlerdin’ waqtı’ xosh bolı’p, uzag’ı’na xat jiberip, jaqı’n jerge at jiberip, xalı’qqa xabar saldı’, jigitler ı’laq woynap, qı’z-kelinshektin’ do’geregin aylanı’p, Qoblan jatqan wordag’a alı’p kelip, kelin qı’lı’p tu’sirdi, kerbiyedey biyeni mı’naw turg’an wordag’a wo’zinen burı’n kirgizdi. A’ne shaqı’rg’an adamlardan kelip, altı’n qabaq attı’rı’p, toyda palwan tuttı’rı’p, ı’laq, bayraq shaptı’rı’p, 17 ku’n toy berip, toydı’ da tarqattı’. (Qoblan,186-bet).

Solay yetip, **kelin tu’siriw toyı’** buri’ngi’ waqi’tlari’,da’stanlarda aytı’lg’anı’na qarag’anda 17 ku’n dawam yetken.

## 1.4.Toylarda alı’natug’ı’n qa’de-qa’wmetler atamaları’

Biz tilimizde qı’z uzatı’w ha’m u’yleniw toyları’nda alı’natug’ı’n qa’de-qa’wmetler atamaları’n ushı’ratamı’z. Mı’salı’: Aysa’nem qı’z jen’gesi bolı’p, Qarajan ku’yew balanı’n’ aldı’ndag’ı’ jası’ u’lkeni bolı’p, Alpamı’stı’n’ aytı’wı’nsha qı’z ag’aları’ Qarajan menen so’ylesip, qa’de-qa’wmetlerinen y**el abay, yel ag’ası’, qamaw qoy, kempir wo’ler, kempir ko’mer, suw sin’gire, shabdı’rma, tu’tinlik, den sawlı’q, aq jawlı’q, dize bu’ger, qol uslatar, za’n’gi basar** t.b. usı’larg’a usag’an qa’delerden **to’sek salar, shash sı’ypar** degen qa’delerinde qaldı’rmay alı’p bolg’annan keyin de arman tart ha, berman tart bolı’p sog’ı’mı’na jeti qara soyı’p, Qalmuxan ul atası’ bolı’p, yekewinin’ birin qazı’, birin muptı’ qoyı’p, Baysarı’ baydı’n’ shopanları’nı’n’ ishinde mollası’maqlaw Qosnazar qarag’a haq nekası’n qı’ydı’rdı’.(Alpamı’s,139-bet).

Joqarı’da berilgen «Alpamı’s» da’stanı’nan alı’ng’an bul mı’salda y**el abay, yel ag’ası’, qamaw qoy, kempir wo’ler, kempir ko’mer, suw sin’gire, shabdı’rma, tu’tinlik, den sawlı’q, aq jawlı’q, dize bu’ger, qol uslatar, za’n’gi basar, to’sek salar, shash sı’ypar** qa’deleri ku’yew bala ha’m ku’yew ag’aları’, ku’yew qası’nda kelgen joraları’nan alı’natug’ı’n qa’deler. Bulardan **to’sek salar, qol uslatar, shash sı’ypatar** qa’deleri tikkeley ku’yewden alı’natug’ı’n qa’deler.

Usı’ qa’delerdin’ ma’nilerine toqtap wo’tsek.

**Yel ag’ası’**-basshı’sı’, men’geriwshisi, basqarı’wshı’sı’, ka’tqudası’ ma’nisin bildiredi. Sonı’n’ hu’rmetine beriletug’ı’n qa’de.

**Ku’yew qa’de**-ku’yewler yel shetine kelip atları’nan tu’sip, piyada keledi. Wolardı’n’ aldı’nan qı’z-kelinshekler juwı’rlası’p shı’g’ı’p ku’yew qa’de aladı’.

**Suw quyı’spa qa’de**- qı’z jen’geleri qudalardı’n’ bası’na suw quyatug’ı’n qa’de.

**Qamı’r jag’ı’w qa’de**-qudalar menen ku’yewdi atlandı’rar aldı’nda qudalardı’n’ betlerine suyı’q qamı’rdı’ jag’atug’ı’n qa’de qamı’r jag’ı’w qa’de dep ataladı’.

**Dize bu’ger** – azı’raq wotı’rı’w, irkiliw. Bul qa’de qudalar kelip wotı’rg’an waqı’tta alı’nadı’.

**Shabdı’rma qa’de** - ku’yewlerden qı’zdı’n’ awı’lı’nı’n’ kishkene balaları’ alatug’ı’n qa’de.

**Qol uslatar qa’de** – qı’zdı’n’ qası’nda qalg’an jen’gesi ku’yew baladan alatug’ı’n qa’denin’ tu’ri. Qı’dı’n’ qası’nda yeki kelinshek qaladı’, wonı’n’ birewi **qol uslatar qa’deni** aladı’.

**Shash sı’ypatar** - kelinshektin’ qası’nda qalg’an yekinshi jen’gesinin’ ku’yew baladan alatug’ı’n qa’de tu’ri.

**Kempir wo’ldi** - qa’de tu’ri. Bunda bir hayal yesiktin’ aldı’nda wo’lip qalg’anday uzı’nı’na tu’sip jatadı’, qa’deni alı’p tu’rgeledi. Bul qa’de qazaq xalqı’nda da bar.

«Yer Ziywar» da’stanı’nda bulardan basqa da qa’de-qa’wmet tu’rlerin ushı’ratamı’z. Mı’salı’:

Gu’lshin menen Zulfiya,

Qos jen’gesi keledi.

**«Mı’nawı’m wa’kil qa’de» dep,**

**«Mı’nawı’m daqı’l qa’de» dep,**

**«Ushı’rası’w qa’de» dep,**

**«Qol uslasi'w qa'de» dep,**

**«Tanı'stı'rı'w qa'de» dep,**

**«Dize bu'ger qa'de» dep,**

**«Shı'mı'ldı'q ashar qa'de» dep,**

**«To'sek salar qa'de» dep,**

**«Qı'z a'keler qa'de» dep,**

**«U'yge kirer qa'de» dep,**

**«Sa'lem berer qa'de» dep,**

**«Ko'rpe jabar qa'de» dep,**

**«Ku'yew bala biykeshim,-**

**Kewlin'di tabar qa'de» dep,**

Yeki birdey jen'gesi,

Qa'delerin aladı'.

«Ha, jezdejan, jezdejan,

**Shabdı'rar qa'de berin' ! dep,**

Qalmaqtı'n' ko'p balası'

Dalada shawqı'm saladı'.»

Joqarı'da berilgen «Yer Ziywar» da'stanı'nan alı'ng'an mı'salda qı'z jen'geleri alatug'ı'n qa'delerdin' tu'rleri atap wo'tilgen: w**a'kil qa'de, daqı'l qa'de, tanı'stı'rı'w qa'de, shı'mı'ldı'q ashar qa'de, u'yge kirer qa'de, ko'rpe jabar qa'de, sa'lem berer qa'de, qı'z a'keler qa'de, to'sek salar qa'de, kewil tabar qa'de, shabdı'rar qa'de** usag'an qa'de atamaları'n gezlestiremiz.

Bul joqarı'da atı' atalg'an qa'de tu'rlerinin' barlı'g'ı'n qı'z jen'geleri ku'yew ta'repten aladı'.

Biz qaraqalpaq tilinin' so'zlik qurami'nda, a'sirese, qaharmanlı'q da'stanlarda kelin tu'siriw toyı'nda kelinshek uzatı'lı'p, yel shetine kelgen waqtı'nan baslap ku'yewdin' awı'llasları', ag'ayin-tuwg'anları' alatug'ı'n qa'de tu'rlerin ushı'ratamı'z. Mı'salı', «Yer Shora» da'stanı'nda «joldag'ı' so'zler tamam bolg'annan keyin patsha Shoranı' izine yertip, xalqı'na xabar salı'p, yeline bir

ku’nlik jol qalg’annan keyin atlı’ jigitler kelinshektin’ aldı’na kelip **sı’naq ı’lag’ı’n shawı’p,** ko’kmar woynap, ayı’rı’p ı’laq taslag’anları’ ko’p inamlar alı’p, ha’r yeldin’ tusı’na kelgende awı’ldı’n’ jası’ u’lkenlerinin’ atı’n aytı’p woramal alı’p, ko’pirlerge kelgende «atamnı’n’ salg’an ko’piri» dep tu’yin alı’p, aldı’na sı’rı’q kerip sharshı’ alı’p, aldı’na qarap ju’rgizbey bir ku’nlik jolg’a u’sh ku’nde bardı’.»

Awı’lg’a jaqı’nlag’anda kelinshekti tu’yeden tu’sirip qı’z-qı’rg’ı’nlar jı’ynalı’p kelinshekti wortag’a alı’p qolı’n qarap, qaltası’n tintip, na’rse qaldı’rmay ala berdi. Taza tu’sken kelinshekte ı’qtı’yar bola ma, «bası’m aman qalsa bolar» dep sı’nı’n buzbay tura berdi.

«Sen aldı’n’, men qaldı’m, sen ko’p aldı’n’, men az aldı’m» degen qatı’n-qalashtı’n’ ton’qı’ldı’sı’ tawsı’la ma, azanda kelgen kelinshekti yeldin’ aldı’ jatqansha Shoranı’n’ aq wordası’nı’n’ ishine kirgiziwge ı’qtı’qat yetti.

Biz joqarı’dag’ı’ mı’salda **sı’naq ı’laq shawı’w, ko’pir qa’de, sı’rı’q keriw, qolı’n qaraw, qalta qaraw** usag’an qa’de tu’rlerin ushı’ratamı’z. Bul qa’de tu’rleri ha’zirgi toylarda da saqlang’an. Yeger kelinshek uzatı’lı’p kelse, sol ku’ni kelinshek ku’yewdin’ u’yine kiremen degenshe usı’ qa’deler alı’nadı’. Sol ushı’n da xalı’q arası’nda «Yer wo’lse de, qa’de wo’lmeydi, arı’q maldan to’slik al» degen ga’p bar.

## 1.5.Miyman ku’tiwge baylani’sli’ da’stu’rlerdi an’lati’wshi’ etnografizimler

Qaraqalpaq da’stu’rinde qonaq qatti’ si’ylanadi’. ,,Qonaq qudaydan bir jas kishi” degen so’z sonnan qalg’an. Jeti jasar qonaq kelgende jetpis jasar g’arri’ worni’nan turi’p sa’lemlesip, jani’nan jay beriwi mu’mkin. Ilaji’ bolsa qonaqti’n’ qonalqasi’na mal soyi’p, aldi’na bas qoyi’w da’stu’ri saqlang’an. Qonaq bastan da’m tati’p, basqa wo’zinen kishilerge qaytaradi’. Bul jag’day kelgen qonaq arasi’ndag’i’ qari’m-qatnaslarg’a baylani’sli’. Yeger de jas u’lken jezdey bolsa woyi’n-da’lkekkke ali’p, wog’an bas berilmewi de mu’mkin. Usi’gan baylani’sli’

xalqimi'zda **qa'deli jerge qoy beriw** ataması' ushı'rasadı'. Bul toylarda a'mel qı'lı'natug'i'n da'stu'rlerdin' biri. Bu'gingi ku'nde de saqlanı'p qalg'an da'stu'r.

Qaraqalpaq xalqı'nda ha'zirde toylarda quda-qudag'ayları'nı'n', yel ag'aları'na, yag'nı'y yen' sı'ylı' qonaqları'na atap **qoy beriw, bas qoyı'w** da'stu'ri bar. Ha'tte zamannı'n' qı'yı'nshı'lı'g'ı' da bul da'stu'rdi qaldı'ra almadı'. A'sirese, qudanı' wortag'a qoyı'p, ag'ayin bolg'an qudaları'na ha'mme **qoy soyı'p, bas qoyı'p** ku'tedi. Sonlı'qtan bul so'z tilimizde jiyi qollanı'ladı'.

Qaraqalpaqlarda **mu'she qoyı'w** da'stu'ri bar. Mı'salı': «Qoblan» da'stanı'nda:

Xanı'm dep atap kelmedi,

Atam dep **mu'she bermedi** - degen qatarlardı' gezlestiremiz. Mu'she qoyı'w bu'gingi ku'nde de saqlanı'p qalg'an da'stu'rlerdin' biri.

**Qoy soydı'**, musı'lmanlarg'a tarttı', ullı'rag'i'nı'n' aldı'na bas qoydı', wortarag'i'nı'n' aldı'na janbas qoydı', ayag'i'rag'i'nı'n' aldı'na to's qoydı'. (Yer Shora, 41-bet).

Yelden wo'zge tigilgen alti' qanat ***aq wotawda*** miymanlardı' qalı'n' yel qarsı' alı'p, ***saba-saba qı'mı'z*** benen samar-samar go'sh tartı'ldı'. Sarayshı'qtag'ı' waqı'yanı' yesine alı'p, sarsı'lı'p kiyatı'rg'an sultan ***qı'mı'z*** iship a'dewir qı'zdı' da wo'z ta'shwishlerin a'bden umı'ttı'. Su'mbile yeli sultandı' sı'ylap aldı'na qoyg'anı' ***baspaqtı'n' bası'*** menen ***jiliklep*** qoyı'lg'an ***jambas***. Hu'rmetli miyman juqa jerinen de da'm tatsı'n dep, ***jup qabı'rg'a*** menen ***jup telshe*** qoyı'lg'an.

Wo'zlerinin' aldı'ndag'ı' go'sh **gu'didey** bolı'p tursa da, ha'mmenin' dı'qqatı' sultanda. Nog'aylı'nı'n' ta'rtibi solay. Sultan qolı'nan ***sarqı't*** jegen adam wo'zin yen' baxı'tlı' sanaydı'.

Yel da'stu'ri boyı'nsha sultan tas tabaqtı' aldı'na alı'p, baspaqtı'n' bir ko'zin woyı'p alı'p jedi. Yekinshi ko'zin woyı'p alı'p, arjaq-berjaqqa qaradi'**:**

—«***Ko'zdi ko'sem jeydi***»-degen burı'ng'ı'dan qalg'an so'z. İbrayım balam, aldı'n'da a'ken' bolg'anı' menen de sen de usı' jerdin' ko'zge tu'sken adamı'san'. Sennen atlap wo'tpeyin. Yekinshi ko'z seniki.

Wornı’nan sekirip turg’an İbrayı’m ko’zdi qos qollap aldı’. Son’ı’nan bastı’n’ man’layı’n bir qı’rqı’p aldı’ da:

—Dostı’m, Su’yinish! «***Batı’rdı’n’ ko’rki man’layda, sheshennin’ ko’rki tan’layda***» degen xalı’qta naqı’l bar. Peshenen’e ha’mme waqı’t baxı’t darı’g’ay. ***Man’lay seniki***. —Wol da qos qollap turi’p, sultannı’n’ ***sarqı’tı***’n alı’p asap jiberdi.

Son’ı’nan ***gelleni*** bir aylandı’rı’p jiberdi de ***tan’lay***ı’n suwı’rı’p alı’p Yelmurat sheshenge qaradi’.

—So’z du’nyası’nda sizden wo’tetug’ı’n adam joq-«Tayaq-yetten, so’z-su’yekten wo’tedi»-dep biykarg’a aytı’lmag’an. Sultanlı’q ma’nsap sizin’ man’layın’i’zg’a jazı’lmag’anı’ menen tan’layı’n’ı’zg’a jazı’lg’an. ***Tan’lay siziki***, alı’n’,-dedi. Wol da aldı’.

Basqa u’n’ilip, sultan ja’ne bir maydan wotı’rdı’. Son’ı’nan a’lle bir na’rse yadı’na kelgendey.

–Negizinde ***qulaq*** degen balanı’n’ haqı’sı’. «***Sultan qulag’i’*** san’ı’raw, ***qoshshı’ qulag’i’*** ta’wiraw» degen yeken bir sheshen. Qoshshı’nı’n’ qulag’i’ bolmasa yel arası’nda Yedildey burqı’p atı’rg’an so’zlerdin’ bir de bi-rewin yesite almaymı’z. ***Qulaq***tı’n’ birewi seniki, Sa’lim inim,-dedi wortada wotı’rg’an jas sultang’a na’zerlep. Wol da **qulaqti’ qos qollap** asap jiberdi.

—Yendi qalg’anlari’n’ı’zdı’n’ ha’mmen’izdin’ **a’ken’iz tiri**. **Basta haqi’n’i’z joq**,-dep tabaqtı’ iyesine qaytardı’.

Tamaqqa **pa’tiya jasalı’p**, qol juwı’lı’p bolı’ng’annan keyingi a’n’gimenin’ to’rkini negizinen Su’mbiledegi diyxanshı’lı’qtı’n’ keleshegine bag’ı’shlandı’.

Qonaqlarg’a **tabaq tarti’w** ba’rinen de qi’yi’n boldi’. Aldi’na **bas qoyi’lsa** wo’zin Buxarani’n’ xani’nday sezetug’i’n qa’dimgi sahrani’n’ sada qaraqalpaqlari’, awqat u’stinde u’lken mu’sheden u’les alg’anlari’n unatpay, qoli’na **toqpaq jilik** alg’anlari’ ton’qi’ldap, **asi’q jilik** alg’anlari’ ashi’wlani’p woti’r. Biy bolg’an adam bas penen jambastan basqani’ jemespish. (83)

Seyit shayi’x miymanlardi’n’ keshki awqati’na won tay soyg’i’zg’an. Yeki biy bas qosqan jerde yeki baspaq soyi’p ju’rgen qaraqalpaqlarg’a bul hesh na’rse

yemes. **Bas** ma'rtebe ushi'n berilgeni ushi'n ko'pshilik jag'dayda **ustag'ang'a** sanalmaydi'. Ma'sele awqatti'n' az ya ko'pliginde yemes, si'yli' mu'shelerdin' saqlani'wi'nda. **Bas ag'a biyge, jambas jomart biyge**, **toqpaq jilik to'rege** degendey bo'listiriledi. **Jawi'ri'n** menen **asi'q jilikte** ayta qalarli'qtay ayri'qshali'q joq. Bular wolardi'n' keyingi ma'nsaptag'i' adamlarg'a beriledi.

Biyler ushi'n **ustag'annan** bos qali'w, uli'stan bos qali'w menen barabar. Soni'n' ushi'n da **jawi'ri'n** menen **asi'q jilik** uslag'anlardi'n' ma'nisi bolmadi'. Ash boli'p wo'zegi quri'p tursa da u'lbirep pisken **taydi'n' go'shinen** tiksingendey tabaqqa qoli'n sozbastan ti'msi'rayi'wi' menen woti'r. (83-bet)

## 1.6.Wo'lini jerlewge baylani'sli' etnografizimler

Milliy u'rp-a'det ha'm da'stu'rlerdin' qa'liplesiwi, rawajlanı'wı' sol millettin' tariyxı'y-sotsiallı'q, ekonomikalı'q wo'mir su'riw forması'ni'n' rawajlanı'wı' ha'm wo'zgerip wotı'rı'wı' menen boladı'. Ma'selen, tu'rkiy xalı'qlarda yerte da'wirlerden baslap-aq, wo'lini jerlew, matam tutı'w, wo'lgen adamni'n' ruwxı'na bag'i'shlap sadaqa beriw ma'resimleri qa'liplesken. Wo'lini jerlew da'stu'rleri ha'mme tu'rkiy xalı'qlarda bar, biraq wolardı'n' as beriw ma'resimlerinde bir qansha wo'zgeshelikler bayqaladı'. Bul xalı'qlardi'n' toy-merekelerdi wo'tkeriw, wo'lini jerlew, matam tutı'w usag'an da'stu'rlerinde wo'z ara ta'sir jasaw qubı'lı'sı' ko'p ushı'rasadı'. Qaraqalpaq tilinde wo'lini jerlew, matam tutı'w da'stu'rleri menen baylanı'slı' payda bolg'an etnografizmlerdi to'mendegishe toplastı'rı'wg'a boladı':

***I'rzalası'w***-adamni'n' wo'lmesinen aldı'n tuwı'sqanları', bala-shag'ası' menen xoshlası'p, bir-biri menen i'rzalası'wı'.

***Yestirtiw, xabar beriw***-wo'lgen adamnı'n' jaqı'n tuwı'sqanları'na sol adamnı'n' qaytı's bolg'anlı'g'i' tuwralı' xabardı' birden aytpay, jumbaqlap, ha'r tu'rli salı'stı'rı'wlar menen qosı'p aytı'w. Bul da'stu'r tu'rkiy xalı'qlardı'n' h'a'mmesinde saqlang'an. Adamni'n' qaytı's bolg'anı' tuwralı' xabar

aytı’lg’anda, „wo’ldi" dep tuwrı’ aytı’lmay, woni’n’ sinonimlerin qollanadı’. Yag’nı’y, wo’lgen adam jası’ u’lken, g’arrı’ adam bolsa, „du’nya saldı’", „allanı’n’ amanatı’n tapsı’rdı’", „jalg’anshı’dan qayttı’",- dep aytı’ladı’. Yeger baxı’tsı’z jag’day bolsa „jan tapsı’rdı’", worta jasar bolsa „qaytı’s boldı’", „qa’te boldı’", „qaytpas saparg’a atlandı’", jas adam bolsa „qı’rshı’nnan ketti", „qa’bir qushtı’", al na’reste bolsa „shetnedi",- degen etnografizmler qollanı’ladı’.

***Wo’lik, mu’rde, meyit*** -etnografizmleri – qaytı’s bolg’an adamnı’n’ denesi ma’nisin bildirip, wo’lik-yeski tu’rkiy so’z, meyit-arab tilinen, mu’rde-parsı’ tilinen kirgen. Bular sinonim so’zler qatarı’n quraydı’.

***Tabı’t*** - wo’lgen adamni’n’ denesi (meyit) salı’natug’i’n arnawlı’ taxtay. Jergilikli qazaq tilinde tabı’ttı’ geyde „atag’ash",- dep te ataydı’.

***Kepin***-jergilikli tu’rkiy tillerinde wo’lgen adamnı’n’ denesine arnap aq su’pten tigiletug’i’n ko’ylek ma’nisin beretug’i’n arab tilinen kirgen so’z.

***Kewil aytıw, jubatıw so’z, toqtaw so’z***-jaqı’nı’ wo’lip, jı’lap wotı’rg’an qaralı’ janlarg’a bası’w aytı’w. Bunda „qazag’a shu’kirlik yet", „wo’lmeytug’i’n bende joq", „adam buyrı’qtan qalmaydı’", „wo’zekli jang’a bir wo’lim", „jan iyesine bir qaza barı’ haqı’yqat", „wo’limnen h’eshkim qutı’lmaydı’", „artı’ qayı’rlı’ bolsı’n", „qalg’an jasi’n balaları’na bersin", „izi toy bolsı’n", „bolg’an iske polattay bekkem bol" t.b. etnografizmler aytı’ladı’.

***Bawı’rlap jı’law***-yeski da’stu’r boyı’nsha, jaqı’n tuwı’sqanları’ qazalı’ u’yge qaray dawı’s shı’g’arı’p jı’lap keliw. Qaraqalpaqlar da’stu’rinde qazalı’ u’yge ha’mme yerkek adamlar dawı’s shı’g’arı’p kiredi.

***Su’yekke kiriw*** - wo’likti juwı’p, kepinin kiygiziw da’stu’ri. Bul da’stu’r jergilikli xalı’qlardı’n’ h’a’mmesinde sha’rtli tu’rde a’melge ası’rı’lı’p, wonı’ worı’nlawshı’ arnawlı’ „juwı’wshı’" adamlar boladı’.

***Joqlaw*** - tu’rkiy xalı’qlardi’n’ derlik ha’mmesinde qaytı’s bolg’an adamg’a arnalı’p qosı’q tu’rinde aytı’latug’i’n jı’r. „Joq" so’zi yeski tu’rkiy tilinde „qayg’i’" ma’nisin bildirip, wo’lini jerlewge baylanı’slı’ da’stu’r, qaytı’s bolg’an adamg’a beriletug’i’n as ma’nilerinde qollanı’lg’an. A.N.Kononov yeski tu’rkiy tilindegi *uoq* so’zinin’ bir ma’nisi „qaza, wo’lim" yekenin

ko’rsetedi. E.Janpeyisov „joqlawdı’n’" qazaq tilinde „dawı’s aytı’w", „at qoyı’w" formaları’ bar yekenligin ko’rsetip, wog’an qaraqalpaq tilindegi „dawı’s shı’g’arı’w" ma’niles yekenin keltiredi. Bizin’she, bul formalar sı’rttan qarag’anda ma’niles ko’ringeni menen wolardı’n’ arası’nda ayı’rmashı’lı’q barday seziledi. Birinshiden, joqlaw, dawı’s aytı’wdı’ tek hayallar g’ana aytadı’. Ekinshiden, „at qoyı’w" yamasa „dawı’s shı’g’arı’w" bul wo’li jatı’rg’an u’yge kiyatı’rg’an adamlardı’n’ shı’g’aratug’i’n dawı’sı’. Bular joqlaw aytqan hayallarday biraz waqı’t dawı’s shı’g’arı’p wotı’rmaydı’.

***Kiyim iliw***-qaytı’s bolg’an adamni’n’ jaqı’nları’ namaz ku’ni arnayı’ ilip qoyı’lg’an jipke kiyim a’kelip salı’w.

***İyis, teberik***-wo’lgen jası’ u’lken adam bolsa, „jasın bersin",- dep i’rı’mlap, kiyimlerin jaqı’n-juwı’qları’na u’lestirip beredi.

Qaraqalpaq tilindegi matam tutı’w da’stu’rleri menen baylanı’slı’ aytı’latug’i’n biraz so’zler ,,aza” so’zi arqalı’ jasalg’an. Mı’salı’:

***Azalap bardı***-wo’lgen adamni’n’ tuwı’sqanları’na kewil aytı’w, wo’lini qayg’i’rı’w;

***Aza berdi, azag’a saldı’***-yeski da’stu’r boyı’nsha wo’lgen adamg’a kewil ayta wotı’rı’p, qazalı’ u’yge arnap beriletug’i’n zat.

***Aza ko’ylek***-jaqı’nları’ wo’lgen adamlar u’stilerine qı’zı’l-jası’l jaqsı’ ko’ylekler kiymey, qara ren’degi kiyimler kiyip ju’redi. Bunday kiyimler „aza ko’ylek" ya „aza ton",-dep ataladı’. Bunı’n’ ha’mmesi wo’lgen adamg’a degen hu’rmettin’ belgisin bildiredi. Aza so’zi tu’rkiy tillerine arab tillerinen kirgen so’z matam ma’resimi degendi bildiredi.

***Wo’linin’ artı’n ku’tiw***-wo’lgen adamg’a aza tutı’w, quran oqı’tı’w. Yag’nı’y wo’lgen adamnı’n’ namazı’, jetisi, qı’rqı’, ju’zi, jı’l sadaqası’ sı’yaqli’ merekeleri beriledi.

***Namazı’***- marhumni’n’ janaza namazı’ oqı’lı’p, jerlenetug’i’n ku’ni wo’tkeriletug’i’n u’lken ma’resimi. Uljanlar wo’lerdey ku’yip, wo’zgeshe sherli bop qalg’an yedi.

Qaraqalpaq a’debiy tilinde namaz so’zi parsı’ tilinen kirip, dinshillerdin’ quday aldı’nda ku’nine bes waqı’t wo’teytug’i’n parı’zı’ degen ma’nisti bildiredi. Qaraqalpaq tilinde namaz so’zinin’ yekinshi ma’nisi, yag’nı’y islam dini da’stu’rinde wo’lgen adamdı’ jerlew aldı’nda woqı’latug’i’n quran degendi de bildiredi.

Qaraqalpaq tilinde joqarı’da ko’rsetilgen so’zlerden basqa da wo’lini jerlew menen baylanı’slı’ qollanı’latug’i’n etnografizmler ko’plep ushı’rasadı’. Mı’salı’: demi pitiw, gu’zetshi, su’yekshi, da’wir shı’g’arı’w, da’riwshana, shı’yı’qshı’, i’sqat, pa’tiya lazı’m jer, bendelik aytı’w, qoyı’mshı’lı’q, bası’na jay salı’w, bası’n tikeytiw, piyshembilik, as beriw ha’m t.b.

Wo’lini jerlew, matam tutı’w da’stu’rleri menen baylanı’slı’ qollanı’latug’i’n etnografizmlerdin’ ko’pshiligin arab tilinen kirgen so’zler quraydı’. Mı’salı’, aza, janaza, zı’yarat yetiw, iyman, meyit, marxum, aqi’ret, tabı’t, kepin, qa’bir, qa’birstan, qaza sı’yaqlı’ so’zler tu’rkiy tillerine islam dininin’ qabı’llanı’wı’ menen baylanı’slı’ arab tilinen kirgen.

Qaraqalpaq tilindegi u’rp-a’detke baylanı’slı’ etnografizmlerdi jı’ynaw, toplastı’rı’w, wolarg’a lingvistikalı’q analiz jasaw tek xalqı’mı’zdı’n’ etnografiyası’n g’ana yemes, al tu’rkiy tillerdin’ arg’i’ tegin anı’qlaw ha’m jaslarg’a u’yretiw ushı’n u’lken a’meliy ha’m teoriyalı’q a’h’miyetke iye dep woylaymı’z.

# II BAP.Qaraqalpaq tilinde tag’am atamaları’na baylanı’slı’ etnografizmler

Ha’r qanday til menen sol tilde so’ylewshi xalı’qtı’n’ baylanı’slı’g’ı’n, yag’nı’y bir-birine ta’sir yetip wotı’ratug’ı’n lingvistikalı’q ha’m etnosqa baylanı’slı’ faktorlardı’ wo’z-ara baylanı’stı’rı’p izertlewshi tarawdı’ til biliminde etnolingvistika dep ataydı’.[1] Wonı’n’ wo’zine ta’n izertlew obiekti bar. A’sirler dawamı’nda jı’ynalg’an wo’tken wo’mirdin’ ta’jiriybesi menen wonı’n’ da’stu’rlerin saqlaw qa’siyeti bolmasa hesh bir xalı’qta da’stu’r jalg’aslı’g’ı’ menen miyrasxorlı’q bolmag’an bolar yedi. Usı’lardı’n’ ha’mmesi sheksiz so’z baylı’g’ı’mı’z arqalı’ xalı’q yesinde saqlanı’p bizge jetken bolsa, wolardı’ jı’ynap keleshek urpaqqa jetkeriw etnolingvistika menen shug’ı’llanı’wshı’ alı’mlardı’n’ wazı’ypası’ bolı’p tabı’ladı’. Etnografizmler etnolingvistikanı’n’ tiykarg’ı’ izertlew obiekti bolı’p tabı’ladı’. Bul leksikanı’n’ quramı’nda wo’tken wo’mirdi sa’wlelendiretug’ı’n u’rp-a’det, salt-da’stu’rge baylanı’slı’ so’zler menen so’z dizbekleri ko’plep gezlesedi. Biraq wolardı’n’ ko’pshiligi ku’ndelikli qarı’m–qatnasta aytı’lsa da ha’mmesi birdey xalı’qqa tu’sinikli bola bermewi mu’mkin. Bulardı’n’ etnografiyalı’q mazmunı’n, da’stu’rlik qollanı’wı’n izertlew etnolingvistikanı’n’ u’lesi bolı’p tabı’ladı’.

Qaraqalpaqlardı’n’ etnografiyalı’q leksikası’na na’zer awdarsaq wolardı’n’ ko’pshiliginin’ tiykarı’ qaraqalpaq tiline wo’zbek, tu’rkmen, qazaq, arab, parsı’ tillerine baylanı’slı’ yekenligin ko’remiz. Bunı’n’ sebebin tu’siniw wonsha qı’yı’n yemes. Bul aymaqta wolar tuwı’sqan yel bolg’anlı’g’ı’ menen baylanı’sı’p atı’r.

Azı’q-awqat du’nyanı’n’ barlı’q xalı’qları’na ta’n bolg’anı’ menen wonda milliy-etnografiyalı’q wo’zgesheliklerdin’ wo’zine ta’n milliy tag’amları’ bar. Yeger sayaxatqa shı’qsan’, burı’n wo’zin’e tanı’s bolmag’an a’lleqanday bir awqattan da’m tatı’p ko’resen’. Bul awqat sol yeldin’ milliy wo’zgesheliklerin sezdirip turadı’. Yeger sı’rt ellerge shı’qsan’ wo’z u’lken’de bolg’an a’lleqanday

[1] Ахманова С.О. Словарь лингвистических терминов, Москва, 1966, с. 529.

tanı’s bolmag’an adam «men senin’ yelin’de boldı’m» - demeydi, al, «senin’ yelin’nen da’m tatı’p ko’rip yedim» - deydi. Sog’an qarag’anda milliy tag’amlardı’n’ da atqaratug’ı’n xı’zmeti u’lken.

K.Ma’mbetov wo’z miynetinde qaraqalpaq milliy tag’amları’ jo’ninde bı’lay deydi: «Qaraqalpaq asxanası’ Worta Aziya xalı’qları’nan ayrı’qsha wo’zgesheliklerge iye bolmag’anı’ menen de wo’zine ta’n belgileri ko’p. Sebebi xalı’qlar bir-biri menen sorasqanda da «Den saw, kiyim pu’tin, qarı’n toq» - degen so’zlerdi aytadı’. Demek, adamlar arası’ndag’ı’ ta’shiwishlerdin’ biri azı’q-awqat. Degen menen du’nyadag’ı’ azı’q-awqatlı’q zatlardı’n’ wo’zi beske bo’linedi:

1) diyxanshı’lı’q, 2) sharwashı’lı’q, 3) an’shı’lı’q, 4) balı’qshı’lı’q, 5) palı’z-miywe dep atap wo’tedi».

Xalı’qlardı’n’ yen’ a’yyemgi awqatlar haqqı’ndag’ı’ tu’sinikleri ha’r qı’ylı’. Birewler «an’ go’shi», birewleri «da’n» - dep yesaplaydı’. Solay da yen’ a’yyemgi awqat, «jabayı’ miywe» bolsa kerek. Etnografiyalardı’n’ ko’pshiligi azı’q-awqatlardı’n’ negizlerin jabayı’ jemislerden izleydi. Jabayı’ jemis qol miynetin talap yetpeydi. Sonı’n’ ushı’n da ha’r bir xalı’q wo’zinin’ na’restelik jı’lları’nan baslap jabayı’ miywelerdi jep u’yrengen. Bunday tariyxı’ ko’p da’wirlerdi ishine alatug’ı’n jabayı’ jemistin’ tu’rleri qaraqalpaqlar arası’nda da bar. Ma’selen, qarmı’q, jigildik, juwa, su’tilmek ha’m tag’ı’ basqalar. Doktorlardı’n’ ta’n alg’anı’ sı’yaqlı’ bulardı’n’ ko’pshiligi da’ri-da’rmaqlarg’a bay wo’simlikler.

Bunnan tı’sqarı’ qosı’msha jemis sı’patı’ndada qollanı’lg’an. Sebebi, ayı’rı’m jabayı’ jemislerdin’ mapazı’ altı’ ayg’a sozı’lı’p ketedi. Ma’selen, su’tilmekti jan’a shı’qqan wag’ı’nan baslap jeydi. Al, gu’llengen waqı’tta a’sho’keyin, tu’yneklegen waqı’tta sobı’g’ı’n awqat sı’patı’nda jewge boladı’. Al, juwanı’n’ japı’rag’ı’n, son’ı’nan tu’yneklerin paydalanı’wg’a boladı’. Bul haqqı’nda A’jiniyaz shayı’r da wog’ada bahalı’ pikirlerdi aytqan. Mı’salı’:

Yadı’ma tu’skende kewilim wo’sken,
Ko’zim ko’rmegenshe ko’keyin tesken,
Jı’lı’nda miywelep u’sh ret pisken,
Atı’ su’tilmektey jemisim bardı’.

Sarhawı’z boyı’nda sayalı’ terek,
Jesen’ til u’yirgen a’seliw-pa’lek,
Qı’rı’n’da qı’zarı’p pisken gewirek,
Qawı’nday mazalı’ jemisim bardı’.[1]

Bul tek sahranı’n’ jabayı’ jemisleri. Qaraqalpaqlar xorezmli tuwı’sqan xalı’qlar menen yerte da’wirlerden baslap birlikte jasag’anı’ ushı’n da bul jerde jemistin’ tu’rleri ko’p. Yerik, shabdal, qa’reli, alma, almurt, shiye, ju’zim, a’njir ha’mmesi de bar. Bul haqqı’nda A’jiniyaz:

Bag’ları’mda bisyar almayu-anar,
Hesapsı’z mazalı’ miywesi bardı’.[2]

Bul jer burı’nnan-aq palı’z yeginlerinin’ watanı’ bolg’an. Ko’p mug’darda qawı’n-g’arbı’z, asqabaq ha’m palawqabaq jetistirgen. Al, su’tilmek, qaramı’q, juwa, ko’sik, jiyde ha’m tag’ı’ basqalar bizin’ eramı’zdan burı’ng’ı’ tariyxshı’lar miynetlerinde so’z yetiledi. Sonı’n’ ushı’n da bulardı’ yen’ yeski azı’q-awqatlar sı’patı’nda qarawg’a boladı’.

Biz bul jumi’si’mi’zda tag’am atlari’na baylani’sli’ etnografizmlerdi to’mendegishe toparlarg’a bo’lip qaradi’q:

1.Da’nnen tayarlanatug’i’n yag’am atamalari’;

2.Go’shten tayarlanatug’i’n tag’am atamalari’;

3.Su’tten tayarlanatug’i’n tag’am atamalari’;

## 2.1.Da’nnen tayarlanatug’i’n tag’am atamalari’

Ko’p g’ana alı’mlar da’ndi azı’q-awqattı’n’ bası’, dep yesaplaydı’. Sebebi, da’n yen’ birinshi wotta pisirilgen awqatlardı’n’ biri. Wonı’n’ yen’ a’piwayı’ tu’ri ***go’je*** – qaraqalpaq xalqı’nı’n’ milliy awqatları’nı’n’ biri. Da’n kelide tu’yilip,

[1] Әжинияз, Бир пәрий, Нөкис, «Қарақалпақстан» 1992, 3-б
[2] Әжинияз. Жоқарыда көрсетилген мийнети, 4-б

qawı’zı’nan ayı’rı’lı’p, suwg’a pisirilgen jag’dayda go’jege aylanadı’. Qaraqalpaq tilinin’ tag’am atamaları’na baylanı’slı’ etnografizmlerinde go’jenin’ to’mendegidey atamaları’ bar: «ju’weri go’je», «tarı’ go’je», «arpa go’je», «ma’sh go’je», «lobı’ya go’je», «gu’rish go’je», «Nawrı’z go’je» ha’m tag’ı’ basqalar. Go’je ko’p jag’dayda su’t, qatı’q, ayran ha’m toraq penen asqatı’qlanadı’. «Jarası’g’ı’ bolmag’an jazı’ qurı’sı’n, asqatı’g’ı’ bolmag’an ası’ qursı’n»[1] - degen ga’p sonnan qalg’an. Wo’z wo’zgesheligine qarap ma’sh, lobiya ha’m gu’rish may menen shajlanı’p pisiriliwi de mu’mkin. Bul tag’am qaraqalpaq tilinde ma’shaba degen degen atı’ menen belgili. Xalı’q awzı’ndag’ı’ «ma’shaba ma’sh keltirer, sı’qpan ashtan wo’ltirer» degen so’zler bar.

Yegerde da’n digirmanda jarı’lsa jarmag’a aylanadı’.

***Jarma*** – qaraqalpaqlardı’n’ yen’ belgili milliy tag’amları’nı’n’ biri. Ko’binshe ju’weriden islenedi. Wog’an qatı’q, ayran, toraq ha’m su’t qatı’ladı’.

«Diyqannı’n’ u’yine barsan’ jarma ishersen’» (66-bet), «Balı’qshı’nı’n’ ten’i qarma, jarlı’nı’n’ ten’i jarma» (64-bet),

Da’n digirmanda tartı’lı’p, ung’a aylang’annan keyin de wonnan bir neshe milliy tag’amlar tayarlanadı’. Wonı’n’ yen’ da’slepkisi bı’lamı’q.

***Bı’lamı’q*** - bul yen’ ası’g’ı’s waqı’tta tayarlanatug’ı’n awqat. Qazanda qaynap turg’an suwg’a azmaz un salsan’ qoyı’w sorpag’a usap pisedi. Son’ı’nan qatı’q yaki toraq qatı’lı’p ishiledi. Xalı’q awı’zı’nda «İshkenin’ bolsa bı’lamı’q, basalayı’ tag’ı’ bar», yamasa ko’rkem shı’g’armalarda wol haqqı’nda bı’lay dep jazı’ladı’. «Nabada kewili ashı’lı’p jarlı’qag’an ku’ni ba’ybishi bir san’rwz un berse, qatı’rg’an menen bir gu’lsheden artı’q shı’qpaytug’ı’n bolg’an son’ ayrandı’ qaynatı’p sol undı’ ishine salı’p, qoyı’wraq bı’lamı’q pisiredi».[2] Yeger qazang’a undı’ ko’p salsan’, wol bo’kpen sı’yaqlı’ qoyı’wlanı’p, ***qatı’bı’lamı’qqa*** aylanadı’. Son’ı’nan tabaqqa salı’p, u’stine sarı’may quyı’p jelinedi. Awqattı’n’ tap usı’nday tu’ri abxaz xalqı’nı’n’ qa’sterlenetug’ı’n milliy tag’amı’ yesaplanadı’ yeken.

---

[1] Қарақалпақ фольклоры. IV-том. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1978.
[2] Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ қызы, Нөкис, «Қарақалпақстан» 43-бет.

***Qatı'bı'lamı'q*** qaraqalpaqlardı'n' da belgili milliy awqatları'nı'n' biri. Ulı'wma qaraqalpaqlar unnan ko'p paydalanadı'. Qaynap turg'an qazang'a bir zuwala qamı'rdı' qolı' menen sı'g'ı'p, ***sı'qpan*** pisiredi. Mı'salı': «Wo'zimnin' sı'qpanı'mdı' sı'g'almay ju'rip, kisinin' kespası'n kesiwdi mag'an kim qoyı'ptı'?»[1].

Wonı'n' da asqatı'g'ı' qatı'q, su't, ayran, toraq. Qullası' xalı'q un menen su't qatı'qtı' ko'p qollanadı'.

Xalı'q sarı' may menen birlikte wo'simlik mayları'n juwaz, ja'rdeminde tayarlaydı'. Maylı' awqatlar tayarlawda awqattı'n' da'min ku'sheytiw ushı'n piyaz, geshir, go'sh, palawqabaq ha'm ha'r qı'ylı' ovoshlardı' qollanadı'. Awqat qorları' az waqı'tlarda shajgu'rtik ha'm nan sorpa islenedi. Degen menen qaraqalpaqlarda go'sh yen' baslı' awqat. Wolar go'shsiz awqattı' wonsha xosh ko'rmeydi. Sonı'n' ushı'n da negizgi awqatları'nı'n' ko'pshiligi go'sh. Qonaqqa mal soyı'w da'stu'r bolı'p, yen' hu'rmetli miymang'a wonı'n' bası' qoyı'ladı'. Xalı'q da'stu'rinde «Biyge bas, jas u'lkenge jambas, to'rege toqpaq jilik» degen so'zler qalg'an.

Xalı'q wo'z mu'mkinshiliklerine qarap, bul da'stu'rlerdi saqlay bilgen. Geyde qonaq kelgende qı'sı'nı'p mezban buwaz qoyları'n da soyg'an. «Tapqan birewin, tappag'an yekewin soyadı'» - degen naqı'l sonnan qalg'an.

Mal go'shi qazanda pisirilip, gu'rtik salı'nadı'.

***Gu'rtik*** **-** biyday yaki ju'weri unı'nan bolı'wı' mu'mkin. Bul awqattı'n' tu'rin tuwı'sqan xalı'qlar «bes barmaq» - dep atap ketken. Bul qaraqalpaq milliy awqatları'nı'n' yen' seydinlilerinin' biri. Go'sh, un ha'm gu'rish penen baylanı'slı' bolg'an basqa awqatlardı'n' derlik ha'mmesi de qaraqalpaq xalqı' arası'nda bar. Bul tag'am ha'zirgi ku'nge deyin milliy tag'amları'mı'z qatarı'na kiredi: Bul haqqı'nda G.Nurlepesova wo'zinin' «Balalı'qtan yelesler» qosı'g'ı'nda bı'lay deydi:

İyinag'ashta kanaldan suwlar tası'p,
Birew kespas, birew tu'ske gu'rtik ası'p,

---

[1] Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ қызы, Нөкис, «Қарақалпақстан» 37-бет

«U’y isinde qaysı’ qı’z ag’la?» - desip,
Ko’rgen janlar baradı’ talqı’lası’p.[1]

***Kespas*** – milliy tag’amları’mı’zdan biri bolı’p, qamı’rdı’ jin’ishke, uzı’nshaq yetip kesip, sorpag’a salı’p pisiriledi. Wol sorpada pisirilip qoymastan su’tke salı’nı’p pisiriliwi yamasa qatı’q penen asqatı’ladı’. Wonı’n’ qatı’q penen asqatı’lg’an tu’ri ***unashı’*** delinedi.

## 2.2.Go’shten rayarlanatug’i’n tag’am atamalari’

Ko’pshik tag’amlar Shı’g’ı’s xalı’qları’ arqalı’ tarqalı’p, xalı’qtı’n’ milliy awqatları’na aylang’an. Ma’selen, shashlı’k, palaw, mantı’, lagman, pelmen ha’m basqa da tu’rlerin ko’rsetiw mu’mkin. Biraq solay bolsa da ayı’rı’m awqatları’nda a’dewir wo’zgeshelikler bar. Ma’selen, milliy quwı’rdaq yaki bolmasa jer ka’bap. Qaraqalpaqlar ***jer ka’bap*** islew ushı’n qoydı’n’ ishek-qarı’nları’n alı’p taslap, qumg’a ko’mip, u’stine bir neshe saatlap wot jaqqan. Go’shlerdi juqa yetip kesip, tandı’rg’a, qazang’a jawı’p, ***tandı’r ka’bap*** islegen. Pisken go’sh penen gu’rtikti maydalap tuwrap, tuwrama islegen. Bul wo’zbeklerdin’ narı’n awqatı’na jaqı’n bolg’anı’ menen pu’tkilley basqasha. Go’shti maydalap, qamı’rg’a worap pisirip ***bo’rek*** jasag’an. Tap usı’nday bo’rekler ma’yekten de islenedi.

Bu’gin ka’rwanni’n’ jolg’a shi’qqani’na jigirma birinshi ku’n. Bir tu’yeni soyi’p, qumg’a ko’mip, u’stine wot jag’i’p, **jer ka’bap** yetip jep toyi’ni’p alg’an ka’rwan sa’ske bolmay jolg’a shi’qti’.

Al, balı’qshı’lı’q qaraqalpaqlarda wog’ada ken’ rawajlang’an taraw. Qaraqalpaq tilinde balı’qtan tayarlanatug’ı’n tag’am atamaları’na baylanı’slı’ balı’q sorpa, balı’q qarma, balı’q quwı’rdaq sonday-aq batı’s yellerinin’ da’stu’rinen kirip kelgen balı’q kotlet, jarkop sı’yaqlı’ atamaları’ bar. Sonı’n’ ushı’n da balı’qtan islenetug’ı’n awqatlardı’n’ tu’rleri ko’p. Balı’q sorpa, qarma xalı’qtı’n’ ku’ndelikli awqatları’nan yesaplanadı’. Qaraqalpaqlar A’miwda’ryanı’n’ ayag’ı’nda, Aral ten’izinin’ jag’ası’nda jasaytug’ı’n bolg’anı’

[1] Нурлепесова Г. Ақ сағымлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011. 32-бет.

ushı’n da wol jerde ten’iz benen bir qatarda da’rya, wo’zek ha’m ko’l suwları’ ko’p. Ko’llerinde sazan, su’wen, ı’laqa, sı’la, shortan ha’m aq shabaqlar mol bolg’an. Burı’ng’ı’ jı’llarda ten’izden bekire balı’qlar da ko’p awlang’an. Ten’izdin’ qaytı’p ketiwine baylanı’slı’ ha’zir balı’q a’dewir azaydı’. Dushshı’ suwdı’n’ kemeyiwine baylanı’slı’ bekire ha’m su’wen balı’qları’ joq bolı’p ketti. Sazan, ı’laqalardı’n’ mug’darı’ da a’dewir azaydı’. Wolardı’n’ wornı’n sı’la , aq amur, shortan, jı’lan balı’qlar iyelegen yesabı’. Sonda da qaraqalpaqlar balı’qtı’ ata-babaları’nı’n’ awqatları’ sı’patı’nda qa’sterleydi. Suwda qaynatı’p, sorpası’n ishedi. Go’shin jeydi.

***Qarma*** - sorpanı’ az mug’darda qaldı’rı’p, tikenlerin ayı’rı’p alı’p taslap u’stine maydalap gu’rtik salı’p, son’ı’nan bı’lg’ap, qarı’sı’tı’rı’p pisiredi. Balı’qtı’ tazalap, qaq jı’n’g’ı’l shı’bı’qqa wo’tkizip, wotqa tutı’p, u’stine sherebe sebelep, ka’bap yetip jeydi. ***Quwı’rdaq*** isleydi. Astı’na azmaz may sebelep, tabag’a salı’p ***jarkop*** yetip jeydi. Son’g’ı’ da’wirde balı’qtan ***kotlet*** jasaw da da’stu’rge aylang’an. Burı’n balı’q uwı’ldı’rı’qları’nan ***taba nan*** islengen. Ha’zir duzlap nang’a jag’ı’p jew da’stu’rge aylang’an. Qaraqalpaqstan balı’qları’nı’n’ dawrı’g’ı’ ko’p g’ana tuwı’sqan yellerge ma’lim. Bul haqqı’nda Wo’zbekstan xalı’q shayı’rı’ Mirtemir «Qaraqalpaq da’pteri» - dep atalg’an qosı’qlar du’rkininde to’mendegishe jazadı’:

Shetirek jaylasqan kishkene bo’lme,
Aldı’na jayı’lg’an ha’r tu’r balı’qlar,
Balı’q sorpa da’stu’r bul a’zim yelge,
Kimge balı’q kerek, kelip qalı’n’lar.

A’miw ı’laqası’n maqtaydı’ jen’gey,
Wo’zi quwı’rı’lar – deydi mayı’na,
Ha’r birinin’ qunı’ qoy menen ten’dey,
Burı’n tiygen tek te xannı’n’ payı’na.

Sonı’n’ ushı’n da balı’q – bul yelde qoy go’shi menen ten’ ka’sterlengen. Usı’nday sebeplerge ko’re yel arası’nda Moynaq qı’zları’nı’n’ «Bekirenin’ bel

kespesin jemegen sorlı’ basım, qoydı’n’ quyqalı’ go’shine tap boldı’m» - dep aytqan hikmetli so’zleri, bir qaraqalpaqtı’n’ shortandı’ maqtay bergenine qarata: «Shortanı’n’ zor bolg’anda Xiywag’a barmas pa yedi?» -degen ilme g’ayı’p so’zler saqlang’an.

Kiyim pu’tin, awqat mol bolg’ani’ menen de adamlardi’n’ kewil xoshi’ joq. «Jetimge **jilik** te juqpaydi’» degendey ka’rwandag’i’ adamlar ku’nde tu’yenin’ **toqpaq jiligin** kemirgeni menen de, **jarmasi’n** iship boli’p, suw ali’p ketken ju’werisin woylap ketken jarli’day kewildiz. **Jer ka’bap** jug’i’mli’ awqat bolg’ani’ menen ju’reklerine zaqi’mi’ bar. („Posqan yel” romani’nan, 137-bet)

**Palaw** da qaraqalpaqlar ushı’n milliy awqatlardan esaplanadı’. Lekin, bul Tashkent palawı’nan a’dewir parı’q qı’ladı’. Bunnan basqa qaraqalpaqlardı’n’ milliy awqatı’ yesaplang’an shalaw – dep atalg’an milliy awqattı’n’ tu’ri bar.

Bul awqattı’n’ tu’ri XIX a’sirde ko’p qollanı’lg’an yeken. Semiz qoydı’ qazandag’ı’ suwg’a salı’p, wonı’n’ u’stine gu’rish salı’p, uzaq qaynatı’p qoydı’ wo’z mayı’ menen sha’wlege usatı’p pisiredi. Biraq qaraqalpaq sha’wlesinin’ pisiriliwi bo’lek.

Bunnan tı’sqarı’ qaraqalpaqlar tarı’dan da ko’p milliy awqatlar pisirgen. Tarı’nı’ qaynatı’p so’k jasag’an. Wonı’n’ sarı’ mayg’a bı’lg’ang’an tu’ri ***mayso’k*** bo’bekler tuwı’lg’anda hayal-qı’zlar ushı’n shashı’w sı’patı’nda berilgen. Bul haqqı’nda G.Nurlepesovanı’n’ «Besik toy» degen qosı’g’ı’nda bı’lay dep jazadı’:

Qı’z anası’ keler besik arqalap,
Miywe-shiywe, bawı’rsaq, mayso’k dorbalap,
Ba’rshe ag’ayinler kelse jorbalap,
Qa’de-qa’wmetlerge tolg’an besik toy.[1]

So’kti qatı’qqa salı’p ta ishken. Su’tke salı’p qaynatı’p go’je islegen. Taqannı’n’ ha’r qı’ylı’ tu’rlerin jasag’an. Bunnan tı’sqarı’ gu’njini nan ha’m basqa da jemisli zatlarg’a aralastı’rı’p tu’yip ***iyjan*** islegen. Bul ha’zirgi tort ha’m shokoladlardı’n’ yen’ yeski formaları’ bolı’wı’ itimal. Sebebi iyjannı’n’ arası’nda qawı’n qaq ha’m mo’jeneler de ushı’raydı’.

---

[1] Нурлепесова Г. Ақ сағымлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011. 50-бет.

Qaraqalpaqlar maldan na’tiyjeli paydalang’an. Qara mal, qoy, yeshki, at ha’m tu’yelerdin’ go’shlerimenen bir qatarda su’tinen qatı’q, ayran, may, irimshik, toraq qı’mı’z ha’m shubat islegen, bular asqatı’q ha’m sı’yı’mlı’ awqatlar yesaplang’an. Jı’lqı’ go’shinen qazı’ islewdi yo’zlestirgen.

Qaraqalpaqlardı’n’ an’ go’shlerin qollanı’wı’nda da basqa xalı’qlardan aytarlı’qtay wo’zgeshelikleri joq. Mal go’shinen qanday awqatlar pisiriletug’ı’n bolsa, an’ go’shinen de sol atamadag’ı’ awqatlar pisiriledi. Burı’n bul u’lkede kiyik-qulanlar ju’da’ ko’p bolg’an. Ha’zir kiyik tek u’stirt ken’isliginde g’ana bar. Qı’rg’awı’l, qoyanlar ko’p. A’sirese qı’rg’awı’l go’shi salı’nı’p ası’lg’an palaw joqarı’ bahalanadı’. Ko’llerinde g’az, u’yrek, quw ha’m qasqaldaqlar ko’plep ushı’raydı’. Bulardı’n’ go’shleri ha’r qı’ylı’ awqatlardı’ tayarlaw ushı’n qollanı’ladı’. Ko’pshilik jag’dayda sorpa ha’m ka’bap tayarlanadı’.

## 2.3.Su’tten tayarlanatug’i’n tag’am atamalari’

Qaraqalpaq xalqı’ da basqa xalı’qlar sı’yaqlı’ maldan na’tiyjeli paydalang’an. Wolardı’n’ go’shleri menen birge su’tinen de sı’yı’mlı’ awqatlar, ishimlikler tayarlag’an. Su’t ha’m su’t wo’nimleri a’yyemgi da’wirden tag’am sı’patı’nda, sonday-aq awrı’wlarg’a yem ushı’n qollanı’p kelgen. Qaraqalpaq etnografiyası’n izertlegen T.A.Jdanko wo’z miynetinde qaraqalpaq xalqı’nı’n’ sharwashı’lı’q penen shug’ı’llang’anlı’qtan su’t ha’m su’t wo’nimlerinen na’tiyjeli paydalang’anlı’g’ı’ tuwralı’ so’z yetedi.[1] Su’tten tayarlanatug’ı’n tag’amlar xalı’qtı’n’ turmı’sı’nda u’lken a’hmiyetke iye. Sonday-aq, tildin’ so’zlik quramı’n bayı’tı’wda salmaqlı’ worı’n iyeleydi. Wonnan qaymaq, uytqı’, shalap, qı’mı’z, shubat, sarı’ may, asqatı’q, toraq, su’zbe, irimshik, su’tburı’sh ha’m tag’ı’ basqa da tag’amlar tayarlang’an.

**Qaymaq** – shiyke qoyı’lg’an yamasa pisirilgen su’tten yaki basqa da suyı’qlı’qlardı’n’ betindegi qoyı’w qabatı’. Qaymaq ulı’wma tu’rkiy so’z. Qaymaq

[1] Жданко Т.А. Этнография Каракалпаков. Ташкент, 1980. с.120.

so’zi yeski tu’rkiy jazba yesteliklerde shyak[1]; formasıʼnda ushıʼrasadıʼ. Ha’zirgi tu’rkiy tillerde qaraqalpaqsha, qazaqsha qaymaq; wo’zbekshede qaymoq; tu’rkmenshede gaymak; azerbayjansha gaymag; qumı’q tilinde kaymak formadag’ı’ variantları’ bar.

**Shubat** – tu’ye su’tinen ashı’tı’p islengen ishimlik. Qatı’qtan ha’r tu’rli ishimlikler paydalang’anda qaptalı’nda sol ishimliktin’ mayı’ alı’nadı’. Wonı’ sarı’ may, sı’yı’rdı’n’ mayı’ dep ataydı’.

**Sarı’ may** - so’zi tu’rkiy tillerde fonetikalı’q variantlarda qollanı’ladı’: wo’zbek tilinde, sori moy// sori ёg’; qazaq tilinde sarı’ may; azerbayjan tilinde eg’; tu’rkmen tilinde mesge yag’// sarı’ yag’.

**İrimshik** – su’tti iritip qaynatı’p su’zbe qaltag’a salı’p, quyashqa keptirip tayarlanatug’ı’n awqat. Ha’zirgi tu’rkiy tillerinde azerbayjansha ag’ı’z; qazaqsha uı’z; qı’rg’ı’sha uuz; qumı’qsha uvuz; tatarsha ugı’z; wo’zbekshe og’iz su’t formasıʼnda ushıʼrasadıʼ.

**Su’tburı’sh** – su’t, gu’rishten pisirlgen awqat. Sonday-aq, su’t wo’nimlerin qosı’p go’je, su’tli u’zben, su’t palaw sı’yaqlı’ bir neshe tag’amlar tayarlanadı’.[2]

Degen menen qaraqalpaqlar awqattı’n’ barlı’q tu’rlerin de qa’sterleydi. A’sirese nandı’ ha’m ullı’, ha’m ka’ramatlı’ yesaplaydı’. Qanday mazalı’ awqattı’n’ tayar bolı’wı’na qaramastan yen’ da’slep nannan da’m tatadı’. Uzaq saparlarg’a shı’qqanda wo’zi menen birge ***nan*** alı’p ju’redi. Usag’ı’n jerge yaki sı’pı’rı’ndı’g’a taslag’andı’ gu’na yesaplaydı’.

Jergilikli xalı’q nandı’ tandı’rg’a jawı’p jeydi. Wonı’n’ ***sho’rek, pa’tir, qatlama*** ha’m ***gu’lshe*** dep atalg’an atamaları’ bar. Ko’p jag’dayda ashı’tqı’ salı’p pisiriledi. Al, ashı’tqı’ salı’nbag’anları’n pa’tir nan – dep ataydı’. Nanlar burı’ng’ı’ waqı’tları’ qazanda qatı’rı’lı’p, tabada qalı’n’ yetip te pisirilgen. Ko’p jag’dayda biyday, ma’kke, arpa unları’nan islengen. Ju’weri ha’m tarı’ nanlar da ko’p mug’darda bolg’an. Biraq bul da’nlerdin’ unları’ biyday sı’yaqlı’ jumsaq bolmaydı’. Wolar wo’z aldı’na iylegende bir-biri menen birikpeydi. Sonı’n’ ushı’n

[1] Диалектологический словарь татарского языка, Казань, 1969, с, 406.
[2] Хожабаева К. Қарақалпақ тилинде сүттен таярланатуғын тағам атамалары. «Хабаршы» А.Н. 2000 №5, 62-бет.

wolarg'a az mug'dardag'ı' biyday unları'n qarı'q ushı'n qollang'an. Wolar juqa halı'nda wo'z mu'mkinshiliklerin saqlay almaydı'. Sonı'n' ushı'n da wolarg'a geshir  ha'm basqa da palı'z wo'nimlerin qaynatı'p qosı'p, zuwala halı'nda tandı'rg'a jabadı'. Nannı'n' bul tu'ri ju'weri zag'ara yaki tarı' zag'ara – dep ataladı'. Bul nanlardı'n' da wo'zine ta'n vitaminlik qa'siyetleri bar.

Usı' nan menen bir qatarda ju'retug'ı'n ishimlik – ***shay***. Shay du'nyanı'n' barlı'q yellerinde de bar. Shaydı'n' shı'palı' qa'siyeti bar. Qaraqalpaqstan sho'l zonası' bolg'anı' ushı'n da shaydı' ko'p ishedi. Wol adamlardı' sho'lden saqlaydı' ha'm sharshag'anı'n shı'g'aradı'. Yekinshi jag'ı'nan awqatlı'q sı'patqa iye. Jazı' ı'ssı' ha'm qı'sı' suwı'q yellerde ko'binshe ı'ssı' awqat ishiw da'stu'r: Yeger ı'ssı' awqat kemis yaki tayı'n bolmag'an jag'dayda nan u'lken awqat wazı'ypası'n atqaradı'. Wol shay menen qosı'p jelingende ı'ssı' awqatqa aylanadı', qarı'ndı' toydı'rı'p, sharshag'andı' basadı'. I'qlı'mı' ı'ssı' yellerde shay menen sho'ldi bası'w da'stu'r. Sonı'n' ushı'n qaraqalpaqlar shaydı' ko'p qollanadı'. A'sirese, su't qosı'lg'an qara shaydı'n' awqatlı'q jug'ı'mı' ba'lent. Sonı'n' ushı'n da miymang'a yen' da'slep nan menen shay qoyı'ladı'. Biraq shaydı' ha'r yel ha'r qı'ylı' mug'darda ishedi. Ma'selen, Yevropa yellerinde bir stakannan artı'q shay ishkendi ayı'p ko'redi. Ha'tte shaydı'n' watanı' Hindstannı'n' wo'zinde tek bir shashka ishiledi. Biraq ju'da' qoyı'w yetip demlengen boladı'. Qaraqalpaqstanda ha'r adam bir shaynekten aslam shay ishedi. Sonı'n' ushı'n da bir-birewge mira't yetkende de «shay iship ketin'», «nan jep ketin'» - dep aytı'ladı'.

Sahrada jasawshı' xalı'qlar geyde ata-babaları'nı'n' da'stu'rlerine qarap, qa'lese-qa'lemesede ko'p mug'dardag'ı' awqat jewge ma'jbu'r boladı'. Sebebi bazda miymannı'n' atı'na atap mal soyı'ladı'. Bunday jag'dayda shay awqattı' bası'w ushı'n da qollanı'ladı'. Shay Hindstan, Shri Lanka, Qı'tay, İndoneziya jerinde wo'sedi. Wonı'n' ayı'rı'm sortları' Qara ten'iz jag'aları'nda Tu'rkiya ha'm Kavkaz jerlerinde de ushı'raydı'. Lekin shay jetispey qalg'an jag'daylarda qaraqalpaqlar juwsan ha'm kiyik wotı' wo'simliklerin de shay wornı'na qollang'an. Bul haqqı'nda XIX a'sirde jasag'an qaraqalpaq klassik shayı'rı' A'jiniyaz wo'z pikirin ayta kelip:

Jegeni maylı’ palaw, ishkeni shay,
Shay iship, palaw kewili jay.
Qolı’nda shı’nı’kese, shı’nı’ sha’ynek,
İshedi qantlı’ shaydı’ qara suwday – dep jazadı’.

Sonı’n’ menen birge qaraqalpaqlar arası’na Batı’s asxanası’nı’n’ u’lgileri de ken’ tarqalg’an. Xalı’q arası’nda makaron sorpa, vermishel sorpa, borsh, solyanka, gulyash, ragu, bifshteks, langet, kotlet ha’m basqa awqat tu’rleri bar. Uyg’ı’rlar arqalı’ kirip kelgen. Qı’tay milliy tag’amları’ «Lag-man», «Mann-tı’», sonday-aq gruzinler arqalı’ kirip kelgen chixanvali (tawı’q quwı’rdaq) ha’m basqa da awqat tu’rleri bar.

Lekin, qaraqalpaq milliy awqatları’nda basqa yellerdin’ tag’amları’na sira’ usamaytug’ı’n a’dewir wo’zgeshelikleri bar. Etnograf T.A.Jdanko «Bunday awqatlardı’n’ tu’rleri jigirmadan aslam» - degen wo’z pikirin aytqan.

Worta Aziyada jasawshı’ tuwı’sqan xalı’qlardı’n’ kiyim-kiyinshekleri menen azı’q-awqatları’ a’dewir uqsas. Ma’selen, qaraqalpaqlardı’n’ milliy awqatları’ wo’zbekler menen qazaqlarg’a a’dewir jaqı’n turadı’. Sebebi qaraqalpaqlar bul yeki xalı’q penen de aralası’p wo’sken. Go’shti de, palawdı’ da ten’ qa’sterleydi. Sonı’n’ ushı’nda XIX a’sirde jasag’an klassik shayı’r Ku’nxoja wo’z zamanlası’ bolg’an qazaq shayı’rı’ Sherniyaz benen aytı’sqanda wo’zinin’ diyxanshı’lı’qqa beyimlesken wotı’rı’qshı’ xalı’q yekenligin bildirgisi kelip, jeti tu’rli awqatlı’q zattan turatug’ı’n palawdı’ (gu’rish, may, go’sh, geshir, piyaz, kishmish, zire): «Bizin’ yeldin’ awqatı’nı’n’ yen’ ullı’sı’» - dep ta’riyipleydi. Yag’nı’y da’ndi go’shten de joqarı’ qoyadı’. Sonda Sherniyaz aytqan yeken:

Xojeke, palaw bolsa u’lken ası’n’,
Ne menen sı’ylar yelin’, g’arrı’-jası’n,
Quyrı’g’ı’ bı’lg’an’lagan qoy turg’anda,
Maqtap kettin’ qaydag’ı’ sho’ptin’ bası’n, - degende, Ku’nxoja:
Shereke, ha’r bir so’zde ma’n boladı’,
Tirishilik tiregi da’n boladı’,
Qaraqalpaqta qoy da ko’p, jı’lqı’ da ko’p,

So’ytse de as u’lkeni nan boladı’ – dep juwap qaytarg’an.

Demek, ha’r qanday yelde de wo’z mu’mkinshilikleri tiykarı’nda wo’zine ta’n milliy tag’amları’ bolg’an. Sonday-aq qaraqalpaqlarda qonaq ku’tkende bas tartı’w burı’nnan kiyatı’rg’an yel da’stu’ri bolı’p yesaplanadı’. Wol – adam du’nyanı’ bası’ menen basqaradı’ degen ma’nini an’latadı’. Bas tartı’wdı’n’ da wo’zine ta’n qag’ı’ydaları’ bar. Bastı’n’ terisin ku’ydirmey tazalap, pisirip, wo’z aldı’na tabaqqa salı’p, qası’na pı’shaq qoyı’p, tumsı’g’ı’n qonaqqa qaratı’p usı’nadı’. Qonaq bastı’n’ won’ yeziwin kesip wo’zi awı’z tiyedi de sol yeziwin u’y iyesine beredi. Son’ u’ydegi barlı’q yer adamlarg’a bastan awı’z tiygizedi. Kishkene balag’a qulaq beriw u’lkenlerdin’ aqı’l-ken’esin ug’ı’p, tı’n’lap ju’r degendi, qı’zg’a tan’lay beriw sheber, kesteshi bol degendi bildiredi. Sonday-aq, ı’rı’mlap shashı’n’ uzı’n bolsı’n dep shasho’ser, ul balag’a sheshen bol dep tildin’ ushı’n, batı’r bol dep ju’rek jegizedi. Ata-anası’ tiri bolsa, jas balalarg’a bas uslatpaydı’. Wolarg’a miy, julı’n, talaq jegizbeydi.

Solay yetip, qaraqalpaq tilinde tag’am atamaları’na baylanı’slı’ etnografizmler ja’ne de teren’irek izertlewlerdi talap yetetug’ı’n aktual ma’selelerdin’ bir bolı’p qalmaqta. Ha’zirgi waqı’tqa deyin qaraqalpaq tilindegi tag’am atamaları’na baylanı’slı’ etnografizmler haqqı’nda qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliklerinen, arab, parsı’ tillerinen kirgen so’zlerden sonday-aq, K.Xojabaevanı’n’ ha’m bul haqqı’nda jumı’s islep atı’rg’an G.Adilovanı’n’ ilimiy maqalaları’nan biliwimiz mu’mkin.[1]

---

[1] Хожабаева К. Қарақалпақ тилинде сүттен таярланатуғын тағам атамалары. «Хабаршы» А.Н. 2000 №5, 61-бет. Адилова Г. Қарақалпақ қазақлары тилиндеги ас тағамға байланыслы этнографизмлер. «Хабаршы» А.Н. 2000, №5

## III BAP.Qaraqalpaq tilindegi milliy kiyim kenshek atamalari’

Ha’r bir millet wo’zinin’ so’ylew tili, salt-da’stu’ri, u’rp-a’deti kiyiniw wo’zgesheligi menen basqa xalli’qlardan aji’rali’p turadi’. Usi’ ko’z-qarastan alg’anda, qaraqalpaq xalqi’ da tek wo’zine ta’n bolg’an milliy wo’zgesheliklerine yerte da’wirlerden baslap, wo’z worni’na iye xali’q boli’p bul bizin’ xalqi’mi’zdi’n’ u’rp-a’detlerinde, turmi’si’nda, sonday-aq kiyim-kensheklerinde jaqsi’ saqlang’an. Bunday milliy wo’zgesheliklerimizdi qayta tiklew ha’m woni’ keleshek a’wladqa jetkeriw etnografiyali’q leksikami’zdi’n’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’nan yesaplanadi’.

Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ wo’tken wo’tmishinin’ ayqi’n ko’rinisleri ko’binese danali’q so’zlerde, milliy u’rp-a’det ha’m da’stu’rlerinde, milliy kiyim-kensheklerinde, ku’ndelikli u’y buyi’mlari’nda, ko’rkem wo’nerinde ha’m ma’deniyati’nda ani’q sa’wlelenip, wolar bizin’ da’wirimizge shekem jetip kelgen. Bu’gingi ku’nde milliy kiyim-kenshеklerimiz qayta tiklenip wolar turmi’sqa qayta yengizilmekte. Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ milliy kiyimlerinen bolg’an «Sa’wkele» ha’m «Ko’k ko’ylek» bu’gingi ku’nde qi’zlari’mi’zdi’n’ toy kiyimlerinin’ worni’n iyelemekte.

Milliy miyraslari’mi’z tuwrali’ A.Allamuratov, K.Ma’mbetov, A.Wo’temisov, Sh.Allaniyazovalardi’n’, ha’m bul boyi’nsha son’g’i’ da’wirlerde jumi’s ali’p bari’p atirg’an Q.U’senvalardi’n’ ilimiy maqalalari’nan mag’li’wmat ali’wi’mi’zg’a boladi’.

Qaraqalpaq milliy kiyim-kenshek atamalari’ tuwrali’ A.Allamuratov, Wo.Dospanov, G.Tilewmuratovlardi’n’ qaraqalpaqsha ko’rkem-wo’ner atamalari’n’n’ so’zligi[1] ja’rdemshi qollanba bola aladi’

Geypara kiyimlerde uli’wmali’q belgilerden bolatug’i’ni’ ani’q. Ma’selen, kostyum, shalbar, tufli, yetik, palto ha’m malaqay du’nyani’n’ ko’pshilik yelleri ushi’n ta’n. Bul kiyimler uli’wmali’q si’patlarg’a iye boli’p, jer ju’zinin’ jetpis payi’zdan

[1] Қарақалпақша көркем өнер атамаларының сөзлиги, Нөкис, Қарақалпақстан, 1992,

aslam xalqi’ tap usi’nday kiyimlerden paydalanadi’. Lekin, solay bolsa da ha’r qanday xali’qti’n’ wo’zine ta’n milliy lipaslari’ bar. Ko’pshilik jag’dayda ha’r qanday xali’q wo’z kiyiminin’ wo’zgeshelikleri tiykari’nda da aji’rali’p turadi’. Bul haqqi’nda K.Ma’mbetov wo’zinin’ ,,Qaraqalpaqlardi’n’ etnografiyali’q tari’yxi’’[1] miynetinde bi’lay deydi: «Ayi’ri’m xali’qlar wolardi’ rawajlandi’ri’p, pu’tkil jer ju’zilik xali’qlardi’n’ qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n woyatqan. Soni’n’ ushi’nda kiyimler wo’zgesheligi ha’r qanday xali’qti’n’ milliy wo’zgesheligi boli’p yesaplanadi’. Ko’pshilik xali’qlar bul da’stu’rlerdi a’dewir qa’sterleydi. Ma’selen, Yaponiya, Hindstan, Qi’tay, Arab ha’m İran hayal-qi’zlari’ qaysi’ yellerge bari’wi’na qaramastan wo’zlerinin’ milliy kiyimlerin kiyinedi. Yag’ni’y Yaponiya hayallari’ ha’mme waqi’t beline kishkene dasti’q si’yaqli’ zatti’ baylap aladi’, hind hayallari’ ko’ylek worni’na matani’ denesine woraydi’, arab ha’m iran hayallari’ shadra kiyedi. Wo’zbek ha’m ta’jik jigitleri u’stine shapan, bassi’na ala taqi’ya, qazaqlar tumaq, qi’rg’i’zlar aq qalpaq, tu’rkmen ha’m qaraqalpaqlar sho’girme kiyedi.

Soni’n’ ushi’nda kiyim (lipas) ha’r qanday xali’qti’n’ milliy wo’zgeshiliklerinin’ tiykarlari’n quraydi’. Lekin kiyim wo’zgesheligi yerte da’wirlerden baslap-aq saqlang’an. Sebebi, kiyim adamlardi’n’ jasaw jag’daylari’, jer ta’biyati’, tu’r-tu’si ha’m wo’zgerislerine qaray wo’zgerip barg’an.

Ma’selen, VI a’sirdegi Orxon-Enisey tu’rklerinin’ turmi’s jag’daylari’nan ko’lemli miynet jazg’an belgili ali’m Bernshtam: «Sol da’wirde jasag’an tu’rki qa’wimler kiyimleri arqali’ da bir-birinen aji’rali’p turadi’» -degen pikirdi aytadi’. Lekin wol da’wirlerdin’ kiyimleri u’lken wo’zgesheliklerge iye bolmag’an. Bernshtam: «Tu’rki qa’wimlerinin’ ko’semleri bas kiyimine qarap ta aji’raladi’» -degen pikirdi aytadi’. Sog’an qarag’anda bas kiyim a’yyemgi tu’rklerde u’lken wori’ndi’ iyelegen. Ma’selen, bizin’ xalqi’mi’zdi’n’ tariyxi’y atamasi’ da «Qalpaq» yaki bolmasa «Qaraqalpaq». Al, A.N.Kogonov bolsa «Qalpaq» so’zi a’yyemgi tu’rklerde «Glavar» ma’nisin an’latqan –deydi. Soni’n’ ushi’n da bizin’ xalqi’mi’zdi’n’ ati’ da bas kiyim menen baylani’ssa kerek. «Qalpaq» - bas kiyim boli’w menen qatar yen’ basli’ kiyim. Buni’n’ wo’zgeshe tu’rleri qalpaq, bo’rik,

---

[1] Мәмбетов К., Қарақалпақлардың этнографиялық тарыйхы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1995, 113-114-бет

malaqay, sho'girme. Al, son'i'nan qaraqalpaq qi'zlari'ni'n' bas kiyimine aylang'an sa'wkele bizin' erami'zdan buri'ng'i' Xorezm patshalari'ni'n' taji' xi'zmetin atqarg'an. Degen menen qalpaq Worta Aziya xali'qlari'ni'n' ko'pshiliginde bar.»

Biz jumi'si'mi'zda qaraqalpaq milliy kiyim-kenshek atamalari'n to'mendegishe toparlarg'a bo'lip u'yrendik:

1.Bas kiyimge baylani'sli' atamalar;

2.U'st kiyim atamalari';

3.Ayaq kiyim atamalari';

## 3.1.Bas kiyimga baylani'sli' atamalar

Qaraqalpaq tilindegi bar bolg'an milliy bas kiyimlerinin' atamalari' kiyizden islengen **qara qalpaq**, to'besi shoshaq *kiyiz* **jele**, teriden islengen **toppi'**, qaptali'n qoy teri menen a'diplegen jataq **malaqay, sho'girme, u'sh qulaq, soppas, taqi'ya, degeley, bo'rik, telpek** ha'm basqa da ha'r qi'yli' tu'rleri payda bolg'an.

Qaraqalpaq tilinde yer adamlardi'n' bas kiyimine baylani'sli' to'mendegidey etnografizmler ushi'rasadi':

**Qalpaq** - ha'r tu'rli formada keletug'I'n, ko'binese jazda kiyiletug'I'n bas kiyim.[1] Wol qanday ju'nnen tigiliwine baylani'sli' wo'z atamasi'na iye. Mi'sali':

«Aynanayi'n appag'i'm,
Qozi' ju'nli qalpag'i'm,»[2] (Besik ji'ri')
«Sorasan' yelimdi Xojban bizlerden,
Qalpag'i' qazanday yellerim bardi'.»[3] (Yellerim bardi')

Lekin Worta Aziyada jasawshi' xali'qlardi'n' qalpag'i' bir qi'yli' bolg'an –dep ataw qi'yi'n. Ma'selen, qazaq ha'm qi'rg'i'zlardi'n' qalpaqlari'ni'n' wo'zi de a'dewir wo'zgesheliklerge iye. A'sirese, bul wo'zgeshelikler negizinen XIV a'sirden keyin payda bolg'an.

---

[1] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, III, Нөкис, Қарақалпақстан, 1988, 110-бет
[2] Айымбетов Қ., Халық даналығы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1968, 5-бет
[3] Әжинияз, Бир пәрий, Нөкис, Қарақалпақстан, 1993, 3-бет

Sebebi tu’rki qa’wimler tiykari’nan XIV a’sirden keyin wo’z aldi’na bo’lek xali’qlar si’pati’nda tani’lg’an. Soni’n’ ushi’n da Worta Aziya xali’qlari’nda milliy kiyimlerdin’ wo’zgesheligi sol da’wirlerden baslang’an boli’wi’ itimal.

**Toppi’** – ishine paxta sali’p, si’ri’li’p tigilgen, balalarg’a arnalg’an bas kiyim.[1] Toppi’ da qanday gezlemeden tigilgenine baylani’sli’ woni’n’ atamalari’ wo’zgerip woti’rg’an. Mi’sali’:

,,Usi’lay yetse wol adi’mi’n ken’eytip, qi’sti’rg’i’shsi’z, ti’si’ da joq, *qara kiyizden toppi’* kiygen balasi’ni’n’ izinen wo’n’keyleydi de turadi’.[2]

,,U’stinde bayag’i’ gu’pisi gu’pi, belin sol buwg’ani’ buwg’an, basi’nda sol *pilteli toppi’*.[3] Jas balalarg’a *toppi*’, ko’ylek, gu’pi tigip satadi’, soni’n’ menen ku’neltedi.[4]

**Malaqay** – teriden tigilgen bas kiyim. Woni’n’ qaraqalpaq tilinde *qulaqshi’n, iytqulaq, tumaq* si’yaqli’ atamalari’ bar.[5] Wolar ayri’m dialektlerde g’ana malaqay so’zinen wo’zgeshe boli’p ayti’li’wi’ mu’mkin. Mi’sali’:

Baspashi’lardan tu’lki teriden *malaqay* kiygen birewi de shala jansar yeken. (T.Qayi’pbergenov ,,Qaraqalpaq qi’zi’ 419-bet)

**Sho’girme** - alti’ ayli’q yamasa bir ji’lli’q qozi’ terisinen tigilgen do’n’gelek bas kiyim. Bul haqqi’nda biz ko’rkem shi’g’armalardan woni’n’ qanday bas kiyim yekenligi tuwrali’ mag’li’wmatlar ali’wi’mi’zg’a boladi’. Mi’sali’:

Aldi’n’nan qarasam arti’n’ awi’tay,
Qaptaldan qarasam tu’rin’ g’awi’qtay,
Qi’sta sa’wirlegen tu’yetawi’qtay,
Shamal qaqsa ha’n’kiyesen’ sho’girme.

(I.Yusupov ,,Sho’girme”)

–Qa’ydem, a’ytewir u’yge *sho’girme*leri qazanday yeki kisi kelip yedi. (21);

Aldi’ndag’i’ qara kisi: «Nashardi’ *sho’girme* menen urg’anda ji’g’i’lmasa boldi’» degende, qi’zdi’n’ yeki dizesinen dimari’ ketip, ji’g’I’la jazladi’.(22);

---

[1] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, IV, Нөкис, Қарақалпақстан, 1992, 342-бет
[2] Қайыпбергенов Т., Қарақалпақ қызы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1960, 14-бет
[3] Сонда, 47-бет
[4] Сонда, 358-бет
[5] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, III, Нөкис, Қарақалпақстан, 1988, 265-бет

…Aq *sho'girme*dey do'n'gelek ayg'a zawi'q penen qarap, sa'l jelpigen samalda ha'z yetip, gu'lla'n qayg'i'lari'n umi'ti'p woti'r. (38)[1]

**Taqi'ya** – si'ri'p, kestelenip, nag'I'slani'p islengen juqa bas kiyim.[2] Taqi'ya da basqa bas kiyimler si'yaqli' ren'lerine ha'm qanday gezlemeden tigiliwine qaray wo'z atamasi'na iye. Mi'sali': Wortadag'i' taqi'yashan', shala buwri'l shashli' kisi u'y iyesinin' so'zine mardi'yi'p, shalg'ayaqlay berip janbasladi'.[3]

**Bo'rik** – ha'r tu'rli teriden tigilgen bas kiyim. Ayri'm dialektlerde malaqay, tumaq, qurash, telpek, degeley si'yaqli' atamalari' bar.[4] Mi'sali';

…Keregenin' basi'ndag'i' a'rebi qara qurashi'n ali'p kiymekshi boldi. (34)

Atajan aq qurash shaqqanli'q yetip wortag'a tu'sti. ( „Qaraqalpaq qi'zi'" 398)

**Telpek** – to'besi domalaq, qoydi'n' sen'sen' terisinen jiyeklengen, i'ssi' bas kiyim.

**Degeley** – yernegi ju'nli teri menen a'diplengen, gezlemeden tigilgen, malaqayg'a usas bas kiyimge baylani'sli' etnografizm.[5] Mi'sali': Basi'nda qi'zg'i'sh degeley, belindegi to'rt yeli qayi'sqa bir qulash gu'mis sapli' qi'li'sh asi'ng'an. (K.Sultanov „Aqda'rya" 182-b)

Bas kiyim ushi'n ju'n, qoy terisi, tu'lki, qasqi'r, qarsaq, qoyan ha'm ti'shqan terileri paydalani'lg'an. İylengen mal terileri malaqaydi'n' ti'si' ushi'n qollani'lg'an. Bas kiyim tigiwdin' bunday usi'llari' basqa xali'qlarda da bar. Biraq tu'ri a'dewir wo'zgeshe boli'p keledi. sebebi «qaraqalpaqsha jataq malaqay», «qaraqalpaqsha sho'girme», «qaraqalpaqsha taqi'ya» a'dewir wo'zgesheliklerge iye.

Al qaraqalpaq hayal-qi'zlari'ni'n' bas kiyimlerine baylani'sli tilimizde to'mendegidey etnopgrafizmler ushi'rasadi'. Mi'sali': taqi'ya, kiymeshek, sa'wkele, to'belik, jawli'q h.t.b.

---

[1] Қайыпбергенов Т., Қарақалпақ қызы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1960, 21-22-38-бет
[2] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, IV, Нөкис, Қарақалпақстан, 1992, 264-бет
[3] Сонда, 27-бет
[4] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, I , Нөкис, Қарақалпақстан, 1982, 350-бет
[5] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, II , Нөкис, Қарақалпақстан, 1984, 70-бет

**Kiymeshek -** Hayallardin’ bas kiyimi. XIX a’sirdin’ aqi’ri’ XX a’sirdin’ basi’nda islengen hayal-qi’zlardi’n’ kesteli kiyimlerinin’ biri.[1] 2011-ji’li’ baspadan shi’qqan «Qaraqalpaqstan» atli’ miynette kiymeshek haqqi’nda mi’naday pikirler ushi’rasadi’: «Muzeylerimizde ko’rgizbege qoyi’lg’an milliy kiyimler bu’gingi ku’nde umi’ti’li’p barati’rg’an milliy ma’deniyati’mi’zdi’ tiklewde u’lgi si’pati’nda xi’zmet yetip ati’r. Wolar arasi’nda *kiymeshek* dep atalg’an ko’kirek ta’repi bay kestelengen kiyim elementleri adamni’n’ di’qqati’n wo’zine tartadi’. Wo’tmishte qi’zi’l kiymesheklerdi jas kelinshekler kiyse, aq kiymesheklerdi ka’ywani’ hayallar kiygen.»[2] Bul haqqi’nda K.Ma’mbetov bi’lay dep jazadi’: «Kelinshekler kiyetug’i’n kiymeshek negizinen toy kiyimi yesaplani’p, u’sh mu’yeshlilik u’lgisinde tigilgen. Bul kiyim de a’lwan nag’i’slarg’a bay. Materiali’ ushi’g’adan boli’p, jawli’g’i’ jipek tawar menen jiyeklengen boladi’. Nag’i’slari’ ha’r qi’yli’ boli’p, bes nag’i’shli’ ha’m tog’i’z nag’i’shli’ kiymeshekler ushi’raydi’.»[3]

Kelinsheklerge bas woraw da’stu’r bolg’an. Sebebi ha’r qanday kelinshek bas worawdi’n’ sheberi boli’p, qi’zlarg’a haywanshaqli’ bas woraw usi’li’n u’yretken. Bas woraw ushi’n ko’binshe jipekten qali’n’ yetip islengen tu’rme qollang’an.

**Tu’rme-** yeni 30 sm usi’li’nda toqi’lg’an uzi’nli’g’i’ 10 metrden aslam jipek mata. Buni’n’ yen’ qi’sqa tu’ri *ma’deli* –dep ataladi’. Al, tu’rme bolsa negizinen hayal-qi’zlardi’n’ bas worawi’ ushi’n paydalani’lg’an. Soni’n’ ushi’n da qaraqalpaq xali’q qosi’qlari’nda:

Kir degende qi’zlar turman’ uyali’p,
***Tu’rme***n’nin’ si’rti’nan aydi’lli’ shali’p,

-dep ayti’ladi’.

**Sa’wkele** – qi’zi’l mawi’ti’ menen qaplani’p, metal tu’ymeler ha’m bahali’ taslar (tiykari’nan marjan taslar) tag’i’nshaqlar menen bezetilgen.[4] Bul haqqi’nda K.Ma’mbetov bi’lay dep jazadi’: „Sa’wkele- bul qi’zlardi’n’ bas kiyimi boli’p, to’besi shlemge usap gu’mbezlenip turadi’. Woni’n’ negizi ushi’g’a menen

[1] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, II , Нөкис, Қарақалпақстан, 1984, 347-бет
[2] Қарақалпақстан, Тошкент, «Маънавият» 2011, 92-бет
[3] Мәмбетов К., Қарақалпақлардың этнографиялық тарыйхы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1995, 145-бет
[4] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, IV , Нөкис, Қарақалпақстан, 1992, 193-бет

ti'slang'an juqa kiyiz. Ushi'g'a qi'zi'l ha'm qara ren'de boli'p, tik tarti'lg'an to'rt jolaqtan quralg'an. Sa'wkelenin' toppi'si' (to'besi) to'belik yaki jegde menen jabi'li'p turatug'i'n bolg'anli'qtan wonda aytarli'qtay, ko'p nag'i's bolmaydi'. Al, woni'n' man'lay jag'i' qi'zi'l, jasi'l marjanlar menen birlikte gu'mis penen bezelgen. Yeki qasti'n' arasi'nda bir qatar dizbe monshaqlar bo'lip turadi'. Woni'n' u'stine gu'misten islengen gu'mis qasli' g'ubba qadalg'an. Qulaqti'n' u'stin yeki qatarli' qi'zg'i'lt sarg'i'sh feruza marjanlar jawi'p turadi'. Shamasi' bul bas kiyimnin' tarqali'wi' wog'ada yerte da'wirlerdi wo'z ishine ali'p erami'zdan buri'ng'i' X a'sirde Mesopotomiyada payda bolg'an. Son'i'nan Sak ha'm Massagetler yeline tarqalg'an boli'wi' itimal. Biraq bul bas kiyimnin' sonshama yeski boli'wi'na qaramastan tek qaraqalpaqlar arasi'nda g'ana tarqali'wi' ko'p g'ana ali'mlardi' woylandi'rmaqta. 1741-ji'li' qaraqalpaqlar arasi'na kelgen Gladi'shev ha'm Muravin «Sa'wkele qaraqalpaq hayal-qi'zlari'ni'n' ku'ndelikli bas kiyimi» -dep ta'riyipleydi. Ha'zirgi waqi'tta woni'n' 5 danasi' tabi'li'p, muzeylerde saqlawli' tur."

To'beligin' ushi'g'adan qaplang'an,
Qan qi'zi'l monshaqlar Qatar saplang'an,
Go'zzalli'g'i'n' qa'sterlenip saqlang'an,
Bu'gingi da'wirge shekem sa'wkele.

Uzati'lg'an qi'zlar kiyip basi'na,
Baxi'tti'n' ni'shani' bolg'an sa'wkele.

(G.Nurlepesova „Sa'wkele")

**To'belik** – sa'wkelenin' u'stine kiyiletug'i'n bas kiyimge baylani'sli' etngrafizm.[1] Wol a'yyemgi massaget amazonkalari'ni'n' basi'na kiygen qalpaqlari'n yesletedi.

Sonday-aq **taqi'ya**ni'n' da hayal-qi'zlar kiyetug'i'n tu'rleri bolg'an. Qaraqalpaq tilinde woni'n' ***zerli taqi'ya, po'pekli taqi'ya, gu'mis taqi'ya, g'azna maqpal taqqi'ya, silsineli taqi'ya, to'belik taqi'ya*** dep atalg'an tu'rleri bar..

[1] Қарақалпақстан, Тошкент, «Маънавият» 2011, 93-бет

**Gu’mis taqi’yalar**- negizinen gu’mis qan’i’lti’rdan islengen, wog’an mi’s penen ushi’g’a aralasqan. Mi’sali’:

Basi’n’a kiygensiz zerli taqi’ya,
Basqan izlerin’iz bizge qupi’ya

(G.Nurlepesova ,,Qa’birin’ basi’nda’)[1]

**Aydi’nli’**- tawardi’n’, shi’tti’n’ tu’ri, qosali’ wo’zgeshe nag’i’sli’, qosali’ shi’t, ko’binese hayal-qi’zlar basi’na woraydi’.[2] Woni’n’ to’men qarap artqa salbi’rag’an bir ushi’ qaraqalpaq tilinde *halaqa* dep ataladi’.[3] Mi’sali’:

Go’ne qi’zi’l aydi’nli’si’ni’n’ halaqasi’ qaraqshi’g’a baylang’an jalawday jelbireydi. (T.Qayi’pbergenov ,,Qaraqalpaq qi’zi’” 14-b)

**Jawli’q** – basqa jami’latug’i’n u’lken ha’m qi’zi’l woramal.[4] Woni’n’ ko’lemi boyi’nsha kishkene tu’ri woramal dep ju’ritiledi.

**Jegde** – hayal-qi’zlardi’n’ buri’ng’i’ waqi’tta jipekten kestelep tikken ha’m basi’na bu’rkenip kiyip ju’retug’i’n, jen’li kiyimi.[5] Jegde kelte ha’m tar yetip tigilgen, tek basqa jami’li’p ju’retug’i’n mereke kiyimi. Buni’n’ da nag’i’shlari’ wo’z aldi’na. Bul tap qi’zlardi’n’ arnawli’ kiyimine usap, woni’ tek qi’z jen’geleri g’ana jami’ladi’. Biraq qaraqalpaqlarda bul yeki kiyimnin’ arnawli’ yeki tu’ri bar: 1) qi’zi’l kiymeshek ha’m aq jegde; 2) aq kiymeshek ha’m jegde. Bunday kiyimlerdi kiyiw hayal-qi’zlardi’n’ jaslari’na qaray belgilengen. Mi’sali’: Anasi’ni’n’ go’ne-ko’klsi *jegde, jawli’gi’* bolsa da hesh ga’p yedi (,,Qaraqalpaq qi’zi’” 26-b).

## 3.2.U’st kiyim atamalari’

Degen menen kiyimnin’ basi’ ko’ylek. Bul kiyimnin’ de basqa Shi’g’i’s xali’qlari’nan parqi’ joq. Lekin qaraqalpaqsha ko’yleklerde «nog’ay jag’a» -degen da’stu’r bolg’an. Bul jag’ani’n’ tariyxi’ ba’lki qaraqalpaqlardi’n’ sol XIV a’sirdegi Nog’ayli’ awqami’nda jasag’an da’wirlerinen qalsa kerek. Sebebi, ko’ylektin’ «yaxtak» -dep atalg’an tu’ri (shapan si’yaqli’ aldi’ ashi’q boli’p,

---

[1] Нурлепесова Г., Ақ сағымлар, Нөкис, Қарақалпақстан, 2011, 3-бет
[2] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, I , Нөкис, Қарақалпақстан, 1982, 42-бет
[3] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, IV , Нөкис, Қарақалпақстан, 1992, 465-бет
[4] Сонда, II tom, 188-бет
[5] Сонда, II tom, 192-бет

belinen woramal baylanadi’) wo’zbek ha’m ta’jikler arqali’ basqa xali’qlarg’a da wo’tken. Al, qaraqalpaqlar nog’ay jag’ali’ ko’ylek kiyedi. Buni’n’ yeki tu’ri bar. Birinshisi, ko’ylektin’ bas beti adamni’n’ basi’ si’yg’anday yetip woyi’li’p, son’i’nan qi’zi’l sabaqlar menen a’diplenedi. Ayi’ri’mlari’na nag’i’sh ta woyi’ladi’. Yekinshisi, aldi’ betinen jag’a shi’g’ari’li’p, wog’an sa’dep yaki bolmasa po’pekli baw tag’i’ladi’, paxta mami’g’i’nan islenedi. Paxtani’ shi’g’i’rshi’qtan wo’tkerip, sabap, urshi’q penen iyirip, son’i’nan qozaqta bo’z yetip toqi’ydi’. Al, tayar aq su’p tawar bolsa ju’da’ jaqsi’. Bular negizinen «ish kiyim» yaki bolmasa «jaz kiyim» sanaladi’. Qi’z ha’m kelinsheklerdin’ ko’ylekleri a’dewir wo’zgeshe boladi’. Bularda *jipek ko’ylek, pashshayi’ ko’ylek, ko’k ko’ylek* quni’ jag’i’nan ha’tte birneshe maldi’n’ bahasi’na ten’. Ma’selen, bir ko’k ko’ylektin’ bahasi’ni’n’ wo’zine bes si’yi’r talap yetilgen. Materiali’ni’n’ qanday yekenligi belgisiz. Biraq wo’ne boyi’ nag’i’s. Yen’ sheber adamlardi’n’ wo’zi bir ko’ylekti to’rt-bes ji’l tikken. Bir ko’ylektin’ jag’asi’ni’n’ wo’zine woti’z tu’rli nag’i’s woyi’lg’an. Pashshayi’ ko’ylek penen jipek ko’ylekler de tap sog’an jeteg’aba. Soni’n’ ushi’n bul ko’yleklerdin’ ta’riyipi xali’q qosi’qlari’nda da ko’p ayti’ladi’. Mi’sali’:

Pashshayi’ ko’ylegim igri dizin’nen,
Suwg’a barsan’ men barayi’n izin’nen.

*Ko’k ko’ylek* – hayal-qi’zlardi’n’ toy ha’m bayramlarda kiyetug’i’n kiyim. Wol ko’k ren’degi bo’zge ha’r qi’yli’ ren’degi jipler menen jag’asi’, jen’i, wo’n’irinin’ ushi’na, yetegine nag’i’s sali’nip kestelengen ko’ylek. Wo’tken da’wirde ,,kesteli ko’ylek” dep atalg’an.[1] Wol aldi’ betinde toqi’lg’an «sawi’ti’ nag’i’s» lari’ menen ayri’qsha aji’rali’p turadi’.[2] Ko’k ko’ylektin’ ta’riypi ko’rkem shi’g’armalarda ken’ so’z yetiledi. Mi’sali’:

Ha’r bir tali’n jipek taladan yesip,
Qi’zlar kestelegen kewili wo’sik.
Toyi’mi’zg’a kiyiw yetkey da’ nesip,

[1] Алланиязова Ш., Қарақалпақ тилиниң қол өнери лексикасы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1997, 17-бет
[2] Қарақалпақстан, Тошкент, «Маънавият» 2011, 92-бет

A’rman yetken seni deyip Ko’k ko’ylek.

(Sh.Payzullaeva ,,Ko’k ko’ylek”)[1]

,,Seni qoldan berip qoyi’p, a’rmanli’ wo’tken xalqi’m,
«*Ko’k ko’ylek*»ti bo’zden toqi’p, da’rtlerin to’kken xalqi’m.”

(G.Nurlepesova,,Jan’a ku’nin’ mu’ba’rek, xalqi’m!”)[2]

… Ko’k ko’ylekke keste toqi’g’anda qi’z,
Woni’n’ qi’z da’wrani’n waqi’t urlag’an.
U’sh qi’z toqi’g’anda birlesip sa’nlep,
Jeti ay waqi’ti’ ketken desedi.
Sonsha azap penen pitken b ir ko’ylek,
Bay qi’zi’na nesip yetken desedi.

(G.Nurlepesova ,,Ko’k ko’ylek aldi’ndag’i’ woylar”)[3]

«Toy bolsa quw bas jumalaydi’» degen qa’dimgi qaraqalpaqti’n’ da’stu’ri. Qi’zlari’ni’n’ basi’nda **qi’zi’l tu’rme**, tum-tusi’na **manat** tag’i’p a’sho’ko’ylengen **pashshayi’ ko’ylegi**, qulag’i’ndag’i’ **si’rg’asi’** menen murni’ndag’i’ **a’rebegi** qozday jani’p, ko’ksindegi **ha’ykelleri** jalt-jult yetedi. Bulardi’n’ ba’ri de toyg’a kelgen Amanli’qti’n’ a’japalari’. (95-96-bet)

No’kerler atali’qti’n’ yesiginin’ aldi’na bari’p toqtadi’. Bul waqi’yadan xabari’ bar ma, a’ytewir ha’kim atali’q u’yinde yeken. Wol ko’k **barxut shapani’n** jami’li’p si’rtqa shi’qti’. Bul waqi’tta balalar menen woynap ju’rgen Amanli’q ta kelip qali’n’ topqa qosi’lg’an. (92-bet)

**Lawdan ko’ylek** – juqa jipek gezlemeden tigilgen ko’ylek.[4] Bul ko’ylekti tiykari’nan u’lken jastag’i’ kempir apalar kiygen. Mi’sali’: Kempir lawdan ko’yleginin’ jen’i menen ko’zinin’ jasi’n si’pi’ri’p, yeki qoli’ni’n’ alaqani’na telmirip qaradi’. ( K.Sultanov ,,Aqda’rya” 4-bet)

Qaraqalpaqlarda bunnan basqa da *,,shati’rash ko’ylek”*, *,,bo’z ko’ylek*” si’yaqli’ atamalarg’a iye tu’rleri bar. Mi’sali’:

---

[1] Бес гүл, Қарақалпақ қызы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1992, 31-бет
[2] Нурлепесова Г., Ақ сағымлар, Нөкис, Қарақалпақстан, 2011, 47-бет
[3] Сонда, 55-бет
[4] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, III , Нөкис, Қарақалпақстан, 1988, 234-бет

Jumagu’l *bo’z ko’ylegin* qasi’ndag’i’ bir tu’p qarabaraqti’n’ u’stine jaydi’ (T.Qayi’pbergenov ,,Qaraqalpaq qi’zi’” 20-bet); Ishki *nog’ay jag’ali’* ko’ylektin’ bo’z yekenligi seziledi. (40-bet); Aydi’n’ jaqti’si’ menen *shati’rash ko’yleginin’* yetegin to’men tu’sirip, jegdesin qoli’na ali’p, ha’r ji’rmashi’na qaytadan u’n’ilip qaytadan jami’ladi’. (49-bet)

Demek, qaraqalpaq qi’zlari’ni’n’ ko’yleklerinin’ ta’riyipi de u’lken bir da’stan.

Yekinshisi, gu’z kiyim. Bulardi’n’ qatari’na beshpent yaki bolmasa kamzol ha’m shekpen kiredi.

**Ba’shpent-** (beshpent) ko’ylektin’ si’rti’nan kiyetugi’n jen’ bar, astarli’ kyim, negizinen qi’z-kelinsheklerdin’ kiyimi.[1] Bul kiyim de wo’zine ta’n wo’zgeshe nag’i’slari’na iye. Mi’sali’: Qi’zi’ni’n’ basi’na beshpentinin’ shalg’ayi’n jawip a’sten g’ana si’bi’rladi’: (,,Qaraqalpaq qi’zi’” 15-b) …Ko’kke boyalg’an bo’z beshpentinin’ si’rti’nan yeki qari’ bo’z belbewdi buwdi’. (46-b) Ba’shpent qara barxi’t yaki qara tawardan tigilgeni menen nag’i’slari’ni’n’ san-sanag’i’ joq. A’sirese ba’shpenttin’ jag’asi’, yetegi, kisesinin’ qaptali’ni’n’ ba’ri tolg’an nag’i’s bolg’an. Bunday nag’i’slardi’ qi’zlardi’n’ wo’zleri jen’gelerinin’ ja’rdeminde tikken. Usi’nday jag’daydi’ wolar kelinshek boli’p tu’setug’i’ndag’i’ kiyimlerinin’ nag’i’slari’ menen bir qara u’ydin’ wo’rmek da’skesin zordan segiz ji’lda toqi’p bolg’an.

**Shekpen-** ju’n jibinen, ha’r qi’yli’ materiallardan ishine ju’n, paxta sali’p, yamasa paxta, ju’n salmay astarli’ yetip, si’ri’p toqi’lg’an, si’rttan kiyetug’i’n uzi’n yer adamlardi’n’ kiyimi.[2]

Bug’an qosi’msha qi’z-kelinshekler ba’shpent ishinen jen’siz (kashmishka), yer adamlar shekpen ishinen kamzol (kostyum) kiygen.

**Sholaq** – qi’sqa, kelte degen ma’nini bildiredi. Sonday-aq wol qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ni’n’ kiyim-kensheklerinin’ bir tu’ri. Woni’n’ ***jen’siz, jaket, si’rmaq, ku’rteshe*** si’yaqli’ atamalari’ bar. Mi’sali’: …jalan’ash yetine sholaq qara

[1] Сонда, I tom, 252-бет
[2] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, IV , Нөкис, Қарақалпақстан, 1992, 524-бет

shekpen kiygen Biybinin' a'kesi shi'g'anag'i'nan tutti'. (34-b);  Si'rtqi' gu'pisin sheshe sala, suwg'a tu'siwge ma'jbu'r. (17-b)

XVIII a'sirde yen' birinshi qaraqalpaqlar arasi'na kelgen wori's sayaxatshi'si' P.Ri'chkov: «Bul yeldin' qi'zlari' ju'da' suli'w boli'p keledi. Al, quslari'ni'n' qorazi' ha'dden ti'sqari' go'zzalli'qqa iye. wolar  wo'z go'zzalli'qlari'na baylani'sli' bezenip te biledi. Bul u'lkenin' qi'zlari'ni'n' kiyimleri menen qoraz qi'rg'awi'llari' tap sonday si'patlawg'a turarli'q» -dep jazadi'. Qaraqalpaqlar: «Qi'z bala  wo'z u'yine qonaq», -dep yesaplap, wol wo'zge yesikke barg'anda da  wo'z worni'n tawi'p ketiwi ushi'n jas ku'ninen baslap wog'an  wo'ner u'yretken. Bul  wo'ner kiyim tigiw ha'm wog'an nag'i's woyi'w, sonday-aq u'y da'skeler ushi'n  wo'rmek toqi'wda belgili bolg'an. Soni'n' ushi'n da bul jag'day qi'zlar arasi'ndag'i'  wo'ner jari'slari'n payda yetken. Wo'nerli qi'zlardi'n' miynetleri ko'birek bahalang'an. Usi'nday sebeplerge ko're da'slep ha'r qanday qi'zg'a  wo'ner u'yretiw ushi'n jen'geleri ha'm analari' ja'rdem bergeni menen de,  son'i'nan bul isti wolardi'n'  wo'zleri men'gerip ketetug'i'n bolg'an. Ha'r qanday qi'z  wo'zinin' qol  wo'neri menen de bahalang'an. Turmi'sqa shi'g'atug'i'n qi'z xali'qqa  wo'zinin' qol  wo'nerin de tani'ta alg'an.

Qi'zlar  wo'z  wo'nerin ko'rsetiw ushi'n bir ko'ylekti bes ji'l tigiwge de zerikpegen. Biz a'lbette, bul pikirimiz benen barli'q qi'zlar  wo'z kiyimlerin wo'zleri tigip kiygen, -dep ayta almaymi'z. Sebebi, iyne tigiwge yerinetug'i'n baydi'n' qi'zlari' da bolg'an. Biraq sol bay qi'zlari'ni'n' da 30 protsentten aslami' sheber atang'an. Ku'yewge shi'g'atug'i'n ha'r qanday qi'z kiyimge nag'i'sh woya almasa, qur toqi'y almasa ayi'p sanalg'an. T.A.Jdankoni'n' boljawi'nsha 80 protsentke jaqi'n qi'zlar tap sonday  wo'nerge iye bolg'an.

Al yendi, qaraqalpaqlardi'n' qi's kiyimlerine keletug'i'n bolsaq, hayal-qi'zlari' maqpaldan paxta menen astarlap tigiletug'i'n *gu'pi*, an' terisinen tigilgen ha'zirgi shubalarg'a usag'an *ishik*, bunda ishikler tu'lki, shag'al, qasqi'r ha'tte ayi'ri'mlari' jolbari's terilerinen de tigilgen.

Qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ni’n’ qi’sqi’ kiyimlerinde nag’i’s az boladi’. Tek qara qoqshi’l barxi’t maqpal gu’pilerdin’ jag’alari’ menen qaltalari’nda g’ana nag’i’s woyi’ladi’. Qali’n’ astarli’ gu’pini yerkekler de kiyedi. Biraq wolardi’n’ yen’ basli’ qi’s kiyimi qoy terisinen tigiletug’i’n *sen’-sen’ posti’n*.

**Sen-sen’ posti’n**-qoy terisinen iylep tigiledi. Terisi ma’lha’m bolg’annan keyin a’nar suwi’ ju’ritilip, sari’g’a boyaladi’. Son’i’nan arqasi’na u’sh mu’yeshli ayshi’q qoyi’ladi’.[1] Lekin qaraqalpaq xalqi’ kiyiminin’ wo’zgeshelikleri buni’n’ menen sheklenbeydi.

Qaraqalpaqlarda yerte da’wirlerden baslap qi’z jen’geleri qazi’lar si’yaqli’ belgili bir huqi’qqa iye bolg’an. Sebebi, ha’r qanday qi’zdi’n’ turmi’stan wo’z worni’n tawi’p ali’wi’ ushi’n jen’geleri juwap bergen. Jen’geler kiygen kiyimleri boyi’nsha aji’rali’p turg’an. Ma’selen, qi’zi’l kiymeshek kiyip, qi’zi’l jegde jami’lg’an jen’geler a’dewir jas boli’p, qi’zlarg’a jaqi’nnan aralasqan. Al, aq kiymeshek ha’m aq jegde jami’lg’an jen’geyler u’lken aqi’l ha’m parasatqa iye boli’p, ma’sla’ha’tshilik xi’zmetlerin atqarg’an. Sonday-aq jasi’ qi’ri’qtan wo’tken hayallar keywana yesaplani’p, qi’zi’l kiymeshek worni’na aq kiymeshek, qi’zi’l jegde worni’na aq jegde, ha’ykel worni’na tumarsha, qalqanli’ si’rg’a worni’na bu’rshikli si’rg’a, qasli’ bilezik worni’na quyma bilezik tag’i’ng’an. Qaraqalpaq kelinsheklerinin’ basi’n haywanshaqlap worap, halaqasi’n uzi’n taslaytug’i’n bolg’an.

Tag’i’nshaq atamalari’. Qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ni’n’ wo’zine ta’n tag’i’nshaqlari’ni’n’ tu’ri wog’ada ko’p. Ma’selen:

**A’rebek-** muri’ng’a sali’natug’i’n si’rg’a. Wol gu’mis si’mnan do’n’gelek yetip jasalg’an boli’p, si’rtqi’ qaptallari’nda ko’k ren’li, feruza tu’sli mayda-mayda hasi’l taslar, alti’n jalati’lg’an. A’dette wol muri’nni’n’ won’ jag’i’na tag’i’ladi’. Muri’n a’zzi ag’za bolg’ani’ ushi’n a’dette, wol jen’il boli’wi’ tiyis.

Qi’zlar negizinen ***xalqali’ si’rg’a, sobi’q si’rg’a, baldaqli’ si’rg’a, silsileli si’rg’a*** tag’atug’i’n bolsa, hayallar ***bu’rshikli si’rg’a, shi’yratpali’ si’rg’a*** tag’i’natug’i’n bolg’an. Soni’n’ ushi’n da bulardi’n’ bir-birinen a’dewir parqi’ bar.

---

[1] Мәмбетов К., Қарақалпақлардың этнографиялық тарыйхы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1995, 146-бет

Usi’nday sebeplerge ko’re qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ni’n’ tag’i’nshaqlari’ni’n’ wo’zi de wolardi’n’ jaslari’na qaray bo’linedi. Ma’selen, qaraqalpaqlardi’n’ 12-13 jastag’i’ ***qi’zlari’ ha’ykel, ayshi’q, moytumar, ilkel, jumalaq tu’yme, shar tu’yme, giltshalg’i’sh ha’m wo’n’irmonshaq*** tag’i’w da’stu’rlerge aylang’an. Soni’n’ ushi’n da Ag’i’nbay Allamuratov: «Wolar basi’na kiygen gu’mis taqi’ya, to’belik yamasa sa’wkele sa’wle shashi’p, qulag’i’ndag’i’ halqali’ si’rg’alari’ jalt-jult yetip, milliy kiyimlerdin’ nag’i’slari’ndag’i’ qi’zi’l, jasi’l, sarg’i’lt nag’i’slar ha’r qi’yli’ tu’slerge dolani’p, ba’ri bir-birine qosi’li’p, a’jayi’p go’zzalli’q do’retken. Ja’ne ha’ykel, wo’n’ir monshaq, shar tu’ymedegi mayda qon’i’rawlardi’n’, silsinelerdin’ si’n’g’i’rli’si’, shuwdi’rli’si’ qi’z-kelinsheklerdin’ saldamli’ ju’ris-turi’slari’na nama qosi’p turg’anday a’jayi’p sa’n berip turg’an» -dep jazadi’.

Hayal-qi’zlardi’n’ tag’i’nshag’i’–**ha’ykel** Worta Aziyani’n’ ayi’ri’m xali’qlari’nda ushi’rasqani’ menen de qaraqalpaqlardi’n’ ha’ykes a’dewir wo’zgeshe. Bul tag’i’nshaq negizinen tumardi’n’ jetilisken tu’ri boli’wi’ mu’mkin. Sebebi, ha’ykel ju’da’ suli’w ha’m nag’i’shli’ boli’wi’ menen birge, wonda karamatli’ quran su’releri de saqlang’an.

Qaraqalpaqlar *ha’ykel*i bir neshe bo’leklerden turadi’. Bas beti gu’mis qan’i’lti’rdan quralg’an. Bet jag’i’nda birneshe qaslar ha’m alti’n jalati’p islengen nag’i’slari’ bar. Gu’mis qan’i’lti’rli’, qoshqar shaq ha’ykeldin’ basi’ u’sh iri bo’lekten turadi’. Woni’n’ worta bo’legi kesesine wornalasqan uzi’n tu’tikshe. Yeki ushi’ nag’i’sli’ yetip qaqpaqlang’an. Bir jag’i’ni’n’ qaqpag’i’ almali’-salmali’ boli’p, woni’n’ ishine quran hayatlari’ yaki qag’azda jazi’lg’an duwa, ten’geler sali’nadi’.

Ha’ykeldin’ qarami’ a’dewir u’lkenlew boli’p, wol ja’wxar tas, alti’n ha’m gu’misler menen bezetilgen. Mayda ji’lti’rawi’q shi’nji’ri’ ha’m qon’i’rawli’ tag’i’nshag’i’ bolg’ani’ ushi’n da qi’zlarg’a u’lken saltanat bag’i’shlaydi’. Sonli’qtan, bul tag’i’nshaqti’n’ worni’ a’dewir wo’zgeshe. Usi’nday sebeplerge ko’re Worta Aziyag’a da’slepki kelgen wori’s sayaxatshi’lari’ qaraqalpaq ha’m tu’rkmen hayal-qi’zlari’ni’n’ tag’i’nshaqlari’na u’lken a’hmiyet bergen. Bul go’zzal tag’i’nshaqlar haqqi’nda qaraqalpaq klassik shayi’rlari’ da wo’z bahalari’n

bergen. Ma’selen, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ XIX a’sirdegi u’lken klassik shayi’ri’ A’jiniyaz wo’z da’wirinde qaraqalpaq qi’zlari’ni’n’ kiygen kiyimleri, tag’i’nshaqlari’ haqqi’nda a’hmiyetli mag’li’wmatlar beredi. Mi’sali’:

Qulag’i’n’a taqi’p alti’n si’rg’ani’,
Zerli ruwmal, u’ki taqi’p bashi’n’a.

(«Yol bolsi’)

Piste buri’ni’nda tilla’ a’rebek,n»
Barmaq toli’ yuzik-yuzik a’llerin’.

(«Bozatawli’ na’zelim»)

Tilla’ ha’ykel gardani’n’a taqarsan’,
A’l qawsi’ri’p, qushaq ashqan sa’wdigim,

(«Sa’wdigim»)

Wo’n’ir’ir monshaq, ha’ykel tag’i’p si’ldi’rap,
Shashlari’na dag’li’ marjan wo’tkergen. («Go’zzallar»)
Zerbarag’ wo’rilgen tilla’ shashbawi’,
Kiygen libasi’ni’n’ ba’ri alti’n-zer.

(«Bir pa’riy»)

Zerbaraq alti’n quyi’lmi’sh taqqan ani’n’ si’rg’asi’,
Kiygen ja’nnet ishik, qundi’z tuti’lmi’sh yag’asi’.
Alti’n ha’ykel, gu’mis shi’taq wo’n’ir monshaq taqqani’,
Atadan hasi’l tuwi’lur, ha’mmelerge yaqqani’

(«Qi’z Woraz»)

Uli’wma A’jiniyaz shayi’rdi’ XIX a’sirde wo’tken qaraqalpaq xalqi’ni’n’ yen’ talantli’ etnograf shayi’ri’ –dep atasa boladi’. A’jiniyaz wo’z xalqi’ni’n’ etnografiyasi’n teren’ bayanlaw menen bir qatarda wog’an xali’q talanti’ si’pati’nda qarap, u’lken maqtani’sh yetedi.

Ma’selen, woni’n’ qazaqti’n’ talantli’ shayi’ri’ qi’zi’ Men’esh penen bolg’an ayti’slari’n ali’p qarayi’q. A’jiniyaz bul ayti’sta wo’zin talantli’ shayi’r si’pati’nda ko’rsetiw menen bir qatarda xali’qti’n’ milliy etnografiyali’q wo’zgesheliklerine de u’lken a’hmiyet bergen. Sebebi, wol waqi’tlari’ tuwi’sqan xali’qlar arasi’nda

tap usi’ ku’nlerdegidey jol qatnaslari’ jolg’a qoyi’lmag’anli’qtan bir-biri menen jaqi’n ara qatnasi’qlari’ bolmag’an. Sonli’qtan Qi’z Men’esh:

Ko’shkende qi’zlari’n’i’z ne minedi?
Aytta-toyda qi’zlari’n’i’z ne kiyedi?
Qaraqalpaq degen jurt boli’p pa,
Xalqi’n’ni’n’ ku’sh-ko’ligi nemene yedi?

-dep sorag’an. A’jiniyaz shayi’r bug’an juwap si’pati’nda:

Ko’shkende ko’len’keli bar ku’ymesi,
Ko’ylegi darayi’dan won tu’ymesi,
Shi’ldi’ri’,  wo’n’ir monshaq bar ja’nesi,
Bilezik, ju’zik si’rg’a ko’p nemesi.

-dep juwap qaytarg’an. A’jiniyaz Qi’z Men’eshtin’ qaraqalpaq jigitleri haqqi’ndag’i’ sorawi’na da tap usi’nday etnografiyali’q juwap qaytarg’an. Soni’n’ ushi’nda Qi’z Men’eshtin’:

Qosi’lsa yeki jaqsi’ balday bolar,
Birewi ta’n, birewi janday bolar,
Xojeke, sennen men bir so’z sorayi’n,
Jigiti sizin’ yeldin’ qanday bolar.

-dep baslang’an sorawi’na, A’jiniyaz:

Jigiti bizin’ yeldin’ bolar g’oshshaq,
Belinde tilla’ ka’mar, alti’n pi’shaq,
Jigiti bizin’ yeldin’ mine sonday,
Pashshayi’ si’m balaqli’, jipek shashaq,
Min’geni arg’i’maq at, moyni’ quwday,
U’stinde aq basli’ yer, basi’ shoshaq,
Basi’nda alti’n ju’wen, qos siynement,
Ko’yleginin’ shashag’i’, qushaq-qushaq.

-deydi. Demek, ha’r bir xali’qti’n’  wo’zine ta’n kiyimleri ha’m wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri bolatug’i’ni’ si’yaqli’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ da wo’zine ta’n milliy kiyimleri bolg’an. Bul wo’zgeshelik shayi’rlar do’retpeleri menen birlikte

basqa tuwi'sqan xali'qlardi'n' ma'deniy iskerleri menen bolg'an ma'deniy baylani'slarda ayqi'n so'z yetiledi.

Ha'zirgi waqi'tta muzeylerde saqlani'p ati'rg'an milliy kiyim-kenshek u'lgileri ayri'qsha. Wolardi'n' atamalari' menen teren' tani'si'p, qolda bay kitaplardan paydalani'p, arami'zda bul kiyimlerdi az da bolsa biletug'i'n adamlardi' izlep, wolar haqqi'nda mag'li'wmat toplaw ha'm usi'lardi'n' ba'rin qollanba yetip tayarlaw, ha'zirgi jaslarg'a wo'tmishten mag'li'wmat beriw etnografiyali'q leksikami'zdi'n' yen' a'hmiyetli wazi'ypalari'nan boli'p tabi'ladi'. Son'g'i' waqi'tta qaraqalpaq milliy kiyim-kenshekleri boyi'nsha izertlewshi Q.U'senova[1] ilimiy izertlew jumi'slari'n ali'p barmaqta.

## 3.3.Ayaq kiyim atamalari'

Xali'q arasi'nda tarqalg'an naqi'lda «Dos –basqa, dushpan-ayaqqa qaraydi'» - deydi. Soni'n' ushi'n bul yeki kiyimge de u'lgen itibar beriledi. Qaraqalpaq ayaq kiyiminin' basqa tuwi'sqan xali'qlardan a'dewir aji'rali'p turatug'i'n wo'zgesheligi joq. Wolar ha'mmege ma'lim bolg'an **gewish-ma'si** menen **yetik**.

Yetiktin' de qanday teriden tigiliwine baylani'sli' tilimizde woni'n' ha'r qi'yli' atamalari' kelip shi'qqan. Mi'sali': baykemi yetik, sherim yetik, qoni'shli' yetik, ha'm basqa da tu'rleri gezlesedi.

Biraq ayaq-kiyimlerdin' wo'zine ta'n ustalari' bolg'an. Bay qi'zlari'ni'n' yetiklerinin' qoni'shlari'nda ayi'ri'm milliy nag'i'slar da ushi'raydi'. Bul ayaq kiyimler yelege shekem tuti'ni'wdan shette qalg'an joq.

Mi'sali', T.Qayi'pbergenovti'n' ,,Qaraqalpaq qi'zi' " shi'g'armasi'nda:

«Tozi'wi' jetken *yetik*tin' basi'n aylandi'ri'p, woyi'p kesip, *gewish* worni'na kiyip ali'pti'.»;

A'kesinin' go'ne yetiginin' ultani' g'oy dep Jumagu'l woylansa da, «bul da jaqsi', men bunday qoni'shsi'z *yetikti gewish* qi'li'p ali'w tu'we, jalan'ayaq

[1] Qaraqalpaq tilinde kiyim-kenshek atamalari'ni'n' u'yreniliw ma'selesine, Ha'zirgi filologiya iliminin' a'hmiyetli ma'seleleri, No'kis, 2011, 100-bet

tikenek basi’p ju’rmeng’oy,» dedi wo’zinshe.; Du’ysenbay woni’n’ sari’ *sherim yetiginen* baslapbasi’na shekem bir ko’z juwi’rti’p ,,ju’da’ jaqsi’, ju’da’ jaqsi’ “ dep basi’n qayta-qayta iyzedi. [1]

Ayaq kiyim ishinde baykemi yetik si’pati’ jag’i’nan yen’ jaqsi’si’ yesaplang’an. Bul haqqi’nda qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliginde bi’lay delingen:

**Baykemi yetik**-tumsi’g’i’, ushi’ shoshaqlang’an, jez wo’ksheli, qi’zi’l tu’kli sherimnen tigilgen yetik, ayaq kiyim.[2] Mi’sali’: Yen’ g’ayratli’ jigitlerdin’ alti’ ay jazi’ menengi ju’rgeni yeki batpan buwday, u’sh batpan ju’weri, to’rt batpan tari’, bir ko’ylek, bir baykemi yetik, bir go’ne shapannan artpaydi’. (N.Da’wqaraev)

[1] Қайыпбергенов Т., Қарақалпақ қызы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1960, 19-36-бет
[2] Қарақалпақ тилиниң тусиндирме сөзлиги I том, Нөкис, Қарақалпақстан, 1982, 169-бет

## Juwmaq

Ha’r bir millet wo’zinin’ milliyligine, tiline, u’rp-a’det, da’stu’rine iye boli’p wo’zgeshelenip turadi’. Til ja’miyetlik qubi’li’s bolg’anli’qtan wondag’i’ ha’r bir ha’diyse, wo’zgerisler tilimizge, woni’n’ leksikasi’na wo’z ta’sirin tiygizip woti’radi’. Wo’tken a’sirdegi ata-babalari’mi’zdan bizge miyras boli’p kiyati’rg’an milliy u’rp-a’det, da’stu’rlerimizdin’ qayta yengiziliwi, wolardi’n’ yerte zamanlardan kiyati’rg’an qaraqalpaq xalqi’ni’n’ umi’ti’li’p barati’rg’an milliyligin qayta u’yreniwdi talap yetip woti’r. Wol belgili da’rejede tildin’ leksikali’q qatlami’na wo’z ta’sirin tiygizip woti’radi’. Solay yeken, leksikami’zdi’n’ belgili bir bo’legin quraytug’i’n etnografiyali’q leksikani’ lingvistikali’q ko’z-qarastan u’yreniw til bilimindegi a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri.

Pezidentimiz I.A.Karimov ana tilin ja’ne de rawajlandi’ri’w haqqi’nda so’z yetip: «Biz babalardan a’wladlarg’a wo’tip kiyati’rg’an biybaha bayli’qti’n’ miyrasxorlari’ si’pati’nda ana tilimizdi qa’sterlep saqlawi’mi’z, woni’ bayi’ti’w, abi’rayi’n ja’ne de artti’ri’w u’stinde mudami’ islewimiz za’ru’r. A’sirese, fundamental ilimler, zamanago’y kommunikaciya ha’m ma’limleme texnologiyalari’ bank qarji’ sistemasi’ si’yaqli’ wog’ada a’hmiyetli tarawlarda ana tilimizdin’ qollani’w shen’berin ken’eytiw, etimologiyali’q ha’m so’zliklerdi basi’p shi’g’ari’w, za’ru’r atama ha’m so’zler, tu’sinik ha’m kategoriyalardi’ islep shi’g’i’w, bir so’z benen aytqanda, wo’zbek tilin ilimiy tiykarda ha’r ta’repleme rawajlandi’ri’w, milliy wo’zlikti, Watan sezimin an’law si’yaqli’ iygilikli maqsetlerge xi’zmet yetiwi so’zsiz»[1]-degen yedi.

Etnolingvistikalı’q izertlewlerde xalı’qtı’n’ tariyxı’y bası’p wo’tken jolları’nı’n’ izleri, yag’nıy awı’zeki a’debiyatı’, du’nya tanı’wı’, u’rp-a’detleri, wonı’n’ basqa xalı’qlar menen qarı’m-qatnası’ ha’m t.b. sa’wlelenedi. Bir so’z benen aytqanda, etnolingvistika – ulı’wma ruwxı’y ma’deniyattı’n’ tiykarı’. Sonlı’qtan da wonı’ izertlew

---

[1] Каримов И.А., Юксак маънавият – енгилмас куч, Тошкент, 2008, 87-бет

tek til bilimi ushı’n yemes, al ulı’wma ja’miyetlik ilimler ushı’n u’lken teoriyalı’q ha’m a’meliy a’hmiyetke iye .

Biz o’z qa’nigelik jumi’si’mi’zda qaraqalpaq tilindegi etnografizimlerdi u’sh bo’limge aji’rati’p u’yrendik.

Da’stu’rlerge baylani’sli’ etnografizmler dep atalg’an bo’limde xalqi’mi’zdi’n’ wo’mir turmi’si’nda **da’stu’rlerge baylanı’slı’ kelip shı’qqan**: aqlay quda boli’w, neke qi’yi’w , neke suwi’, tu’s jori’w, ko’z aydi’n, jol bolsi’n soraw, qan ali’w, qandar, su’yinshi, joqlaw, at qoyi’w, qi’yametlik ag’a, qi’yametlik ini yamasa joldas, qari’ndas tuti’ni’w, muri’ndi’q ata, yene, qi’z yamasa muri’ndi’q bala tuti’ni’w atamalari’;

**Toy atamaları’na baylani’sli’:** shashi’w toy, besik shabi’w, tusaw yamasa ayaq toy, su’nnet toy, yel qa’de, qi’z ji’yi’n, kelin toy, jas toy si’yaqli’ atamalari’;

**Toy tamashalarg’a baylani’sli’:** ayti’mal, bet ashar, toy baslaw, ko’rimlik, ha’wjar, bayraq beriw, i’laq yamasa ko’k bo’ri woyi’nlari’, ko’kmar, alti’n qabaq atti’ri’w atamalari’;

**Toylarda alı’natug’i’n qa’de-qa’wmetlerge baylani’sli’:** qali’n’ mal, su’t haqi’, yel abay, yel ag’asi’, qamaw toy, kempir wo’ler, kempir ko’mer, suw sin’gire, shabdi’rma, tu’tinlik, den sawli’q, aq jawli’q, dize bu’ger, qol uslatar, za’n’gi basar, to’sek salar, shash si’ypar, qami’r jag’ar, wa’kil qa’de, daqi’l qa’de, tani’sti’ri’w qa’de, shi’mi’ldi’q ashar qa’de, uyge kirer, ko’rpe jabar, sa’lem berer, qi’z a’keler, kewil tabar qa’de, ra’piyda’ ku’ydi, kepkir ku’ydi qa’de atamaları’;

**Miyman ku’tiwge baylani’sli’:** qa’deli jerge qoy beriw, bas qoyi’w, mu’she qoyi’w, pa’tiya jasaw, tabaq tarti’w, tabaq ali’w atamalar;

**Wo’lini jerlewge baylani’sli’ payda bolgan:** i’rzalasi’w, yestirtiw yamasa xabar beriw, tabi’t, wo’lik, mu’rde, meyit, kepin, kewil ayti’w yamasa jubati’w so’z, bawi’rlap ji’law, su’yekke kiriw, joqlaw, kiyim iliw, iyis teberik, azalap bari’w, aza berdi yamasa aza saldi’, wo’linin’ arti’n ku’tiw, namazi’ si’yaqli’ etnografizimler haqqi’nda so’z yettik.

Jumi’si’mi’zdi’n’ yekinshi bo’liminde biz, qaraqalpaq xalqi’na ta’n bolg’an miliy tag’am atamalari’na toqtap wo’ttik. Bul bo’limdi de to’mendegidey tematikali’q toparlarg’a bo’lip u’yrendik:

**Da’nnen tayarlanatug’i’n tag’am atamalari’:** go’je ha’m woni’n’ tu’rleri (ju’weri go’je, tari’ go’je, arpa goje, ma’sh go’je, lobiya go’je, gu’rish go’je, nawri’z go’je, jarma) palaw, sha’wle, bi’lami’q, qati’bi’lami’q, si’qpan, gu’rtik, kespas, unashi’, mayso’k, iyjan, taqan h.t.b.

**Go’shten tayarlanatug’i’n tag’am atamalari’:** tandi’r ka’bap, jer ka’bap, taba nan, bali’qtan qarma, quwi’rdaq, sorpa h.t.b.

**Su’tten tayarlanatug’i’n tag’am atamalari’na baylani’sli’:** su’tburi’sh, su’t go’je, asqati’q, qaymaq, shubat, sari’ may, irimshik, ayran, shalap, shubat, su’zbe etnografizmler haqqi’nda ken’nen so’z yettik. Biz bul atamalardi’n’ shi’g’i’s dereklerin yemes, al tilimizde qalay qollani’li’wi’na ko’birek di’qqat awdardi’q.

Al, son’g’i’ u’shinshi bo’limde biz qaraqalpaq milliy kiyim-kenshek atamalari’ ha’m wolardi’n’ tilimizde qanday toparlari’ ushi’rasatug’i’li’g’i’n atap ayti’p ko’rsettik. Bul bapti’ to’mendegidey yetip u’sh bo’limge bo’lip u’yrendik:

**Bas kiyim atamalari’:** qalpaq, kiyiz jele, toppi’, malaqay, qulaqshi’n, iytqulaq, u’shqulaq, sho’girme, soppas, taqi’ya, degeley, bo’rik, telpek, ju’wen;

Hayal-qi’zlardi’n’ bas kiyimine baylani’sli: sa’wkele, to’belik, kiymeshek, taqi’ya (zerli taqi’ya, po’pekli taqi’ya, g’azna maqpal taqi’ya, gu’mis taqi’ya h.t.b.), tu’rme, ma’deli, aydi’nli’;

**U’st kiyim atamalari’:** gu’pi, ko’k ko’ylek, jipek ko’ylek, shati’rash ko’ylek, lawdan ko’ylek, pashshayi’ ko’ylek, bo’z ko’ylek, ba’shpent, sholaq, atlas ton, qi’rmi’zi’ ton, shekpen, sen’-sen’ ton, jegde, jawli’q;

**Ayaq kiyim atamalari’:** gewish, yetik, baykemi yetik, sherim yetik h.t.b.

Yen’ jaqsı’ ma’deniyat penen da’stu’rler bir da’wirden yekinshi da’wirge wo’tip wotı’rg’an. Bizlerdin’ h’a’zirgi da’wirdegi salt-da’stu’rlerimizdin’ ko’bisi talay a’sirlerden kiyatı’rg’an du’nyalar.

Usı ko’z-qarastan alı’p qarag’anda, xalqı’mi’zdi’n’ salt-da’stu’rine qatnaslı’ leksikası’n izertlew tek til ilimi ushı’n yemes, basqa da ja’miyetlik ilimler ushı’n u’lken a’h’miyetke iye. ,

## Paydalani'lg'an a'debiyatlar


A'debiyatlar:

1Айымбетов Қ., Халық даналығы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1968

2.Алланиязова Ш.Қарақалпақ тилиниң қол өнер лексикасы,Нөкис.1997

3.Бекбаулов О. Қаҳарманлық эпостың араб-парсы лексикасы ҳәм оның тарийхый-лингвистикалық характеристикасы, Нөкис, 1979

4.Жаббаров Исо. Ўзбек халқи этнографияси Ташкент 1994

5.Жанпейсов Е, Этнокультурная лексика казахского языка, Алматы, 1989

6. Жданко Т.А. Этнография Каракалпаков. Ташкент, 1980

7.Қайдар Ә, Қазақ тілінің өзекти мәселелери, Алматы, 1998

8.Қарақалпақ тили бойынша изерттеўлер, Нөкис, 1971

9. Каримов И.А., Юксак маънавият – енгилмас куч, Тошкент, 2008

10. Қарақалпақстан, Тошкент, «Маънавият» 2011

11.Сыздықова Р. Сөздер сөйлейди, Алматы, 1980

**So'zlikler:**

1.Ахманова С.О. Словарь лингвистических терминов, Москва, 1966

2.Алламуратов А, Тилеўмуратов Г, Доспанов О,

3.Қарақалпақша көркем өнер атамаларының сөзлиги, Нөкис, Қарақалпақстан, 1992

4.Қарақалпақ тилиниң тусиндирме сөзлиги I,II,III,IV том, Нөкис, Қарақалпақстан, 1982,1984,1988,1992

5.Рустемов Л.З., Қазірғі қазақ тілінідеги араб-парсы кірме сөздери, Алматы, 1982

6.Төребеков М.Т. ҳәм басқалар

Тарийхый терминлердиң ҳәм атамалардың қарақалпақша тусиндирме сөзлиги, Нөкис, 1996

**Maqalalar:**

1Адилова Г. Қарақалпақ қазақлары тилиндеги ас тағамға байланыслы этнографизмлер. «Хабаршы» А.Н. 2000, №5

2Qaraqalpaq tilinde kiyim-kenshek atamalari’ni’n’ u’yreniliw ma’selesine, Ha’zirgi filologiya iliminin’ a’hmiyetli ma’seleleri, No’kis, 2011

**Ko’rkem a’debiyatlar:**

1Әжинияз, Бир пәрий, Нөкис, Қарақалпақстан, 1993

2Бес гүл, Қарақалпақ қызы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1992

3Нурлепесова Г., Ақ сағымлар, Нөкис, Қарақалпақстан, 2011

4Қайыпбергенов Т., Қарақалпақ қызы, Нөкис, Қарақалпақстан, 1960